

KESANTUNAN TINDAK TUTUR DIREKTIF
WONTEN ING FILM CALON BINI

TESIS

**Kaaturaken dhateng Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
minangka jejangkeping saperangan sarat anggayuh gelar *Magister***



Dening:

NAHRUL HAKIM

NIM. 17714251013

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020**


PANGESAHAN

**KESANTUNAN TINDAK TUTUR DIREKTIF WONTEN ING
FILM CALON BINI**

Nahrul Hakim

17714251013

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 7 Agustus 2020



SARINING PANALITEN

Panaliten menika ngandharaken *kesantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini. Ancasipun panaliten menika kangge ngandharaken ginanipun *tindak tutur, kesantunan tidak tutur direktif, ketidaksantunan tindak tutur direktif, saha pelanggaran maksim kesantunan Leech*.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif kualitatif*. Dhata wonten panaliten menika awujud tuturan *direktif* wonten ing film saha sumber dhata wonten ing panaliten menika sedaya wicantenan ingkang medalaken *kesantunan tidak tutur direktif*. Caranipun ngempalaken dhata wonten ing panaliten menika kanthi cara nyemak saha nyerat. Caranipun nganalisis dhata wonten panaliten menika kanthi *metode padan pragmatis saha kontekstual*. Caranipun ngesahaken dhata wonten panaliten menika ngginakaken *validitas semantis* saha pirembaran kaliyan ingkang sampun *ahli*. *Reliabilitas* ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika kanthi nyemak kanthi ajeg.

Asiling panaliten menika ngandharaken bilih *kesantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini menika kaperang dados sekawan inggih menika (1) ginanipun *tindak tutur direktif*, (2) *kesantunan tindak tutur direktif*, (3) *ketidaksantunan tindak tutur direktif*, sarta (4) *pelanggaran maksim kesantunan Leech*. Perangan ginanipun *tindak tutur direktif* menika saged dipunperang malih dados enem ginanipun inggih menika (1) panyuwunan, (2) pitakenan, (3) mrentah, (4) menging, (5) paring idin, saha (6) paring pitutur. Perangan *kesantunan tindak tutur direktif* wonten gangsal inggih menika (1) ngginakaken ukara boten langsung, (2) panglembana dhateng lawan rembag, (3) anggadhahi raos sae dhateng lawan rembag, (4) ngginakaken wujud ingkang ngetingalaken boten sarujuk kanthi ukara ingkang sae, saha (5) ngginakaken tembung pakurmatan dhateng lawan rembag. Perangan *ketidaksantunan tindak tutur direktif* wonten sanga, inggih menika (1) ngginakaken ukara langsung dhateng lawan rembag, (2) panglembana dhateng dhiri panutur, (3) ngandharaken kritik kanthi langsung dhateng lawan rembag kanthi cara kasar, (4) boten saged bedakaken perkawis ingkang wigatos kaliyan guyon, (5) anggenipun ngandharaken kanthi raos nesu, (6) *protektif* kaliyan pamanggihipun, (7) nyindhir utawi nudhuh dhateng lawan rembag, (8) ngandharaken tuturan boten sae dhateng lawan rembag, saha (9) ngandharaken raos boten sarujuk kaliyan lawan rembag. Pelanggaran maksim kesantunan Leech dipunperang dados enem *pelanggaran* inggih menika (1) *maksim kawicaksanana*, (2) *maksim kedermawanan*, (3) *maksim panglembana*, (4) *maksim andhap asor*, (5) *maksim pasarujukan*, saha (6) *maksim simpati*.

Titikaning Tembung: *Ginanipun Tindak Tutur Direktif, Kesantunan, Ketidaksantunan, Pelanggaran Maksim*. Tingkat Tutur Basa Jawa.

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ngandhap menika, kula:

Nama : Nahrul Hakim

NIM : 17714251013

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa PPs UNY

ngandharaken bilih *karya ilmiah* kanthi irah-irahan “*Kesantunan Tindak Tutur Direktif* wonten ing film *Calon Bini*” menika, ingkang damel kula piyambak. Ingkang kula mangertos, *karya ilmiah* menika boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha *etika* nyerat *karya ilmiah* ingkang umum saha dipunserat wonten kapusatakan.

Wedharan menika dipunserat kanthi saestu. Menawi samangke wonten kasunyatanipun wedharan menika boten leres, sedayanipun dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 19 Juni 2020

Panyerat,



Nahrul Hakim

SESANTI

“Awaku bisa yen wani nglakoni”

“Aja gelem kalah”

“Aja isin ngalah”

“Isin a yen sliramu salah”

(Panyerat)

Datan serik lamun ketaman, datan susah lamun kelangan

(Pitutur Jawa)

PISUNGSUNG

Kanthi raos sukur dhumateng Allah S.W.T, *karya ilmiah* menika kula
pisungsungaken dhateng Bapak Subarko, Ibu Marsiti Iriani Tutiati, Kangmas
Basuki, Mbakyu Hanifah saha Mbakyu Intan ingkang sampun paring
panyengkuyung saha donga pangestu.

PRAWACANA

Puji sukur, alhamdulillahirabbil'alamin dipunaturaken raos sukur dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring kasarasan, rahmat saha *hidayah*-ipun dhateng panyerat satemah panaliten kanthi irah-irahan “***Kesantuan Tindak Tutur Direktif wonten ing Film Calon Bini***” saged kaimpun kangge njangkepi satunggaling sarat minangka kangge pikantuk *gelar sarjana pendidikan*. Salawat sarta salam mugi tansah konjuk dhumateng Nabi Muhammad SAW saha sedaya piyantun ingkang tumut ajaranipun dumugi *akhir zaman*.

Purnanipun panyerating *tesis* menika boten uwal saking panyengkuyungipun para kadang. Awit saking menika, dipunaturaken agunging panuwun dhumateng sedaya *pihak* ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun wiwit saking purwaka dumugi pungkasaning *tesis* menika. Kanthi raos ingkang tulus, dipunaturaken agunging panuwun dhumateng Dr. Mulyana, M.Hum. ingkang sampun paring panyurung, pamrayogi, panyaruwe, saha *bimbingan* kanthi sabar saha tlatos sadangunipun kula nyerat *tesis* saking purwaka dumugi paripurnaning *tesis* menika. Kajawi menika, panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng:


1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa M.Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring palilah kangge panyerat sinau wonten ing Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Bapak Prof. Dr. Suyanta, M. Si. minangka Direktur Pascasarjana saha staff ingkang sampun paring pambiyantu babagan teknis dumugi paripurnaning pasinaon.
3. Bapak Dr. Mulyana, M.Hum minangka kaprodi S2 Pendidikan Bahasa Jawa ingkang tansah paring panyengkuyung, pamrayogi kanthi sabar premati, saha sampun paring sedaya wewarah.
4. Bapak Ibu Dosen Pascasarjana Prodi Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi sadangunipun panyerat sinau ing Prodi Pendidikan Bahasa Jawa Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta.

5. Dosen Penguji Tugas Akhir Tesis ingkang sampun paring pambiji saha pamrayoginipun.
6. Tiyang sepuh kula, Bapak Subarko saha Ibu Marsiti Iriani Tutiaty, mbakyu kula, Hanifah, Intan Subarty, saha kakang kula, Mawali Basuky, sarta desaya kulawarga awit saking panjurung saha pandonganipun.
7. Kanca-kanca mahasiswa Pascasarjana Prodi Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2017, ingkang tansah paring panjurung, pambiyantu saha pandonganipun.
8. Sedaya tiyang ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal, awit sampun paring pambiyantu, panjurung saha pandonganipun dhateng panyerat saengga tesis menika saged paripurna kanthi sae.

Panyerat rumaos bilih tesis menika taksih tebih saking kasampurnan, pramila sedaya panyaruwe saha pamrayogi ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep saha sampurnaning tesis menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Panyerat gadhah kekajengan mugi-mugi tesis menika saged migunani tumrap pamaos. Mekaten kalawau atur sapala saking panyerat, mugi-mugi tesis menika saged murakabi.

Yogyakarta, 28 Agustus 2020

Panyerat,

A rectangular box containing a handwritten signature in black ink. The signature is stylized and appears to be 'NH' followed by a horizontal line extending to the right.

Nahrul Hakim

PRATELAN ISI

kaca

IRAH-IRAHAN	i
PANGESAHAN.....	ii
SARINING PANALITEN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
PRATELAN ISI	ix
PRATELAN TABEL	xii
PRATELAN BAGAN	xiii
PRATELAN LAMPIRAN	xiv
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prekawis	6
C. Watesaning Prekawis	7
D. Wosing Prekawis.....	7
E. Ancasing Panaliten	7
F. Paedahing Panaliten	8
H. Pangertosan	8
BAB II GEGARAN TEORI	10
A. Pragmatik	10
1. Konteks Tuturan	14
2. Perangan kahananipun tuturan	18
B. <i>Tindak Tutur</i>	19
1. Jinisipun <i>Tindak Tutur</i>	21
2. Ginanipun <i>Tindak Tutur Ilokusi</i>	24
3. <i>Tindak Tutur Direktif</i>	28

C. <i>Kesantunan Berbahasa</i>	35
D. <i>Prinsip Kesantunan Leech</i>	46
E. <i>Skala Kesantunan Leech</i>	50
F. Panaliten Inggang Jumbuh	52
H. Nalaring Panaliten	53
BAB III CARA PANALITEN	56
A. Jinising Panaliten	56
C. Sumber Dhata Panaliten	57
D. Caranipun Ngempalaken Dhata	58
E. Piranti Panaliten	61
F. Caranipun Nganalisis Dhata	66
G. <i>Validitas saha Reliabilitas</i>	70
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	74
A. Asiling Panaliten	74
B. Pirembagan	74
1. <i>Ginanipun Tindak Tutur Direktif</i>	75
a) <i>Tindak Tutur Direktif Awujud Panyuwunan</i>	75
b) <i>Tindak Tutur Direktif Awujud Pitakenan</i>	79
c) <i>Tindak Tutur Direktif Awujud Mrentah</i>	84
d) <i>Tindak Tutur Direktif Awujud Menging</i>	90
e) <i>Tindak Tutur Direktif Awujud Paring Idin</i>	95
f) <i>Tindak Tutur Direktif Awujud Paring Pitutur</i>	99
2. <i>Kesantunan Tindak Tutur Direktif</i>	103
a) <i>Ngginakaken Tuturan Boten Langsung</i>	104
b) <i>Panglembana dhateng Lawan Rembag</i>	109
c) <i>Anggadhahi Raos Sae dhateng Lawan Rembag</i>	113
d). <i>Ngginakaken Tuturan inggang Ngetingalaken Boten</i> <i>Sarujuk kanthi Ukara inggang Sae</i>	118
e) <i>Ngginakaken Tembung Pakurmatan Dhateng Lawan Rembag</i>	124

3. <i>Ketidaksantunan Tindak Tutur Direktif</i>	127
a) Ngginakaken Tuturan Langsung	127
b) Panglembana dhateng Dhiri Panutur	130
c) Ngandharaken <i>Kritik</i> kanthi Langsung dhateng Lawan Rembag Kanthi Cara <i>Kasar</i>	134
d) Boten Saged Bedakaken Perkawis ingkang Wigatos kaliyan Guyon.....	137
e) Anggenipun Ngandharaken Kanthi Raos Nesu	139
f) <i>Protaktif</i> kaliyan Pamanggihipun	142
g) Nyindhir utawi Nudhuh Dhateng Lawan Rembag	146
h) Ngandharaken Tuturan Boten Sae Dhateng Lawan Rembag.....	149
i) Ngandharaken Raos Boten Sarujuk kaliyan Lawan Rembag	152
4. <i>Pelanggaran Maksim Kesantunan Leech</i>	156
a) <i>Maksim Kawicaksanaan</i>	156
b) <i>Maksim Kedermawanan</i>	160
c) <i>Maksim Panglembana</i>	164
d) <i>Maksim Andhap Asor</i>	168
e) <i>Maksim Pasarujukan</i>	171
f) <i>Maksim Simpati</i>	175
BAB V PANUTUP	180
A. Dudutan	180
B. Implikasi.....	182
C. Pamrayogi	182
KAPUSTAKAN	185
LAMPIRAN	190

PRATELAN TABEL

Kaca

Tabel 1 : Kertu Dhata Ginanipun <i>Tindak Tutur Direktif</i>	60
Tabel 2 : Kertu Dhata <i>Kesantunan Tindak Tutur Direktif</i>	60
Tabel 3 : Kertu Dhata <i>Ketidaksantunan Tindak Tutur Direktif</i>	60
Tabel 4 : Kertu Dhata <i>Pelanggaran Maksim Kesantunan</i>	60
Tabel 5 : Titikan Objek Kajian Panaliten	62
Tabel 6 : Titikan <i>Pematuhan saha Pelanggaran Maksim Kesantunan</i>	65
Tabel 7 : Asiling Data Tuturan Direktif	71

PRATELAN BAGAN

Kaca

Bagan 1 : Nalaring Pikir55

PRATELAN LAMPIRAN

	Kaca
Lampiran 1 : Tabel Analisis Dhata	190
Lampiran 3 : Seratan Wicantenan Film Calon Bini.....	234

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Linguistik utawi ngelmu basa menika ngelmu ingkang wigati wonten gesang padintenan. Basa menika dipunginakaken kangge sarana komunikasi dhateng tiyang sanes amargi sedaya tumindak menika boten saged ical saking panganggenipun basa (Ananda, 2015:2). Kanthi basa menika tiyang gesang saged mengertos maksud saking panutur. Proses komunikasi antawisipun panutur kaliyan lawan rembag saged dipuntampi menawi maksud saha ancasipun tuturan saged kaandharaken kanthi sae. Menawi tuturan menika boten saged dipunandharaken kanthi sae, *pesan*/maksud saking tuturan boten saged dipumangertosi. Anggenipun wicantenan kaliyan tiyang sanes kedah gatosaken tuturanipun, amargi menawi wonten tembung/ukara ingkang boten leres saged damel cidra utawi sereng dhateng lawan rembag. Pramila, anggenipun wicantenan menika kedah gatosaken etika *kesantunan berbahasa*.

Gayut kaliyan *kesantunan*, wonten masarakat Jawi menika *kesantunan* saged dados titikan “Wong Jawa”. Tiyang Jawi njunjung inggil *kesantunan* utawi unggah-ungguh basa Jawi. Unggah-ungguh basa Jawi menika medalaken kados pundi panganggenipun basa nalika wicantenan. Unggah-ungguh saged medalaken drajat saking panutur dhateng lawan rembagipun. Unggah-ungguh basa ugi medalaken kados pundi *kesantunan* nalika wicantenan.

Unggah-unggah basa wonten masarakat Jawi saged kaperang dadaos unggah unggah basa lan solah bawa. Unggah-unggah basa menika gayut kaliyan panganggenipun basa wonten ing padintenan lan caranipun nalika matur kaliyan tiyang sanes. Menawi unggah-unggah solah bawa menika *gestur*/obah osiking badan. Wonten panaliten menika *kesantunan* saged dipuntingali saking basa ingkang dipunginakaken saha dipungayutaken kaliyan unggah-unggah basa sarta *kesantunan berbahasa*.

Wonten ing wekdal sakmenika, unggah-unggah kirang dipungatosaken dening saben tiyang. Kahanan menika ugi damel prihatos, amargi boten wonten raos *sopan santun* dhateng tiyang sanes, kamangka unggah-unggah menika kalebet adab lan adat wonten ing masarakat. Unggah-unggah saged paring pamangggih sae dhateng panuturipun, saengga swasana nalika wicantenan menika saged kalampahan kanthi sae. Kanthi *santun berbahasa* menika nggambaraken kados pundi tumindaking tiyang menika (Elvira, dkk: 2017).

Mekaring teknologi informasi saha komunikasi sakmenika saged nuwuhaken pinten-pinten karya kangge nggampilaken ngandharaken informasi. Gayut kaliyan *kesantunan*, wonten ing wekdal sakmenika sampun kathah medhia-medhia ingkang ngandharaken wicantenan ingkang wujudipun *audio visual* kados ta video, film, ingkang saged dipunakses wonten internet. Asiling karya menika lajeng dipunkintun wonten ing internet supados dados sarana panglipur utawi kangge paring ngelmu bab menapa kemawon. Salah satunggaling sarana kangge ngandharaken pamanggih lumantar medhia *audio visual* inggih menika film.

Film menika gegambaraning gesang padintenan kanthi nyukani adhegan-adhegan saha topik wicantenan tartamtu. Wonten film menika ngandut pitutur-pitutur ing gesang padintenan, saengga film menika saged dados medhia ngandharaken pesan utawi pitutur ingkang sae (Fetri, 2014). Gayut kaliyan panaliten menika ingkang mendhet objek kajian Pragmatik, salah satunggaling film ingkang saged dipunkaji mawi pragmatik inggih menika film Calon Bini. Film Calon Bini menika film medal ing tanggal 21 Februari 2019 ingkang nyariosaken Ningsih minangka lakon utama ingkang gadhah kekajengan supados dados tiyang sukses sadarengipun palakrama. Ananging saderengeipun kadadosan, piyambakipun dipunjodhohaken dening Pak Lik supados palakrama kaliyan putranipun Pak Kades inggih menika Mas Sapto. Film menika kelebet film ingkang nengenaken pananggening basa Jawi.

Film Calon Bini anggitanipun Asep Kusnidar menika film kalebet jinis film drama komedi, panjang film menika 1 jam 36 menit. Film menika dipundadosaken objek kangge dipunkaji amargi boten namung cariyos ingkang narik kawigatosan, ananging ugi ngginakaken tingkat tutur basa Jawi inggih menika ngoko saha krama ingkang dipundandharaken dening paraga ingkang asring dipunpanggihaken boten ngginakaken basa Jawi kados ta, Michelle Ziudith, Cut Mini, Slamet Raharjo, Ramzi lan sapanunggalanipun.

Film menika narik kawigatosaning panaliti ugi saged dipuntingali saking rating filmipun. Film menika pikantuk *rating* 7,1 saking 10 lintang ingkang tegesipun film menika pikantuk pamanggih sae saking pamiarsa. Wonten ugi pamanggih saking pamiarsa film menika kados ta “*naturally funny, good job with all Javanese things*”

(<https://www.imdb.com/title/tt9581978/>), ingkang tegesipun film menika menika sae lan saged damel geguyuing pamiarsa. Film menika ugi kalebet film ingkang ngginakaken basa Jawi minangka ngandharaken tuturan antawisipun saben paraga. Gayut kaliyan panaliten menika beda antawisipun film anggitanipun nem-neman sanesipun, bilih film menika kalebet film kanthi basa Jawi sepisanan ing taun 2019 ingkang ngginakaken basa Jawi. Film menika saged dados tuladha panganggening basa krama lan ngoko. Film menika ugi ngandhut pitutur gesang padintenan wonten ing sakiwa tengenipun kulawarga. Film menika ugi medalaken *kesantunan berbahasa* wonten ing saklebeting wicantenan antawisipun saben paraga.

Panaliten menika mendhet kajian pragmatik mliginipun *kesantunan tindak tutur direktif*, wonten film Calon Bini. Dhasaring nemtokaken objek kajian menika saha sumber dhata menika amargi wonten ing film menika kathah medalaken tuturan *direktif*. Wonten ing film menika, *tindak direktif* langkung kathah tinimbang tindak tutur sanesipun. Tegesipun kathah menika wonten saklebeting film menika *tindak direktif* asring dipunginakaken dening paraga nalika wicantenan.

Panaliten menika ngginakaken *tindak tutur direktif* minangka *objek* kajian kangge nganalisis tindak tutur amargi pragmatik menika ngelmu basa ingkang nyinauni maksud tuturan saha wangsulan saking tuturan. Wonten film Calon Bini menika medalaken wicantenan ingkang ngandhut peranan tindak-tutur *direktif* antawisipun tokoh. Saenggo, prelu dipunkaji supados pamireng mangertos wos/maksud saking tuturan wonten ing saklebeting film menika. Tuturan *direktif* menika salah satunggaling tuturan ingkang betahaken wangsulan saking lawan rembag. Wonten wicantenan saklebetipun film menika ugi medalaken tuturan

direktif kados ta, mrentah, nyuwun pirsas, lan sapanunggalanipun. Adhedhasar menika panaliti badhe ngrembag kesantunan *tindak tutur direktif* wonten ing film menika.

Wonten panaliten menika badhe ngrembag *tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini. *Tindak tutur direktif* menika tindak tutur ingkang gadhah ancas mangaribawani lawan rembag. Wonten ing film menika antawisipun tokoh satunggal kaliyan sanesipun menika anggadhahi makna ingkang sipatipun *tersirat*, saenggo kedah dipunmangertosi rumiya supados mangertos menapa ingkang dipunkajengaken saking tuturan menika. Tuladha *tindak direktif* wonten ing film menika badhe dipunrembag wonten ing ngandha menika.

- (1) Konteks : Sasampunipun nganter Ningsih bidhal Jakarta, Bapa lan Ibu
Ningsih kepanggih Pak Lik nalika nitih dokar.
Pak Lik : Mas...mas...mas!!!
Bapa : Mandeg....mandeg...mandeg....!!!
Kusir : Piye ta...(mandeg)

Wicantenan ing inggil menika ngandharaken bilih tuturan menika mangaribawani kusir supados mandeg. Sajatosipun tuturan menika namung ngandharaken, ananging medalaken teges mrentah kusir supados boten nglajengaken lelampahipun. Kusir ingkang mireng tuturan kanthi swanten inggil saha tegesipun tembung menika dados dhasar pak kusir boten nglajengaken lelampahanipun. Tuturan menika namung saperangan tuturan *direktif* wonten ing film menika. Taksih kathah tuturan sanesipun ingkang gayut kaliyan tuturan *direktif*.

Pragmatik minangka ngelmu basa nganalisis tuturan kanthi konteks tartamtu. Konteks menika dados dasaring wicantenan antawisipun panutur kaliyan lawan

rembagipun. Wonten konteks menika saged dipunmangertosi dhasaring wicantenan ingkang ngrembag satunggaling bab. Konteks ingkang dados dasar wicantenan menika kaperang dados mapinten-pinten jinis, inggih menika panutur, lawan rembag, tema, pitutur, papan, makna tuturan, saha ancasiipun tuturan. Lajeng, *kesantunan* menika gayut kaliyan cara anggenipun ngendika dhateng tiyang sanes. *Kesantunan* ugi wigatos supados tiyang menika nengenaken basa ingkang sae lan boten mranani penggalih lawan rembag. *Kesantunan berbahasa* mliginipun basa Jawi menika saged dados titikan *kesantunan berbahasa*.

Pramila, wonten panaliten menika badhe dipunrembag babagan *kesantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini. Ing panaliten menika samangke wicantenan wonten film menika dipunrembag kanthi *tindak tutur direktif* saha *kesantunan berbahasa*.

B. Underaning Perkawis

Miturut dhasaring panaliten ing inggil menika, wonten pinten-pinten perkawis ingkang saged dipunidentifikasi. Underaning perkawis wonten panaliten menika antawisipun:

1. jinisipun *tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini;
2. wujud *tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini;
3. ginanipun *tindak direktif* wonten ing film Calon Bini;
4. *kesantunan* saha *ketidaksantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini;
5. perkawis ingkang mangaribawani tuturan wonten ing Calon Bini;

6. *pelanggaran maksim kesantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini.

C. Watesaning Perkawis

Wonten ing panaliten menika wonten watesaning perkawis ingkang kedah dipungatosaken supados pannaliten menika saged langkung *fokus* wonten ing pirembagan. Watesaning perkawis wonten panaliten menika antawisipun:

1. ginanipun *tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini;
2. *kesantunan saha ketidaksantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini;
3. *pelanggaran maksim kesantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini.

D. Wosing Perkawis

Wonten pinten-pinten wosing perkawis ingkang salajengipun dados *fokus* panaliten. Wosing perkawis wonten panaliten menika antawisipun:

1. menapa kemawon ginanipun *tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini?
2. kados pundi *kesantunan saha ketidaksantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini?
3. *kados pundi pelanggaran maksim kesantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas ingkang gegayutanipun kaliyan wosing perkawis ingkang dipunandharaken wonten ing inggil menika. Ancasing panaliten wonten panaliten menika antawisipun:

1. ngandharaken *ginanipun tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini;
2. ngandharaken *kesantunan saha ketidaksantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini;
3. ngandharaken *pelanggaran maksim kesantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika saged nambah pangertosan bab *kajian pragmatik* saha *kesantunan berbahasa* wonten ing medhia sanesipun, mliginipun medhia *audio visual*. Panaliten menika ugi saged kangge sarana kangge sinau ingkang gayut kaliyan objek kajian basa. Panaliten menika saged nedhahaken kados pundi tuturan menika *santun* lan boten *santun*. Saengga pamaos menika mangertos titikan utawi paugeran anggenipun ngawontenaken wicantenan.

G. Pangertosan

1. Pragmatik

Kridalaksana (1984: 159), ngandharaken bilih pragmatik inggih menika perangan ngelmu basa ingkang ngrembag sarat-sarat basa, saengga dadosaken wicantenan menika saged kalampahan kanthi sae, saha perangan sanesipun ingkang mangaribawani tegesipun tuturan.

2. Analisis Tindak tutur

Analisis tindak tutur inggih menika nganalisis ingkang dipunlampahi kanthi ngrembag *objek kajian tindak tutur* ingkang wujudipun tuturan ingkang medalaken tuturan *direktif*.

3. *Tindak Tutur Direktif*

Miturut Searle (lumantar Rahardi, 2009: 17), wujud tuturan *direktif* (*directive*) utawi *impositif* (*impositive*) inggih menika wujud tuturan ingkang saged mangaribawani dhateng lawan rembagipun. Wujud tuturan *direktif* inggih menika arupi, mesen, mrentah, nuntut, paring wewarah, nantang, paring pamrayogi, paring idin, menging lan sapanungulanipun.

4. *Kesantunan Berbahasa*

Kesantunan berbahasa menika gayut kaliyan *etika berbahasa*. Tegesipun, *kesantunan* menika nyinauni cara anggenipun wicantenan supados boten mranani penggalih lawan rembag saha damel raos remen dhateng lawan rembagipun. *Kesantunan berbahasa* menika dipunginakaken kangge manggihaken *kesantunan tindak direktif* wonten ing panaliten menika.

5. Film Calon Bini

Film Calon Bini menika sumber data wonten panaliten menika. Film menika medal tanggal 21 Februari 2019 ingkang nyariosaken kahanan kulawarga nalika lakon utama inggih menika Ningsih badhe dipunjodhohaken dening Pak Lik-ipun kaliyan putranipun Pak Kades inggih menika Mas Sapto. Wonten film menika medalaken tindak direktif antawisipun lakon satunggal kaliyan lakon sanesipun.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Pragmatik

Pragmatik menika perangan ngelmu basa ingkang ngrembag maksud saking tuturan nalika wicantenan. Pragmatik minangka objek kajian basa saged ngandharaken basa kanthi cara verbal utawi nonverbal. Panaliten pragmatik langkung nyinauni kados pundi maksud saking panutur ingkang kedah dipunmangertosi dening lawan rembagipun nalika wicantenan. Nirmala (2015: 139) ngandharaken bilih wicantenan menika proses ngandharaken maksud saking panutur dhateng lawan rembag mawi medhia tartamtu kanthi langsung utawi boten langsung.

Tuturan medalaken ukara ingkang ngandhut ancasiipun tuturan. Saenggo kajian pragmatik menika betahaken wangsulan saking lawan rembagipun minangka tiyang ingkang nampi pesan/maksud saking panutur. Gayut kaliyan menika, Leksono saha Supeli (1998:197-212) ngandharaken bilih pragmatik menika bilih saben tembung menika sajatosipun kangge ngandharaken maksud tuturan ingkang dipuntampi dening tiyang sanes utawi lawan rembag. Kanthi mekaten menika saben tembung menika anggadhahi ancasi/maksud tartamtu. Maksud menika ingkang dados tiyang ingkang dipunajak wicantenan saged nindakaken utawi maringi wangsulan dhateng lawan rembag.

Tindak tutur minangka kajian pragmatik boten namung kangge mangertosi maksud saking panutur nanging ugi maringi seserapan kangge lawan rembagipun.

Menika saged sami kaliyan pamanggihipun Morris (lumantar Nababan, 1987: 1), pragmatik menika seserepan ingkang gayut kaliyan perangan basa kaliyan ingkang ngginakaken basa menika.

Pragmatik minangka ngelmu ingkang ngrembag basa temtunipun gayut kaliyan perangan basa kados ta, ukara, tembung lan sanesipun. Perangan basa menika dados piranti kangge ngandharaken pamanggih dhateng pamireng. Perangan tembung ukara menika kalebet *satuan* basa ingkang dados titikan kangge pamireng magertosi ancasipun tuturan. Pamanggih menika gayut kaliyan pamanggih saking Prayitno (2014: 43) bilih pragmatik menika perangan ngelmu basa ingkang nyinauni perangan basa ingkang gadhah maksud kangge sarana wicantenan supados maksud (makna eksternal) menika saged kaandharaken. Taguchi (2018) ngandharaken ginanipun pragmatik kangge linguistik inggih menika:

“pragmatics is generally defined as the individual's ability to implement linguistic functions during social interactions”

Tegesipun, pragmatik menika ngandharaken kados pundi panutur menika saged ngetrepaken ginanipun linguistik menika wonten ing interaksi sosial. Ginanipun linguistik menika antawisipun kangge ngandharaken wosipun tuturan dhateng lawan rembag. Saengga pragmatik menika kangge piranti supados wosing tuturan menika saged dipuntampi dening lawan rembag. Wondene pragmatik menika kalebet perangan ngelmu basa, kajian pragmatik langkung nyinauni makna *eksternal* saking basa boten saking *internal* basa menika. Tegesipun, pragmatik ingkang dadosaken panutur minangka *speakers meaning*.

Wonten ngelmu pragmatik, maksud saking tuturan menika kedah dipunmangertosi rumiyin saderengipun maringi *response* saking lawan rembag. Anggenipun ngandharaken tuturan kedah dipunmangertosi rumiyin kados pundi caranipun ngandharaken supados pamirang menika mangertosi tuturan menika. Gayut kaliyan perkawis menika pragmatik ingkang ngaji ngelmu basa kedah ngginakaken sarat-sarat basa supados *komunikasi* saged dipuntindakaken kanthi sae.

Kridalaksana (1984: 159), ngandharaken bilih pragmatik inggih menika perangan ngelmu basa ingkang ngrembag sarat-sarat basa, saengga dadosaken wicantenan menika saged kalampahan kanthi sae, saha perangan sanesipun ingkang mangaribawani makna tuturan. Miturut Nababan (1987: 2), pragmatik inggih menika paugeran anggenipun ngginakaken basa. Tegesipun inggih menika, pamilihing basa, wujud basa, sarta *makna* ingkang gayut kaliyan maksud wonten ing wicantenan. Dene George Yule (1996: 3) ngandharaken bilih pragmatik inggih menika makna ingkang dipunandharaken dening panutur sarta dipuntegesi dening pamireng.

Andharanipun George Yule sami kaliyan Henry Guntur Tarigan babagan pragmatik. Henry Guntur Tarigan (1987: 36) ngandharaken bilih pragmatik menika ngelmu basa ingkang ngembang babagan makna wonten ing wicantenan. Lajeng, Cutting (2002: 1) ngandhraken babagan makna wonten pragmatik kaliyan semantik inggih menika:

“pragmatics is diferernd from semantics. Although both of them study meaning, semantics studies what the words mean by themselves out of context”.

Pragmatik beda kaliyan semantik. Sanajan semantik menika sami-sami nyinauni tegesipun tuturan utawi makna, nanging semantik menika nyinauni tegesipun tembung ingkang boten kaiket kaliyan konteks. Dene, Nouzard, (2015: 61) ugi ngandharaken bedanipun semantik kaliyan pragmatik inggih menika:

“semantics mainly focuses on the superficial meaning of an utterance whereas pragmatics is preliminary concerned the meaning in the context”

Tegesipun, semantik utaminipun menika nyinauni makna alit (tembung, frasa, ukara) wonten ing tuturan menawi pragmatik menika langkung nyinauni makna wonten ing konteks tuturan. Pambedaning kekalih ngelmu basa menika supados saged nemtokaken pundi ingkang kalebet kajian semantik menapa dene kajian pragmatik. Menika wigatos supados panaliti menika boten lepat nalika mendhet objek kajian analisis basa.

Parker (lumantar Nadar, 2013: 4), ngandharaken bilih pragmatik inggih menika kados pundi basa menika dipunginakaken nalika wicantnan menika boten ngrembag wujudipun basa kanthi cara *internal* ananging *eksternal*. Verhaar (2000: 14), ngandharaken bilih pragmatik inggih menika perangan ngelmu basa ingkang ngrembag babagan wujud basa minangka sarana kangge wicantenan antawisipun panutur kaliyan lawan rembag minangka tandha-tandha basa. Leech (1993: 8), pragmatik inggih menika ngelmu babagan makna ingkang gayut kaliyan kawontenan nalika pirembagan. Kawontenan nalika pirembagan menika antawisipun panutur saha lawan rembag, konteks tuturan, ancasipun tuturan, tuturan menika awujud tumindak, saha tuturan menika asiling tumindak *verbal*.

Saking pamanggihipun para ahli, saged dipunpendhet dudutan bilih pragmatik inggih menika ngelmu basa ingkang ngrembag maksud tuturan ingkang gayut

kaliyan konteks wonten ing wacana ingkang dipunwiwiti saking panutur saha dipuntegesi utawi dipuntampi asiling tuturan kaliyan lawan rembagipun. Saengga asiling tuturan menika awujud wangsulun utawi tumindak saking panutur dhateng lawan rembag.

Pragmatik menika perangan basa ingkang ngrembag makna wonten konteks tuturan. Gayut kaliyan panaliten menika, pragmatik dipunginakaken kangge manggihaken makna wonten ing wicantenan saklebeting film menika. Makna menika kangge mangertosi ancas saha maksud tuturan panutur dhateng lawan rembag. Wonten panaliten menika mapinten-pinten makna ingkang wujudipun tuturan, saengga pragmatik dipunginakaken kangge mangertosi ancas saha maksud tuturan wonten ing saklebeting film menika.

1. Konteks Tuturan

Kajian pragmatik menika boten saged ical saking konteks. Pragmatik ingkang neliti tuturan minangka sarana kangge ngandharaken pamanggih kedah mengertosi konteks tuturan. Konteks menika dados dhasaring wontenipun tuturan. Konteks menika gayut kaliyan kahanan nalika tuturan, kahanan ingkang beda saged mnagaribawani wontenipun tuturan ingkang beda-beda.

Mey (1993: 42) ngandharaken gegayutanipun pragmatik kaliyan konteks inggih menika "*pragmatics is the study of conditions of human language uses as these are determined by the context of society*". Tegesipun, pragmatik menika ngelmu basa ingkang nyinauni kahanan nalika wicantenan ingkang dipuntemtokaken kaliyan konteks minangka dhasaring ngawotenaken wicantenan. Pamanggih Ardiansyah (2014:23) sami kaliyan Rahardi (2005: 36), ngandharaken

bilih konteks menika dhasaring pangertosan tuturan supados wicantenan menika kadadosan.

Cobley (2001: 85) ngandharaken “*linguistics action is always embedded in a context*”. Tegesipun bilih ngelu lingusitik ingkang betahaken tumindak (pragmatik) menika gayut utawi nempel kaliyan konteks. Pamanggih babagan konteks dipunandharaken dening Levinson (1983:9) bilih pragmatik menika minangka kajian basa ingkang ngrembag antawisipun basa saha konteks ingkang sampun dipun-*kodifikasi* wonten struktur basa. Gayut kaliyan pamanggih Levinson, Mushtaq (2019) ngandharaken bilih pragmatik menika ngelmu ingkang gayut kaliyan konteks, inggih menika “*pragmatics is the science that links speech with contexts to shape meaning*”. Tegesipun inggih menika bilih pragmatik menika ngelmu ingkang ilmiah ingkang gayut kaliyan tuturan kanthi konteks kangge manggihaken makna tuturan.

Wonten *terminology* Dell Hymes (lumantar Rahardi, 2001: 29), peranan *konteks* menika wonten wolung inggih menika *setting and scene, participant, end, act sequences, key, instrumentalis, norms, saha genre*. Supados langkung gampil anggenipun mangertosi peranan-peranan menika Hymes dadosaken *aspek-aspek* menika dados *akronim* SPEAKING. Saben aksara menika anggadhahi pangertosan piyambak-piyambak. Pangertosan saking SPEAKING badhe dipunrembag wonten ing ngandhap menika.

S (setting and scene), menika kaperang dados *latar fisik* saha *latar psikis*.

Setting menika papan saha wekdal nalika *komunikasi*. *Scene* menika swasana

psikologis ingkang wonten ing *komunikasi*. Bedanipun papan, wekdal, saha swasana tuturan menika dadosaken wontenipun *variasi basa*.

P (*participant*), menika kaperang dados panutur (*sender*), lawan rembag (*addresser*), pamireng (*audience*) saha tiyang ingkang dpundadosaken *objek* pirembaran. Perangan-perangan ingkang gayut kaliyan perangan *participant* kados ta *status sosial*, *pendidikan*, yuswa lan sapanunggalanipun, menika ugi dados perangan ingkang wigati nalika panutur ngandharaken tuturanipun.

E (*end*), menika asiling tuturan ingkang dipunkajengaken nalika *komunikasi (ends as outcomes)* saha ancasipun ingkang dipunkajengaken saking tuturan menika (*ends in views goals*). Saben panutur menika ngersakaken panyaruwe utawi pamrayogi saking menapa ingkang sampun dipunandharaken panutur.

A (*act sequences*), menika awujud *pesan (message form)* saha wosing *pesan (message content)*. Wosipun *pesan* menika kaandharaken mawi wujud *pesan*. Wujudipun *pesan* menika arupi *lokusi, ilokusi saha perlokusi*. Wujudipun *pesan* ingkang dipunginakaken panutur menika dipuntemtokaken saking wosipun *pesan* ingkang dipunandharaken saha kangge nemtokaken asiling panyaruwe saking lawan rembagipun.

K (*key*), menika awujud *nada, sikep, swasana kangge ngandharaken tingkat formalitas* wicantenan Tuladhanipun: *santai, akrab*.

I (*instrumentalis*), saklebetipun *instrumentalis* menika wonten *channels (saluran ingkang dipunpilih)*, saha *form of speech (wujud tuturan)*. Tegesipun

instrumentalis menika sarana ingkang dipunginakaken wonten ing tuturan, upaminipun kanthi lesan, seratan, layang, radio lan sapanunggalanipun.

N (norms), inggih menika paugeran ingkang matesi nalika wicantenan. *Norms* dipunperang dados *norma interaksi (norm of interaction)* saha *norma interpretasi (norm of interpretation)*. Nalika wicantenan kedah gatosaken menapa kemawon ingkang kedah dipundadosaken objek wicantenan, menapa ingkang dipunkersakaken nalika wicantenan saha menapa ingkang boten pareng dipunandharaken nalika wicantenan.

G (genre), saged dipuntegesi *register*, wujud wacana, *ragam bahasa*, lan sapanunggalanipun. Wujud-wujud menika ingkang dados bedaning basa. Tuladhanipun basa *telpon*, *SMS*, wacana koran.

Saking andharan babagan pangertosan *konteks* ing inggil menika, wonten ing panaliten menika panaliti ngginakaken *teoripun* Hymes. Kanthi ngginakaken *teori* menika saged nggampilaken panaliti anggenipun damel pirembagan. *Teori konteks* Hymes biyantu panaliti kangge mangertosi dhasaring pangandikan ing satunggaling pirembagan.

Konteks menika kahanan nalika tuturan. Konteks menika dados dhasaring nindakaken wicantenan. Konteks wonten pragmatik dipunginakaken kangge mangertosi bab menapa kemawon nalika nindakaken wicantenan. Kanthi konteks tuturan menika wicantenan saged cetha lan saged kalampahan kanthi lancar, amargi wonten ing seklebeting konteks menika ngandhut perangan nalika wicantenan. Adhedasar menika saben wicantenan menika mesthinipun betahaken konteks. Sami kaliyan panaliten menika, panaliten menika mendhet dhata kanthi awujud tuturan

wonten film. Nalika nindakaken wicantenan menika panutur kaliyan lawan rembag anggadhahi dhasar anggenipun nindakaken wicantenan, kados ta, panutur, ancasipun, jinis, wos lan sanesipun. Kanthi konteks menika tuturan saged dipunmangertosi ancas saha maksud tuturan. Panaliten menika ngginakaken konteks miturut Hymes amargi konteks ingkang dipunandharaken Hymes menika nggampilaken mantha-mantha perangan wicantenan ingkang dipunpendhet kangge analisis. Saking andharan perangan menika saged dipunpanggihaken konteks tuturan wonten ing wicantenan.

2. Perangan Kahanipun Tuturan

Pragmatik minangka salah satunggaling ngelmu basa ingkang ngrembag maksud saking komunikasi boten saged ical saking situasi tutur. Rustono (1999: 26) ngandharaken bilih situasi tutur menika dhasaring wontenipun tuturan. Kahanan tutur menika saged medalalekan maksud saking panutur. Leech (1993: 19-20) ngandharaken mapinten-pinten *aspek* ingkang gayut kaliyan *studi pragmatik*. Perangan kahanipun tuturan menika kaandharaken wonten ngandhap menika.

a. Panutur saha Lawan Rembag

Konsep panutur saha lawan rembag menika ugi gegayutan nalika wicantenan kanthi cara seratan. Perangan ingkang gayut panutur saha lawan rembag inggih menika yuswa, *sosial, ekonomi, jinis kelamin, tingkat keakraban* lan sapanunggalanipun.

b. Konteks tuturan

Konteks tuturan penaliten linguistik inggih menika konteks wonten ing sedaya konteks *fisik* utawi *setting sosial* ingkang gayut kaliyan tuturan menika. Konteks ingkang sipatipun *fisik* dipunsebat *koteks*. Menawi konteks *setting sosial* dipunsebat konteks. Wonten ing pragmatik, konteks menika sedaya ingkang dados dhasaring ngelmu ingkang dipunmangertosi dening panutur saha lawan rembagipun.

c. Ancasipun Tuturan

Wujud tuturan ingkang dipunandharaken dening panutur ingkang dados dhasaring tuturan menika dipunmangaribawani kaliyan maksud saha ancas tartamtu. Wonten gegayutan menika maneka warni wujudipun saged dipunginakaken kangge wujud tuturan ingkang ngandharaken maksud ingkang sami. Utawi pinten-pinten maksud saged dipunandharaken wonten tuturan ingkang sami. Wonten ngelmu pragmatik micara menika tumindak ingkang ancasipun kangge mahyakaken ancasipun tuturan.

d. Tuturan minangka wujud *aktivitas* utawi tumindak

Pragmatik gayut kaliyan tindak *verbal (verbal act)* ingkang kadadosan wonten kahanan tartamtu. Gayut kaliyan tindak *verbal* menika pragmatik nganalisis basa wonten perangan ingkang langkung cetha tinimbang tata basa. Tuturan minangka proses basa *verbal* ingkang langkung cetha tinimbang tata basa, tegesipun wonten panutur, lawan rembagipun, wekdal ingkang dipunginakaken saha papanipun nalika tuturan.

e. Tuturan minangka asiling *tindak verbal*

Tuturan ingkang dipunginakaken wonten pragmatik menika sajatosipun wujud saking tindak tutur. Pramila, tuturan ingkang dipun kasilaken menika wujud saking *tindak verbal*.

Perangan kahananipun tuturan menika ngandhut perangan ingkang sipatipun langkung wiyar tinimbang konteks. Menawi konteks menika dhasaring pangandikan, situasi tutur menika kahanan nalika tuturan. Kahanan tutur menika dipunginakaken kangge madosi perangan saking njawi *konteks*. Wonten panaliten menika kahananipun tuturan dipunginakaken kangge mangertosi kahanan nalika wicantenan. Kahanan menika prelu sanget amargi nalika wicantenan, beda kahanan mesthinipun beda topik wicantenanipun. Pramila, kahanan nalika tuturan menika saged dados cara nemtokaken maksud saha makna tutura nalika nindakaken wicantenan.

B. Tindak Tutur

Pragmatik minangka piranti kangge ngandharaken maksud saking tuturan betahaken panutur saha lawan rembagipun. Antawisipun panutur kalyan lawan rembag menika nindakaken wicantenan ingkang wujudipun *tindak tutur*. Laksono saha Supeli (lumantar Prayitno, 2017:40) ngandharaken bilih saben tembung menika sajatosipun kangge piranti ngandharaken maksud tuturan. Wonten ing saklebeting tuturan menika ngandhut makna ingkang dipunlajengken dening lawan rembagipun. Levinson (1983: 5) ngandharaken perangan saking objek pragmatik

inggih menika *deiksis, presuposisi, tindak tutur, implikatur percakapan, saha struktur percakapan.*

Stephen Ullman (lumantar Sumarsono, 2007: 13) ngandharaken bilih tindak tutur (*speech act*) menika gayut kaliyan basa minangka sarana ngandharaken wosipun wicantenan ingkang dipunkajengaken panutur dhateng lawan rembagipun. Basa menika mesthinipun medal awujud tumindak utawi *tingkat tutur individual (individual act of speech)*. Pramila, menawi nganalisis wujud basa kedah dipunwiwiti saking nganalisis *tindak tutur* menika. Wujudipun inggih menika basa lesan. Tindak tutur ingkang dipunndharaken kanthi lesan kadang kala wonten maksud saking tuturan menika. Boonyarit (2019) ngandharaken salah satunggaling ginanipun tindak tutur inggih menika:

“speech act is an act uttered and performed by a speaker by making statements, asking questions, giving orders, and thanking, among others”.

Tindak tutur inggih menika tuturan ingkang dipuntuturaken dening panutur kangge ngandharaken perkawis, ngandharaken pitaken, ngandharaken penyuwunan, atur suwun lan sapanunggalanipun. Pamanggih menika nedhahaken bilih tindak tutur menika kangge piranti supados kekajengan menika kadadosan. Kanthi tindak tutur ugi panutur saged mangertosi sikep nalika wicantenan. Dene Chaedar Alwasilah, (1985: 20) ugi ngandharaken bilih *tindak tutur* boten namung kangge ngandharaken *unsur kognitif*, ananging *unsur* sikep ugi dipunandharaken wonten tuturan, inggih menika *maksud* panutur, kagiyatan, saha *sebab* tuturanipun. Miturut Wijana (lumantar Rahardi, 2005: 17), ngandharaken bilih tindak tutur

inggih menika sedaya dhasaring pangertosan ingkang saged dipunmangertosi dening panutur saha lawan rembag.

Saking andharan babagan pangertosan tindak tutur saged dipunpendhet dudutan bilih tindak tutur inggih menika dhasaring pangertosan antawisipun panutur saha lawan rembag ingkang ngewrat ginanipun wicantenan saha maksud panutur ngandharaken satunggaling bab kangge ngandharaken *unsur kognitif*, kagiyatan, saha sebab tuturan.

Tindak tutur minangka objek kajian pragmatik menika neliti maksud saking *komunikasi*. Tindak tutur dipuntindakaken kanthi ancas tartamtu. Tindak tutur dipuntuturaken kangge sarana ngandharaken pesan dhateng lawan rembag. Wonten ing panaliten menika, tindak tutur dipunpanggihaken wonten ing saklebeting film kanthi awujud wicantenan kanthi maksud tartamtu. Tindak tutur menika dipunginakaken supados pesan saking panutur menika saged dipuntampi.

1. Jinisipun Tindak Tutur

Jinis tindak tutur menika dipunginakaken kangge nemtokaken klasifikasi tuturan ingkang asring dipunpanggihaken wonten ing gesang padintenan. Sadock (2008: 8) ngandharaken "*linguistics acts fall into three categories , which he called, locutinary, illocutinary saha perlocutinary*". Tegesipun ngelmu tindak tutur menika wonten tigang jinis inggih menika, *lokusi, ilokusi saha perlokusi*. Pangertosan bab *lokusi, ilokusi saha perlokusi* badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

a) *Tindak Lokusi*

Miturut Austin (lumantar Nababan, 1987: 4), *tindak lokusi* inggih menika ukara menika minangka *preposisi* ingkang kasusun saking *jejer/ topik saha wasesa* pamanggih. Wijana (1996: 17) ngandharaken bilih *tindak lokusi* inggih menika tindak tutur kangge paring pangertosan babagan satunggaling perkawis. Dene Gudai (1989: 94) ngandharaken bilih *tindak lokusi* menika panutur ngandharaken satunggaling perkawis awujud ukara kanthi *intonasi* tartamtu ingkang dipunmangertosi *makna* saha wujudipun dening lawan rembag. Chaer saha Leonie Agustina (1995: 69) ngandharaken bilih *tindak lokusi* inggih menika tindak tutur ingkang ngandharaken satunggaling perkawis ateges micara utawi tindak tutur awujud ukara ingkang anggadhahi *makna* sarta saged dipunmangertosi. Supados langkung mangertos ngandhap menika tuladha tuturan ingkang anggadhahi wujud *tindak tutur lokusi*.

Saking andharan para ahli saged dipunpendhet dudutan bilih *tindak lokusi* inggih menika tuturan ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken satunggaling perkawis ingkang dipunmangertosi *makna* saha wujudipun dening lawan rembagipun.

b) *Tindak Ilokusi*

Miturut Austin (lumantar Nababan, 1987: 4), *tindak ilokusi* inggih menika ukara saking tuturan menika minangka tindak basa, kados ta, prentah, nimbali, ngandharaken pamanggih utawi pamrayogi, lan sapanunggalanipun. *Tindak ilokusi* inggih menika *tindak tutur* ingkang ngandharaken satunggaling perkawis, janji, pitaken, lan sapanunggalanipun. Wijana (1996: 18) ngandharaken bilih *tindak*

ilokusi menika “*the act of do something*”. Tegesipun inggih menika tindak tutur supados lawan rembag saged damel *response* kaliyan menapa ingkang panutur kajengaken.

Chaer saha Leonie Agustin (1995: 69) ngandharaken bilih *tindak ilokusi* inggih menika tindak tutur ingkang dipunidentifikasi kaliyan ukara *performatif* ingkang sipatipun *eksplisit*. *Tindak tutur ilokusi* gayut kaliyan idin, atur suwun, prentah, damel janji. *Tindak tutur ilokusi* inggih menika tuturan ingkang ngandharaken satunggaling perkawis, pangertosan, utawi *maksud komunikatif* sanesipun (Yule, 2006: 84). Pamanggih menika nedhahaken bilih *tindak ilokusi* menika anggadhahi maksud saking tuturan menika tuturan menika ngandharaken satunggaling perkawis dhateng lawan rembag.

Gudai (1989: 92) ngandharaken *tindak ilokusi* inggih menika sipat tuturan ingkang dipunandharaken dening panutur kanthi *intonasi* wonten *konteks* tartamtu awujud pepenginan *refleksif* panutur dhumateng lawan rembag. Supados langkung mangertos ngandhap menika tuladha tuturan ingkang anggadhahi wujud *tindak tutur ilokusi*.

Saking andharan para ahli saged dipunpendhet dudutan bilih *tindak ilokusi* inggih menika *tindak tutur* saking panutur dhumateng lawan rembag ingkang wujudipun pepenginan saking panutur kanthi ukara prentah, nimbali, ngandharaken satunggaling perkawis, paring pamrayogi, janji, pitaken, atur suwun, ingkang sipatipun *komunikatif*.

c) *Tindak Perlokusi*

Miturut Austin (lumantar Nababan, 1987: 4), *tindak perlokusi* inggih menika *wangsulan* utawi asiling tuturan saking panutur dhateng lawan rembag. Wijana (1996: 19) ngandharaken bilih *tindak perlokusi* inggih menika tindak tutur ingkang ancasipun paring *wangsulan* dhateng lawan rembag saking menapa ingkang panutur tuturaken.

Gudai (1989: 93) ngandharaken bilih *wangsulan* saking *tindak perlokusi* menika awujud pamireng nindakaken satunggaling perkawis saking menapa ingkang panutur andharaken. Ancasipun *wangsulan* menika supados kekajengan panutur menika dipunwangsuli awujud tumindak, pitakenan panutur ugi dipunwangsuli, pamenging saking panutur menika dipungatosaken, lan sapanunggalanipun. Nababan (1987: 18), ngandharaken bilih *tindak perlokusi* inggih menika *wangsulan* tuturan saking pamireng wonten kahanan tartamtu.

Chaer saha Agustina (1995: 70), ngandharaken bilih *tindak perlokusi* inggih menika tindak tutur saking panutur ingkang gayut kaliyan sikep *nonlinguistik* saking panutur. Supados langkung mangertos ngandhap menika tuladha tuturan ingkang anggadhahi wujud *tindak tutur perlokusi*. Saking andharan para ahli saged dipunpendhet dudutan bilih *tindak perlokusi* inggih menika *wangsulan* saking tuturan panutur dhateng lawan rembag ingkang anggadhahi ancas supados kekajenganipun panutur menika dipuntindakaken.

Jinising tindak tutur ing inggil menika dipunginakaken kangge nemtokaken jinis wicantenan ingkang medal wonten ing film menika. Jinis menika saged dipuntingali saking tembung lan ukara ingkang dipunginakaken nalika wicantenan.

Jinis tindak tutur menika ugi kangge dhasar nglajengaken pirembagan salajengipun inggih menika ginanipun. Wonten panaliten menika, sasampunipun mangertos wujud tuturan, dipunlajengaken bilih jinis menika wonten ginanipunipun.

2. Ginanipun *Tindak Tutur Ilokusi*

Anggenipun ngginakaken basa menika boten namung micara kemawon. Ananging kedah dipunmangertosi bilih panutur menika anggenipun micara gadhah kekajengan piyambak. Ananging kadang kala kekajengan menika boten ketingal kanthi jelas wonten wicantenan. Saengga lawan rembag kedah manggihaken kekajengan ingkang dipunkajengaken panutur. Waljinah, (2015) ngandharaken bilih tindak tutur menika tuturan ingkang dipunandharaken dening panutur sinambi nindakaken satunggaling kagiyatan supados pikantuk wangsulan saking lawan rembag. Kekajengan ingkang boten ketingal kanthi cetha menika kalebet *tindak tutur ilokusi*. Searle (lumantar Rahardi, 2009: 17) ngandharaken bilih ginanipun *tindak ilokusi* menika wonten dipunperang dados gangsal, inggih menika *asertif, direktif, komisif, ekspresif, saha deklaratif*. Ngandhap menika badhe dipunrembag babagan perangan saking ginanipun tindak tutur inggih menika *asertif, direktif, komisif, ekspresif, saha deklaratif*.

a. *Asertif*

Miturut Searle (lumantar Rahardi, 2009: 17), wujudipun tuturan *asertif* (*assertive*) inggih menika tuturan ingkang ngiket panuturipun supados ngandharaken bab ingkang leres. Wujud tuturan menika gadhah paedah maringi pirsu lawan rembag bab tartamtu ingkang jumbuh wonten ing kasunyatan. Wujud tuturan menika boten betahaken tumindak saking lawan rembag. Wujud tuturan

asertif arupi bab-bab kados menika paring pamrayogi, ngandharaken pamanggih, gresula, maringi pirsana, paring panglembana dhateng dhiri pribadi.

b. Direktif

Miturut Searle (lumantar Rahardi, 2009: 17), wujud tuturan *direktif* (*directive*) utawi *impositif* (*impositive*) inggih menika wujud tuturan ingkang saged mangaribawani dhateng lawan rembag. Wujud tuturan *direktif* inggih menika arupi, mesen, mrentah, nuntut, paring wewarah, nantang, paring pamrayogi, paring idin, menging lan sapanunggalipun.

Titikan saking wujud tuturan *direktif* inggih menika wonten salah satunggaling tumindak saking lawan rembag sabibaripun mireng tuturan saking panutur. Pramila, wujud *direktif* menika saged dipunsebat ukara prentah. Ukara *imperative* utawi ukara prentah menika saged awujud ukara cariyos, ukara pitaken utawi ukara pakon.

c. Ekspresif

Miturut Searle (lumantar Rahardi, 2009: 18), wujud tuturan *ekspresif* (*expressive*) menika gadhah ginanipun kangge ngandharaken sikep *psikologis* panutur tumrap satunggaling kawontenan. Tuladhanipun wujud *ekspresif* inggih menika kangge matur suwun, atur selamat, paring bungah, atur belasungkawa, paring panyaruwe saha sambat.

d. Komisif

Miturut Searle (lumantar Rahardi, 2009: 17) wujud tuturan *komisif* (*commissive*) inggih menika wujud tuturan ingkang ngiket panuturipun supados nindakaken menapa ingkang sampun dipuntuturaken. Pathokan saking wujud *komisif* inggih

menika wonten satunggaling tumindak saking panutur ingkang badhe dipuntindakaken ing wekdal salajengipun asiling tuturan kangge piyambakipun. Wujud tuturan *komisif* kados ta, ngandharaken janji dhateng tiyang sanes, paring tawi ngandharaken sumpah saha niat.

e. Deklaratif

Miturut Searle (lumantar Rahardi, 2009: 18), wujud tuturan *deklaratif* (*declaration*) inggih menika wujud tuturan ingkang nggayutaken antawisipun tuturan kaliyan kasunyatan, kados ta, mecat, maringi nama, maringi *baptis*, mutusaken satunggaling perkawis. Tuladha saking tuturan *deklaratif* inggih, polisi ingkang ukum *penjahat*, menging, ngijinaken, damel nama, lan sapanunggalanipun.

Ginanipun *tindak tutur* ing inggil menika dipunginakaken kangge nemtokaken ginanipun tuturan ingkang dpiunginakaken panutur dhateng lawan rembag. Ginanipun menika ugi gayut kaliyan maksud ingkang dipunandharaken dening panutur. Kanthi mengertosi ginanipun, tuturan menika saged dipunmangertosi perangan-perangan pundi ingkang mlebet wonten ing saben ginanipun. Gayut kaliyan panaliten menika bilih tuturan wonten ng film menika ngandhut ginanipun ing kang beda-beda. Ginanipun saben tuturan menika saged diipuntemtokaken kanthi *teori* ginanipun ing inggil menika. Saengga nggampilaken kangge pirembagan salajengipun.

3. *Tindak Tutur Direktif*

Tindak tutur dipunginakaken kangge ngandharaken satunggaling perkawis saking panutur dhateng lawan rembag. Tuturan menika dipunandharaken anthi maksud tartamtu. Maksud menika saged dados cara supados wicantenan menika

saged ngasilaken tumindak. *Tindak direktif* menika asring dipunginakaken wonten ing gesang padintenan. Drew & Couper-Kuhlen (2004) Brown & Levinson (1987) saha Ruytenbeek (sedaya lumantar Ruytenbeek: 2019) ngandharaken *tindak tutur direktif* menika narik kawigatosan supados dipundadosaken topik panaliten amargi wonten perangan ingkang wigatos inggih menika:

“first, they are in daily communication . Sooner or later people’s assistance to achieve our goals, in which cases we can get them involved by performing a directive, or we engage in a joint activity, and naturally come to interact by means of requesting and offering help” (Drew & Couper-Kuhlen, 2014).

Tegesipun, tuturan direktif menika dipunginakaken wonten gesang padintenan. Wonten gesang padintenan menika boten saged gesang piyambak nanging betahaken pambyantu saking tiyang sanes kangge mujudaken kekajenganpun (*goals*). Anggenipun mujudaken kekajengan menika saged tumut langsung utawi ngajak tiyang sanes kangge nderek kagiyatan, menika limrah nalika betahaken pambyantu ugi dipunsarengi kaliyan tuturan direktif awujud paminta supados dipunbyantu utawi nawikaken pambyantu.

Pamanggih menika sajatosipun ngandharaken bilih *tindak tutur direktif* menika dipunginakaken wonten gesang padintenan kangge mayakaken kekajengan panutur. Kekajengan menika betahaken pambyantu saking tiyang sanes. Kangge mujudaken kekajengan menika panutur ngginakaken *tindak tutur direktif* menika kanthi wujud tuturan paminta kangge mbyantu utawi nawikaken pambyantu dhateng tiyang sanes supados ancas menika saged kalampahan.

“second, insofar as, in performing a directive, a speaker present an presents an addressee with a potential course of action for its realization by the addressee, directive are posible source of conflicts between individuals” (Brown & Levinson, 1987)

Tegesipun, kaping kalihipun, nalika nindakaken *tindak tutur direktif*, panutur menika ngandharaken dhateng lawan rembag kanthi pangajab pikantuk wangsulan awujud tumindak saking lawan rembag. Saengga *interaksi* antawis kekalihipun dados sumber wontenipun *tindak tutur direktif*. Pamanggih menika nedhahaken bilih *tindak tutur direktif* menika dipunginakaken supados pikantuk wangsulan saking lawan rembag kanthi awujud tumindak. Wasngulan awujud tumindak menika asiling *interaksi* antawisipun panutur kaliyan lawan rembag.

“a third reason that makes directives (still) worth investigating is the large variety of forms that are used to perform them. For instance, to request that someone close the window, one can use one of the following constructions: the imperative sentence-type (1), the declarative sentence-type (2), interrogative sentence-types (3)..... (Ruytenbek, 2019)

Tegesipun, sebab kaping tiga ingkang dadosaken *tindak tutur direktif* menika narik kawigatosan inggih menika bilih *tindak tutur direktif* menika anggadhahi jinis saha wujud ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken satunggaling perkawis. Pangangenipun *tindak tutur direktif* saged ngginakaken pinten-pinten jinis ukara kados ta, ukara *imperatif*, ukara *interogatif*, saha ukara *deklaratif*.

Dene Searle (lumantar Yuniarti, 2010: 28) ngandharaken bilih *direktif* menika saged kanthi langsung (ngginakaken ukara kanthi *modus imperatif*) saha boten langsung (ngginakaken ukara boten kanthi *modus imperatif*). Ukara *imperatif* menika ukara ingkang sipatipun mrentah. Lawan rembag anggenipun nampi ukara utawi tuturan *imperatif* menika biasanipun dipunsarengi kaliyan tumindak asiling tuturan panutur. Ramlan (2001: 39) ngandharaken ukara pakon dipunginakaken supados tiyang ingkang dipunparingi tuturan saged paring *response* awujud tumindak saking menapa ingkang dipuntuturaken. Woten pungkasaning ukara

ingkang dipunpungkasi kanthi *intonasi* pakon (!). Dardjowidjojo (2003: 105) ngandharaken ukara pakon menika salah satunggaling wakil saking *tindak tutur direktif*, wangsulanipun awujud tumindak.

Ukara *imperatif* utawi ukara prentah wonten basa Jawi menika anggadhahi titikan salah satunggaling inggih menika ngginakaken tembung kriya saha pikantuk panambang -i, -a, -ke, -na, -ana, -en (Wijana saha Rohmadi, 2009: 53). Miturut Gunawan (lumantar Rohmadi, 2004: 32) ngandharaken bilih *tindak tutur direktif* minangka tindak tutur ingkang dipuntindakaken dening panutur kangge paring ancas supados lawan rembag menika nindakaken menawa ingkang dipunandharaken panutur. Miturut Tarigan (1986: 47), *tindak tutur direktif* gadhah ancas kangge paring wangsulan kanthi cara nyemak tuturan.

Ibrahim (1993: 27) ngandharaken, *tindak tutur direktif* menika tindak tutur ingkang ngandharaken sikep panutur kaliyan tmindak saking lawan rembag minangka asiling tuturan menika. Lajeng, tindak tutur saged dipunperang dados enem jinis, inggih menika paminta (*requestives*), pitaken (*questions*), prentah (*requirements*), menging (*prohibitive*), paring idin (*permissives*), saha pitutur (*advisories*). Searle (lumantar Levinson, 1983: 240) ngandharaken bilih *tindak tutur direktif* menika wujud tuturan ingkang gadhah ancas kangge mangaribawani lawan rembag supados lawan rembag menika nindakaken menapa ingkang panutur kajengaken, kados ta: mesen (*ordering*), mrentah (*commanding*), nyuwun (*requesting*), paring pitutur (*advising*), ngemotaken (*warning*), ngajak (*invite*) dan paring rekomendasi (*recommending*). *Tindak tutur direktif* menika biasanipun

dipunandharaken kanthi langsung ingkang ngginakaken ukara kanthi *modus imperatif* (Nyoman, 2017).

Saking mapinten–pinten ahli saged dipunpendhet dudutan bilik *tindak tutur* direktif menika tindhak tutur ingkang wujudipun ukara langsung ingkang ancasipun mengaribawani lawan rembag supados nindakaken manapa ingkang panutur kajengaken kados ta, mesen (*ordering*), mrentah (*commanding*), nyuwun (*requesting*), paring pitutur (*advising*), ngemotaken (*warning*), ngajak (*invite*) saha maringi *rekomendasi* (*recommending*).

Tindak tutur direktif menika tindak tutur ingkang betahaken tumindak saking lawan rembag. Gayut kaliyan panaliten menika bilih panaliten menika ngginakaken *tindak tutur direktif* minangka objek kajian tindak tutur. Wonten ing panaliten *tindak tutur direktif* dipunginakaken kangge kajian tindak tutur amargi *tindak tutur direktif* wonten film menika langkung kathah tinimbang tindak tutur sanesipun. Saengga, prelu dipunginakaken *teori* menika kangge mangsuli wosing perkawis wonten panaliten menika.

Searle (lumantar Gunarwan, 1994: 85), ngandharaken *tindak tutur direktif* menika dipunperang dados gangsal, inggih menika:

a) Panyuwunan (*Requestives*)

Tindak requestives utawi panyuwun ngandharaken bilih asiling tuturan antawisipun panutur kaliyan lawan rembag menika gadhah ancas supados lawan rembag nindakaken asiling tuturan saking panutur. Panutur mahyakaken tuturan menika kanthi solah bawa supados lawan rembag nindakaken kekajenganipun panutur. Menawi panutur boten gadhah kekajengan, menika dados pangajab

kangge lawan rembag supados nindakaken tuturan saking panatur. Ginanipun *tindakan requestives* inggih menika: nyuwun, maringi donga, ngajak, ngundhang.

b) Pitaken (*Questions*)

Tindak questions (nyuwun pirsas, pitaken) inggih menika angenipun ngandharaken tuturan, panatur nyuwun pirsas dhateng lawan rembag ingkang ngrembag satunggaling perkawis. Panatur nyuwun pirsas dhateng lawan rembag kangge mesthekaken perkawis menika leres menapa boten. Saking nyuwun pirsas menika sajatosipun panatur betahaken informasi saking lawan rembagipun. Ginanipun saking nyuwun pirsas wonten *tindak tutur direktif* inggih menika nyuwun pirsas saha nyuwun pirsas kangge manggihaken wangsulan wonten satunggaling perkawis (*intrerogasi*)

c) Prentah (*Requirements*)

Tindak perintah (mrentah) menika gadhah ancas bilih nalika ngandharaken pamanggih utawi tuturan, lawan rembag kedah maringi wangsulan awujud tumindak saking tuturan panatur, utawi wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados nindakaken tuturan panatur. Panatur anggadhahi kuwaos ingkang langkung inggil tinimbang lawan rembag, kados ta bab, *fisik, psikologis* utawi drajat ingkang langkung inggil. Ginanipun tindak prentah inggih menika nyarujuki, mrentah, nuntut, paring pamanggih wonten ing satunggaling bab, ngatur *saha* maringi sarat.

d) Menging (*prohibitive*)

Tindakan prohibitive (mending) inggih menika anggenipun ngandharaken tuturan panutur kanthi *ekspresi* nedahaken bilih panutur mending dhateng lawan rembag supados boten nindakaken bab tartamtu. Biasanipun ngginakaken tambung pamenging kados ta aja, sampun kados mekaten. Ginanipun *prohibitive* inggih menika mending saha matesi wonten ing satunggaling bab. Pamenging menika kangge matesi satunggaling perkawis saha supados lawan rembag menika boten nindakaken tumindak ingkang sae.

e) Pemberian Izin (*Permissive*)

Tindakan permissives (idin) menika nalika panutur ngandharaken pamanggih, panutur gadhah drajat minangka tiyang ngkang langkung inggil tinimbang mitra tuturipun. Saengga, panutur saged maringi kekajengan kangge lawan rembag supados nindakaken satunggaling perkawis. Wonten *permissive* menika ugi gadhah raos percaya lawan rembag dhateng panutur ingkang kangge dhasar anggenipun tumindak. Ginanipun *tindakan permissives* inggih menika maringi idin, *mengabulkan, membolehkan, menganugerahi, saha memaafkan.*

f) Paring Pitutur (*advisories*)

Paring Pitutur (*advisories*) inggih menika tuturan saking panutur dhateng lawan rembag ngandharaken bilih tuturan menika anscasipun kangge paring pitutur dhateng lawan rembag saha betahaken tumindak saking tuturan menika. Paring pitutur menika ugi wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan supados mangertos, waspada, boten ngambali kanthi pamrayogi saking tumindak ingkang kirang sae miturut panutur. Tuturan saking panutur

menika ancasipun supados lawan rembag menika boten ngambali tumindak ingkang sae. Ginanipun *advisories* (pitutur) menika maringi pitutur, ngemotaken saha maringi pirsaa.

Ginanipun menika nggampilaken anggenipun damel *klasifikasi* tuturan pundi ingkang mlebet wonten ing ginanipun *direktif* menika. Perangan menika saged dados wangsulan wonten ing panaliten menika bilih *tindak tutur direktif* menika gadhah ginanipun ingkang wujudipun beda-beda lan ancasipun ugi beda-beda. Sampun dipunandharaken bilih wicantenan wonten ing film menika kathah-kathahipun ngginakaken *modus direktif*. Panaliten menika ngandharaken ginanipun *tindak tutur direktif*, menika gayut kaliyan pangertosan *direktif* bilih *tindak tutur direktif* betahaken wangsulan saking panutur. Dados, kanthi ginanipun menika lawan rembag maringi *response* dhateng panutur.

C. Kesantunan Berbahasa

Kesantunan berbahasa sampun rumaket wonten ing wicantenan. Sae botenipun tiyang menika saged dipunpirsani saking caranipun ngendika. Cara anggenipun ngendika kedah dipungatosaken. Ngendika menika boten perkawis ngandharaken pamanggih kemawon ananging kedah gatosaken kados pundi supados tuturan menika ketinggal sae. Lakoff (lumantar Jie, 2016) ngandharaken bilih *santun* menika kedah gatosaken perangan antawis panutur kaliyan lawan rembag inggih menika: (1) *don't impose on others*, (2) *give others the right of choice*, (3) *be friendly with each other*, (4) *make each other feel good*. Tegesipun inggih menika sampun ngetingalaken raos meksa dhateng panutur. Lajeng, paring

pilihan ingkang sae. Kekancan kaliyan tiyang sanes saha boten pilih-pilih sarta damel raos sae dhateng saben tiyang.

Suntoro (2018), ngandharaken kirangipun pangertosan caranipun ngendhika damel perkawis *kesantunan* berbahasa. Kathah tiyang ingkang wasis ngginakaken basa. Ananging langkung kathah anggenipun ngendhika, langkung kathah malih basa menika mranani penggalih tiyang ingkang mirengaken (Ismail, 2016). Pramila, kedah ngginakaken *kesantunan berbahasa* supados anggenipun tuturan menika ketingal *santun*. Lakoff (lumantar Olaniyi, 2017) ngandharaken ancasipun linguistik piyambakipun inggih menika:

“the pillars of our linguistic as well as nonlinguistic interactions with each other’ are to make one clear and be polite”

Tegesipun, ancasipun linguistik utawi nonlinguistik Lakoff menika nalika wicantenan antawisipun tiyang sanes inggih menika supados tuturan menika cetha saha *santun*. Pamanggih menika ngandharaken bilih basa menika wigatos dipunginakaken boten namung ngandharaken satunggaling perkawis aanging ugi supados andharaken menika cetha saha *santun*. *Kesantunan berbahasa* saged damel pembjnipun lawan rembag dhateng panutur ketingal sae. Saenggo *komunikasi* antawis mitra saha panutur menika kalampahan kanthi sae lan nengenaken ancasipun tuturan amargi pangangenipun basa kanthi alus, sopan, sistematis, cetha saha lugas menika dados gambaraning pribadi panutur (Rostikawati, 2019).

Miturut Brown saha Levinson (2010: 2), *kesantunan berbahasa* menika minangka usaha panutur kangge njagi manahipun lan manah lawan rembag. Tegesipun, nalika ngawontenaken wicantenan boten namung wigatos kaliyan piyambakipun ananging ugi wigatos kaliyan lawan rembag amargi ingkang *santun*

menika basa ingkang saged dipuntampi dening lawan rembag (Lestari, 2018). Pamanggih Levinson gayut kaliyan Ambuyo, Indede saha Karanja (lumantar Ojo, 2017) ngandharaken bilih:

“language can be used to encourage, discourage, enhance good communication or even cause conflict between interlocutors, hence there is need to use polite language for fruitful communication”.

Tegesipun, basa menika saged dipunginakaken kangge nginggilaken manah saha mandhapkan manah lawan rembag, ngindhakaken komunikasi antawisipun panutur kaliyan lawan rembag. Pramila, dipunbetahaken basa ingkang *santun* supados komunikasi menika saged kalampahan kanthi sae. Boten namun perangan bab perangan inggil lan mandhapkan manah lawan rembag, drajat *kesantunan berbahasa* saged dipunbiji saking wangsulan lawan rembag kangge panutur. Kuntarto (2016) ngandharaken bilih *sikap santun* menika saged kangge titikan jati dhiri saha saged kangge nemtokaken gesang ingkang minulya. Pamanggih menika ngandharaken sikep *santun* menika saged ngindhakaken drajat tiyang gesang. Caranipun ngendhika dhateng sanes medalaken sipat saking panutur. Sipat menika dipuntampi dening masakat kangge pambiji kangge panuturipun.

Leech (2015: 9), *kesantunan berbahasa* inggih menika alus botenipun basa nalika *komunikasi* kanthi lesan utawi seratan. Amargi Leech boten matesi menapa kedah basa lesan ingkang kedah mekaten ananging ragam seratan ugi kedah gatosaken aspek alus botenipun supados pamaos boten damel raos cidra utawi meksa. Dene Markhamah (2011: 153) ngandharaken bilih *kesantunan* berbahasa menika cara ingkang dipunginakaken nalika komunikasi supados lawan rembag menika boten suraos kepeksa. Manah menika perangan badan ingkang *sensitif*

anggenipun mirengaken tuturan. *Kesantunan* menika minangka piranti caranipun berbahasa, dados paugeran supados tuturan menika boten mranani lawan rembag.

Kesantunan asring dipunsebat prastawa ingkang sampun limrah saengga dereng temtu tuturan menika sae miturut panutur sae ugi miturut lawan rembag. *Kesantunan berbahasa* ugi dipuntemtokaken kanthi lima tandha miturut Wijaya (2010:7) inggih menika wekdal ingkang trep, leres miturut kahanan, alus, nengenaken ancasiipun tuturan saha *cinta kasih*. Fraser (lumantar Chaer, 2010: 47) ngandharaken bilih *kesantunan* inggih menika “*property associated with neither exceeded any right nor failed to fulfill any obligation*”. Tegesipun inggih menika bilih *kesantunan berbahasa* menika piranti kanthi wujud tuturan ingkang dipungayutaken kaliyan panutur saha mitra mawi panutur menika mangertos watesan ingkang kedah dipunandharaken saha mangertos menapa ingkang kedah dipunandharaken (jebibahan nalika wicantenan).

Pamanggih sami dipunandharaken dening Nyoman (2017), Ramadania, dkk (2017) kaliyan Masnur Muslich (2006: 1) ngandharaken bilih *kesantunan (politiness)*, gayut kaliyan *norma sosial*, tata cara, adat, wonten ing masarakat. Zamzani (lumantar Herawati, 2019) ngandharaken bilih tuturan menika kalebet tuturan *santun* miturut masarakat satunggal boten mesthi miturut masarakat sanes menika ugi *santun*. Wujud *kesantunan* menika langkung nengenaken cara maringi pakurmatan thateng tiyang sanes kanthi cara ngandharaken tuturan ingkang boten ngandhapaken manah tiyang sanes. Yule (lumantar Kurtz, 2016) ugi ngandharaken bilih *santun* menika ugi gayut kaliyan pakurmatan dhateng tiyang sanes, inggih menika:

“when that other seems socially distant is often described in terms of respect or dereference . It is also possible to see politeness as finesse, a social etiquette or polite social behavior”

Tegesipun, nalik wonten *jarak sosial*, biasanipun asring medalaken raos kurmat utawi pakurmatan dhateng tiyang sanes. Menika saged dados cara manggihaken sikep *santun* minangka tumindak ingkang becik, utawi *etika perilaku sosial*. Pamanggih menika nedhahaken bilih *santun* menika saged dados piranti kangge paring pakurmatan dhateng tiyang sanes. Menika ugi kalebet tumindak ingkang becik wonten ing gesang padintenan. Biasanipun nalika papanggihan kaliyan jarak status ingkang langkung inggih tinimbang panutur, panutur ngginakaken basa ingkang *santun* utawi formal saha nengenaken sikep kurmat dhateng lawan rembag.

Kesantunan menika paugeran anggenipun tumindak ingkang dipunsarujuki sesarengan kaliyan masarakat tartamtu saengga *kesantunan* menika minangka prasarat ingkang dipunsarujuki dening perilaku sosial (panutur saha lawan rembag). Darwis (2018) ngandharaken bilih nalika wicantenan menika kedah betahaken pasarujukan rumiyin, inggi menika:

“if the minimum agreement is used in communication, the result can shorten the conversation, be selfish, not please other people and appear arrogant in the conversation”

Tegesipun, nalika nindakaken komunikasi utawi wicantenan menika kedah betahaken pasarujukan. Menawi boten wonten pasarujukan antawis panutur kaliyan lawan rembag, menika dadosaken wicantenan menika ketinggal mentingaken raos piyambakipun, menika ugi damel sikep arogan nalika wicantenan. Pasarujukan menika saged dadosaken komunikasi kalampahan kanthi lancar. Menawi medalaken sikep arogan utawi inggilake raos piyambak, tuturan menika medalaken

boten *santun*, satemah mranani penggalih lawan rembag. Holmes, (1995: 296) ugi ngandharaken santun menika boten gampang, inggih menika:

“a common people know, being polite means using “polite language” marker such as thank you, please and excuse me to communicate. It turns out that being “linguistically” polite is not simply a matter of saying thank you please, or excuse me during communication”.

Tegesipun, bisanipun tiyang sanes sampun mangertos, santun menika tegesipun ngginakaken kesantunan basa kados ta, atur suwun, nyuwun pangepunten saha atur nyuwun sewu nalika wicantenan. Ananging, miturut ngelmu linguistik santun menika boten namung matur, atur suwun, nyuwun pangepunten saha atur nyuwun sewu nalika wicantenan. Pramila, kedah mangertos caranipun anggenipun damel tumindak utawi ngendika kanthi santun. Gayut kaliyan Holmes, Rokhmat (2015) ngandharaken bilih *kesantunan* boten namung gayut kaliyan kados pundi caranipun nyumanggakaken saha matur nuwun, ananging kedah mangertos budaya wonten ing masarakat tutur, amargi *kesantunan* saben daerah menika beda-beda (Hadiwijaya saha Yahmun: 2017). Pramila, *kesantunan* menika ugi dipunsebat “tata krama” ngginakaken basa.

Saking pamanggih menika bilih *kesantunan* ugi dipunsebat tata krama ingkang gayut kaliyan adat masarakat temtunipun tiyang ingkang ngginakaken turan menika kedah gatosaken tuturanipun. *Kesantunan berbahasa* ingkang dipunandharaken dening para ahli menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih *kesantunan* bahasa menika tuturan lesan utawi seratan ingkang rumaket kaliyan adat istiadat masarakat supados tuturan menika ketinggal sae lan boten meksa sarta boten mranani manah lawan rembag satemah dados bungah dhateng lawan rembag.

Masnur Muslich, (2006: 3-4) ngandharaken bilih kanthi tata cara *berbahasa* menika ancasipun tuturan menika saged dipuntampi dening lawan rembag nalika *komunikasi* amargi tata cara bahasa menika kaiket dening perkawis wonten ing ngandhap menika.

1. Nalika ngandika kedah gatosaken wekdal lan kahanan tartamtu
2. Ragam basa ingkang dipunginakaken wonten kahanan tartamtu
3. Mangertos kapan anggenipun badhe ngendika nalika wicantenan
4. Kados pundi anggenipun ngatur banter botenipun swanten nalika wicantenan
5. Kados pundi solah bawanipun nalika wicantenan
6. Mangertos kapan kedah mendel lan mungkasi wicantenan.

Miturut Pranowo (2009: 74-75), ngandharaken titikan ingkang kasebat *santun*, antawisipun ing ngandhap menika.

1. Micara kanthi wajar kanthi akal pikiran sehat
2. Nengenaken perkawis ingkang dipunkajengaken
3. Anggadhahi raos sae dhateng lawan rembag
4. Panutur anggenipun ngendika saged nampa wangsulan utawi kritikan saking lawan rembag.
5. Ngginakaken wujud ingkang luwes nalika ngandharaken utawi wujud kangge bela dhiri pribadi kanthi luwes sinambi nyindhiri
6. Saged bedakaken kahanan nalika guyon utawi serius.

Lajeng, titikan panutur ingkang boten *santun*, antawisipun ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken kritik kanthi langsung dhateng lawan rembag kanthi cara kasar
2. Anggenipun ngandharaken kanthi raos emosi
3. *Protaktif* kaliyan pamanggihipun
4. Sengaja damel raos boten sae dhateng lawan rembag.
5. Nyindir utawi nuduh adhedhasar curiga dhateng lawan rembag.

Titikan *santun* menika boten namung awujud ukara-ukara ingkang kasebat wonten inggil, ananging ugi saged dipunpanggihaken saking *diksi* ingkang dipunginakaken. Pranowo (2009: 104), ngandharaken tuturan menika *santun* menawi ngginakaken diksi wonten ing ngdhap menika.

1. Ngginakaken tembung “*tolong/ tulung*” nalika nyuwun pambyantu dhateng tiyang sanes.
2. Ngginakaken tembung “*pangapunten*” nalika nindakaken kalepatan
3. Ngginakaken tembung “*matur suwun*” nalika kangge atur pakurmatan nalika pikantuk perkawis ingkang sae.
4. Ngginakaken tembung “*panjenengan*” nalik wicantenan kaliyan tiyang kaping tiga
5. Ngginakaken tembung “*bapak/ibu*” kangge atur pakurmatan dhateng tiyang kaping tiga ingkang langkung sepuh.

Pamilihing wonten tuturan menika saged medalaken tuturan *santun*. Pamilihing tembung menika ugi nemtokaken asiling wangsulan saking lawan rembag. Menawi pamilihing tembung menika boten *santun*, respon saking lawan rembag menika

boten trep kaliyan kekajengan saking panutur. Saengga, pamilihing tembung menika ugi wigatos wonten wicantenan ingkang nengenaken *kesantunan*.

Cruise (lumantar Gunarwan, 2007: 164), ngandharaken wujud tuturan ingkang kalebet boten santun, antawisipun wonten ing ngandhap menika.

1. Damel lawan rembag dados raos manut kaliyan panutur. Tegesipun menika lawan rembag menika medalaken “ragat”. Ragat menika saged awujud materi, fisik, psikologis, lan sapanunggalanipun.
2. Ngandharaken tuturan boten sae dhateng lawan rembag utawi perkawis sanes ingkang gayut kaliyan panutur.
3. Ngandharaken raos remen nalika lawan rembag pikantuk perkawis
4. Ngandharaken raos boten sarujuk kaliyan lawan rembag
5. Panglembana dhateng dhiri panutur

Wujud tuturan wonten inggil menika saged dados cara mengertosi tuturan menika santun menapa boten. Titikan menika ugi saged dados cara ngilari panutur supados boten medalaken tuturan boten santun dhateng lawan rembag. Saengga wicantenan menika ketingal sae saha mujudaken komunikasi ingkang *wangsulantif*. Masnur Muslich (2006: 1-2) ngandharaken bilih kesantunan menika saged dipunpanggihaken wonten gesang padintenan, antawisipun wonten ing ngandhap menika.:

1. *Kesantunan* menika ngetingalaken sikep ingkang ngandhut nilai sopan santun utawi *etika* wonten gesang padintenan. Nalika wonten masarakat, tumindak santun menika dados pembiji ingkang sipatipun dadakan utawi betahaken wekdal ingkang panjang amargi masarakat menika betahaken tumindak sanes

kangge dhasar nemtokaken tiyang menika anggadhahi sikep *sopan santun* menapa boten.

2. *Kesantunan* menika sipatipun kontekstual. Tegesipun nalika wonten tiyang pepanggihan kaliyan tiyang sanes ingkang langkung *akrab*, kadang kala ngginakaken basa ingkang kasar utawi kanti swanten ingkang seru. Ananging menika boten ketingal *santun* menawi pepanggihan kaliyan tiyang enggal.
3. *Kesantunan* menika sipatipun *bipolar*, menika gayut antawisipun kalih sisih, kados ta, tiyang sepuh kaliyan putranipun, guru kaliyan murid, tiyang estri kaliyan kakung lan sapanunggalanipun.
4. *Kesantunan* menika saged dipuntingali saking kados pundi anggenipun ngagem rasukan, tumindak wonten gesang padintenan, saha caranipun ngandharaken tuturan.

Kesantunan menika saged dipunpanggihaken wonten ing gesang padintenan. *Kesantunan* menika gayut kaliyan *etika* wonten ing masaakat. Menawi tiyang menika boten saged ngetrepaken kesantunan menika, masarakat minangka pambiji kirang sarujuk kaliyan tiyang menika. Tumindak menika dadosaken raos kirang sae dhateng panutur. Pramila kesantunan menika dipunbetahaken supados medalaken biji ingkang positif dhateng diri menapa dene dhateng masarakat.

Menawi saben tiyang menika nengenaken perkawis *santun* ing inggil menika, temtunipun komunikasi saged kalampahan kanthi sae saha ancasipun wicantenan menika saged kajangkah. *Kesantunan berbahasa* ingkang nengenaken perkawis menika saged dados piranti kangge damel guyub rukun wonten ing masarakat amargi salah satunggaling ing damel crah wonten ing masarakat inggih menika

kanthi lathi. Ananging tuturan ingkang boten nengenaken perkawis menika, saged damel salah wangsulan lan saged damel raos boten sae antawis panutur saha lawan rembag. Kosok wangsulipun *kesantunnan berbahasa* inggih menika *ketidaksantunan berbahasa*. *Ketidaksantunan berbahasa* kadang kala dipunginakaken dening masarakat tutur wonten ingkahanan tartamtu mliginipun nalika gadhah kekajengan. *Ketidaksantunan* menika saged mranani penggalih lawan rembag. Pramila kedah wigatos lan ngatos-atos anggenipun micara, sampun ngantos medalaken *ketidaksantunan berbahasa*.

Geertz (lumantar, Franz Magnis-Suseno, 2001: 38) ngandharaken wonten kalih paugeran ingkang nemtokaken *interaksi* wonten masarakat Jawi, paugeran menika ugi gayut kaliyan *kesantunan berbahasa*, inggih menika: sepisan, bilih saben kahanan menika, manungsa kedah ngilari tumindak ingkang saged mujudaken konflik. Pamanggih menika ugi saged dipunsebat prinsip kerukunan. Dhasaring menika dipunperang dados sekawan, inggih menika kurmat (*hormat*), andhap-asor (*rendah hati*), empan-mapan saha tepa slira. Kaping kalhipun, anggenipun wicantenan kaliyan tiyang sanes kedah ngandharaken sikep kurmat miturut drajat saha *status sosial*-ipun. Paugeran kaping kalih menika dipunsebat *prinsip* kurmat. *Prinsip* menika dipunginakaken kangge damel rukun wonten ing masarakat. Rukun menika saged dipunpanggihaken nalika manungsa menika nginggilaken sekawan prinsip rukun saha prinsip kurmat. Saengga, nalika gesnag padintenan menika antawisipun saben tiyang menika saged mujudaken gesang padintenan ingkang sae.

Pamanggih para ahli babagan *kesantunan* saha *ketidaksantunan* wonten pamanggih para ahli menika gayut kaliyan panaliten menika. Bilih panaliten

menika neliti *santun* saha boten *santun* wonten *tindak tutur direktif*. Pamanggih para ahli menika kangge mangsuli wosing perkawis ingkang dados pirembaran wonten ing panaliten menika. Panaliten menika ngginakaken pamanggih-pamanggih menika amargi *kesantunan bahasa* menika wigatos wonten gesang padintenan, ananging kedah mangertos pundi perangan *santun* saha boten *santun*. Saengga, titikan menika samangke dipunginakaken kangge nemtokaken tuturan wonten ing film ingkang kalebet *santun* saha boten *santun*.

D. Prinsip Kesantunan Leech

Wicantenan ingkang kadadosan antawisipun panutur saha lawan rembag temtunipun kadang kala wonten alanganipun. Perkawis mekaten dadosaken ancasiipun tuturan boten saged dipuntampi dening lawan rembag. Pepalang nalika komunikasi menika saged dadosaken komunikasi boten saged kalampahan kanthi sae. Sae botenipun tuturan menika ugi nemtokaken asiling tumindak lawan rembag dhateng panutur. Pramila, kedah gatosaken *kesantunan* anggenipun ngginakaken basa. Tuturan ingkang *santun* menika kedah mangertosi paugeranipun, menika saged dipunpangguhaken wonten *maksim*.

Maksim menika paugeran ngginakaken basa nalika interaksi sosial, menika arupi cara ngginakaken basa, intepretasi dhateng tuturan lawan rembag. *Maksim* menika dipundamel supados panutur menika nengenaken tuturan ingkang *santun* saha ngilari tuturan ingkang boten *santun* (Yeni saha Wijaya, 2017). Pamanggih menika nedhahaken bilih anggenipun ngawontenaken wicantenan menika kedah gatosaken asiling wangsulan saking lawan rembag. Asling wangsulan menika saged dados cara mangertosi tuturan menika *santun* saha boten *santun*. Dene Grice

(lumantar Rustono, 1999: 61), *kesantunan* menika *prinsip* ingkang gayut kaliyan *sosial, estetika, saha moral* nalika nindakaken tindak tutur. Pramila, nalika ngawontenaken wicantenan menika betehaken *prinsip-prinsip kesantunan*.

Prinsip *kesantunan berbahasa* miturut Geoffrey Leech (1993: 206-207) kaperang dados enem *maksim*, inggih menika, (a) *Maksim Kawicaksanan (Tact Maxim)*, (b) *Maksim Kedermawanan (Generosity Maxim)*, (c) *Maksim Panglembana (Approbation Maxim)*, (d) *Maksim Andhap Asor (Modesty Maxim)*, (e) *Maksim Pasarujukan (Agreement Maxim)*, saha (f) *Maksim Simpati (Sympathy Maxim)*. Pirembagan babagan *maksim* menika badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. *Maksim Kawicaksanan (Tact Maxim)*

Dhasar *maksim kawicaksanan* inggih menika (a) damel tuna dhateng lawan rembag sak-alit-alitipun, (b) damel begja kangge lawan rembag sakathah-kathahipun. Menawi kalih menika sampun dipuntindakaken, tuturan menika saged dipunsebat *santun* kangge lawan rembag. Dene Rahardi (2008: 60) ngandharaken bilih nalik wicantena menika nengenaken *maksim kawicaksanan*, panutur menika saged nyegah sipat iri, asing sereng, lan sipat sanesipun.

2. **Maksim Kedermawanan**

Maksim Kedermawanan menika *maksim kangge panutur*. Tegesipun panutur menika damel begja sakalit-alitipun kangge panutur menika dipunsebat tuturan *santun*. Kosok wangsulipun menawi panutur menika nengenaken tuna kangge piyambakipun, tuturan menika saged dipunsebat boten *santun*.

3. **Maksim Panglembana**

Panutur saged dipuntegesi *santun* bilih asring damel bungahing manah lawan rembag. Bungah menika saged awujud paring panglembana dhateng lawan rembag. Ananging paring panglembana menika adhedhasar kasunyatan boten kangge maksud tartamtu. Kanthi *maksim* menika gadhah pangajab supados panutur lan lawan rembag menika boten sami sereng, jengkel, utawi mranani manah. Kosok wangsulipun, menawi tuturan menika wosipun sami damel cidra dhateng lawan rembag, tuturan menika boten *santun*.

4. Maksim Andhap Asor

Maksim menika nuduhaken bilih panutur kedah adhap asor dhateng lawan rembag. Maksim menika maksim ingkang panutur ngandhapkan manahipun dhateng lawan rembag nalika wicantenan. Sipat menika wigatos kangge sakalihipun amargi kanthi maksim menika panutur saha lawan rembag sami nengenaken perkawis ingkang dados ancasipun wicantenan. Wonten ing maksim menika panutur ngirangi panglembana dhateng dhiri. Menawi tuturan menika boten dipundhasari maksim menika, panutur katingal boten sae. Tuturan menika saged dipunsebat boten sae nalika tuturan menika nginggilaken panglembana dhateng piyambakipun.

5. Maksim Pasarujukan

Maksim pasarujukan utawi *maksim* kecocokan menika nengenaken pasarujukan kaliyan lawan rembag nalika wicantenan. Tegesipun, ngirangi boten sarujuk nalika wonten pamanggih lan nengenaken pasarujukan nalika ngrembag satunggaling perkawis. Menawi panutur saha lawan rembag menika ngetrep-aken pasarujukan nalika wicantenan kekalihipun saged dipunsabat tuturan *santun*. Kosok wangsulipun, menawi boten nengenaken pasarujukan nalika wicantenan, tuturan kekalihipun saged dipunsebat boten *santun*.

6. Maksim Simpati

Wonten *maksim* menika panutur kaliyan lawan rembag menika langkung nengenaken tanggap dhateng lawan rembag. Sipat menika boten namung kangge lawan rembag utawi tiyang ingkang pikantuk kabegjan ananging ugi tanggap dhateng tiyang ingkang pikantuk memala. *Maksim* menika radi sami kaliyan *maksim* panglembana, bedanipun menawi *maksim* panglembana biasanipun langsung, *maksim* simpati menika betahaken tumindak lan asiliing tumindak menika. Simpati ugi dipunsarengi tuturan kangge panyengkuyung kangge mita tutur supados sabar utawi nrima ing kahanan. Kados ta, nalika tiyang sanes menika pikantuk memala, lajeng panutur utawi tiyang sanesipun menika mbyantu ingkang pikantuk memala.

Maksim-maksim ing inggil menika ngandharaken bilih *santun* menika wonten jinispun. Maksim menika kedah dipungatosaken nalika wicantenan, amargi kanthi *maksim* menika *komunikasi* antawisipun panutur kaliyan lawan rembag menika saged damel sami *santun*. Kekalihipun sami-sami pikantuk manpang at saking wicantenan. Boten namung pikantng pesan utawi maksud wicantenan satemah dadosaken panutur saha lawan rembag menika nengenaken sipat *santun*.

Prinsip kesantunan dipunginakaken kangge nemtokaken tuturan pundi ingkang mlebet wonten ing maksim menika. Tuturan menika dados titikan bilih tuturan menika sampun ngetrepaken *prinsip kesantunan*. Wonten panaliten menika ngginakaken *prinsip kesantunan* Leech amargi, pangertosan-pangertosan saking *prinsip* menika asring dipunginakaken wonten ing gesang

padintenan. Saengga, panaliti menika milih *prinsip* saking Leech saha *maksimipun* kangge nyengkuyung pangertosan sanes wonten panaliten menika.

E. Skala Kesantunan Leech

Kesantunan bahasa saged dipunukur nginakaken *skala kesantunan*. Chaer (2010: 63) ngandharaken bilih *skala kesantunan* menika *peringkat kesantunan*, saking wujudipun *santun*, boten *santun*, ngantos langkung *santun*. Leech (1983: 123-126) ngandharaken gangsal cara minangka titikan *kesantunan* tuturan, inggih menika ing ngandhap menika.

1. *Cost benefit scale* utawi titikan tuna saha kabegjan nalika tuturan, menika ageng alitipun tuna saha begja saking *tindak tutur* wonten ing wicantenan. Saya tuturan menika damel rugi tuna dhateng dhiri, samsaya tuturan menika dipunsebat *santun*. Kosok wangsulipun nalika begjanipun langkung kathah kangge penutu, saya saged dipunsebat boten *santun*.
2. *Optionality scale* utawi titikan *pilihan*, menika kathah botenipun pilihan ingkang dipuntawikaken dhateng lawan rembag nalika wicantenan. Saya tuturan menika damel pilihan ingkang wiyar kangge panutur menapa dene lawan rembag, samsaya tuturan menika saged dipunsebat *santun*. Kosok wangsulipun, menawi wonten tuturan menika boten wonten pilihan kanthi wiyar, tuturan menika saged dipunsebat boten *santun*.
3. *Indirectness scale* utawi titikan *ketidaklangsungan*, menika gayut kaliyan langsung saha boten langsung anggenipun ngandharaken maksud utawi ancasipun tuturan. Saya tuturan menika dipunandhakaren kanthi langsung, samsaya tuturan menika saged dipunsebat boten *santun*. Kosok wangsulipun,

saya tuturan menika dipunandharaken boten langsung samsaya tuturan menika dipunsebat *santun*.

4. *Authority scale* utawi titikan *keotoritasan*, menika gayut kaliyan status sosial antawisipun panutur kaliyan lawan rembag nalika wicantenan. Saya tebih jarak status sosial panutur kaliyan lawan rembag, samsaya tuturan menika saged dipunsebat *santun*. Kosok wangsulipun, menawi status sosial panutur kaliyan lawan rembag menika langkung caket, samsaya boten *santun* tuturan menika .
5. *Sosial dictance scale* utawi titikan *jarak sosial*, menika gayut kaliyan raking antawisipun panutur kaliyan lawan rembag nalika tuturan. Saya caket *peringkat sosial* panutur kaliyan lawan rembag, samsaya tuturan menika boten *santun*. Kosok wangsulipun, langkung tebih *tingkat sosial* antawisipun panutur kaliyan lawan rembag, samsaya *santun* tuturan menika.

Skala kesantunan gayut kaliyan *peringkat kesantunan berbahasa*. *Skala kesantunan* ingkang dipunandharaken Leech saged dados pandom *kesantunan berbahasa*. *Kesantunan* menika saged dipuntemtokaken saking titikan wonten saben *skala* menika. Panaliten menika mendhet teori *skala kesantunan* Leech, amargi *skala* menika saged dados cara nemtokaken *kesantunan direktif*. *Skala* menika nedahaken bilih kados pundi tuturan menika kalebet *santun*.

F. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten menika jumbuh kaliyan panaliten ingkang dipunlampahi dening Yuniarti kanthi irah-irahan tesis *Kompetensi Tindak tutur Direktif Anak Pra Usia Sekolah: Kajian pada Kelompok Bermain Anak Cerdas P2PNFI Regional II Semarang*. Panaliten Retno ngandharaken bilih ancasipun panaliten menika

kangge mangertosi *realisasi bentuk pemahaman anak usia prasekolah terhadap Tindak tutur Direktif (TTD)*, mangertosi realisasi wujud TTD ingkang dipuntuturaken dening anak usia prasekolah, saha mangertosi gegayutan *perkembangan pemahaman sarta penerbitan TTD anak usia prasekolah* kanthi awujud *kesantunan*. Panaliten menika ngginaken tigang tahap inggih menika cara ngempalaken dhata awujud wicanenan, analisis dhata kanthi metode padan saha kangge ngadharaken asiling analisis dhata. Wonten panaliten menika subyek penelitian dipundadosaken tigang kelompok yuswa yaitu: 1) kelompok 3–4 tahun, 2) kelompok 4–5 tahun, dan 3) kelompok usia 5–6 tahun. Caranipun ngempalaken dhata ngginakaken *teknik purposive sampling*.. Asiling panaliten ngandharaken bilih wonten kalih jinis wonten *tindak tutur direktif* inggih menika mrentah saha menging 1) kategori mrentah, 2) kategori nyuwun, 3) kategori ngajak, 4) kategori paring pitutur, dan 5) kategori *mengkritik*. Lajeng, perangan menging menika dipunperang dados menging saha nyegah. Beda antawisipun Yuniarti kaliyan panaliti inggih menika wonten objek panaliten, menawi Yuniarti menika tuturan anak sekolah, panaliti mendhet objek saking film. Ananging kajian ingkang dipunginakaken sami inggih menika bab Pragmatik, mliginipun *tindak tutur direktif*.

Panaliten ingkang jumbuh salajengipun inggih menika panaliten bab *kesantunan* bahasa dening Hamdani saking Universitas Lampung kanthi irah-irahan *Kesantunan Berbahasa pada Debat Politik di Tv One dan Implikasinya sebagai Bahan Ajar di SMA*. Asiling panaliten menika nedahaken bilih caranipun ngempalaken dhata menika kanthi cara *menyaring, mengunduh* sarta ngisi

instrumen. Sumber dhatanipun inggih menika Debat Somasi SBY. Cara nganalisis dhata ngginakaken *heuristik* lajeng dipunpendhet dudutanipun. Asiling panaliten menika ngandharaken bilih *debat politik* menika langkung kathah *pelanggaran kesantunan* tinimbang *kesantunan berbahasa*. Ananging saged dipundadosaken pambandhing tuturan *santun* saha boten *santun* wonten ing piwulangan basa.

Beda antawisipun panaliten menika kaliyan Hamdani inggih menika bab perangan objek panalitenipun, menawi Hamdani menika neliti *debat politik* wonten ing *Tv One*, menawi panaliti menika wonten film. Perangan ingkang sami inggih menika sami-sami neliti *kajian kesantunan berbahasa* lan sami-sami ngginakaken medhia *audio visual* kangge sumber dhatanipun. Panaliten ingkang jumbuh menika dipunginakaken kangge gambaran utawi madosi sumber sarta cara nganalisis wonten ing panaliten menika.

Panaliten ingkang jumbuh menika dipunginakaken kangge maringi pamanggih bilih panaliten menika kaliyan panaliten sanesipun kangge tetandhingan supados saged nemtokaken bedanipun. Saengga, saking beda menika saged dipunpendhet dudutan bilih panaliten menika saged kangge *referensi* pirembaran kanthi *objek* panaliten basa.

G. Nalaring Pikir


Pragmatik inggih menika ngelmu basa ingkang ngrembag maksud tuturan ingkang gayut kaliyan konteks wonten ing wacana ingkang dipunwiwiti saking panutur saha dipuntegesi utawi dipuntampi asiling tuturan kaliyan lawan rembag.

Saengga asiling tuturan menika awujud wangsulan utawi tumindak saking panutur dhateng lawan rembag.

Tindak tutur inggih menika dhasaring pangandikan antawisipun panutur saha lawan rembagipun ingkang ngewrat ginanipun wicantenan saha maksud panutur ngandharaken satunggaling bab kangge ngandharaken *unsur kognitif*, kagiyatan, saha sebab tuturan. Tindak tutur menika taksih saged dipunpanggihaken wujud saha ginanipun tindak tutur inggih menika *lokus ilokusi* saha *perlokusi*. Wujud *ilokusi* dipunpantha-pantha malih miturut ginanipunipun wonten gangsal inggih menika *asertif, direktif, komisif, ekspresif*, saha *deklaratif*.

Tindak tutur direktif inggih menika tindak tutur ingkang betahaken tumindak saking lawan rembag. *Tindak tutur direktif* prelu betahaken *kesantunan berbahasa* amargi sanajan betahaken tumindak saking lawan rembag, cara anggenipun ngendika menika kedah santun supados boten mranani penggalih lawan rembag. Wonten ing panaliten menika badhe neliti *kesantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini. Samangke asiling seratan wicantenan film Calon Bini menika dipunpadosi pundi kemawon ingkang kebet *tindak tutur direktif, kesantunan* lan *ketidaksantunan* sarta *pelanggaran kesantunan direktif*. Sakbibaripun sampun dipunpantha-pantha miturut *klasifikasi* saben tuturan, lajeng dipunanalisis lan dipunpendhet dudutanipun.

Bagan 1. Nalaring Pikir



BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif kualitatif* kanthi ngginakaken pendekatan Pragmatik. Pragmatik menika ngelmu ingkang nyinauni maksud saking basa tuturan ingkang dipungayutaken kaliyan konteks Wonten ing panaliten menika pendekatan pragmatik dipunginanaken kangge mengertosi maksud saking tuturan ingkang awujud tembung, ukara, frasa ingkang dipuntuturaken panutur.

Muhammad (2016: 35) ngandharaken wujud dhata *kualitatif* menika arupi ngandharaken *objek* panaliten inggih menika tembung, gambar, saha angka ingkang boten dipunasilaken saking program *statistika*. Menurut Rohmadi saha Nasucha (2017:24) panaliten *kualitatif* menika panaliten ingkang nengenaken kempalan dhata saking *observasi lapangan* kanthi wujud tembung, *frasa*, *klausa* sarta wacana ingkang dipunkempalaken kanthi *purposive sampling* saha nengenaken *makna*. Gayut kaliyan panaliten menika bilih dhata wonten panaliten menika awujud tuturan ingkang wujudipun *satuan lingual* tembung utawi ukara. Saengga, panaliten menika ngginakaken panaliten *kualitatif*.

Sudaryanto, (1988: 62) ngandharaken panaliten kanthi cara *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang dipunlampahi miturut kahanan menapa wontenipun. Saenggo asiling panaliten menika awujud andharan saking asiling panaliten. Subroto (1992:7) ngandharaken dhata *deskriptif* menika saged dipunasilaken kanthi *transkrip* asiling wawacancara, catatan lapangan, foto-foto video-video, dokumen

pribadhi, memo lan sanesipun. Ancasipun saking *metode* menika kangge nggambaraken saha ngandharaken *fakta-fakta* utawi damel dudutan saking *objek* ingkang dipuntliti.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif kualitatif* kanthi pendekatan pragmatik. Wonten ing panaliten menika ngginakaken jinis panaliten *kualitatif* amargi dhata panaliten menika awujud tuturan wonten ing wicantenan film Calon Bini. Gayut kaliyan wujudipun panaliten *kualitatif*, bilih wonten panaliten menika ugi ngginakaken pendekatan pragmatik ingkang ngrembag satunggaling maksud wonten ing tuturan ingkang dipungayutaken kaliyan konteks. Pramila, antawisipun jinis panaliten *kualitatif* menika kaliyan pendekatan pragmatik menika gayut. Gayut menika tegesipun datanipun sami-sami awujud tembung, frasa utawi ukara wonten ing tuturan ingkang sipatipun menapa wontenipun. Tegesipun, tuturan menika gayut kaliyan konteks, saengga menawi konteksipun beda-beda, tuturanipun ugi beda-beda lan tuturan menika saged owah gumantung konteksipun. Saengga, kekalih menika saged dipundadosaken piranti kangge neliti tuturan wonten ing film Calon Bini kangge mengertosi maksud wonten ing tuturan ingkang dipunandharaken kanthi awujud andharan asiling asiling panaliten.

B. Dhata saha Sumbering Dhata

Dhata ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih awujud tuturan ingkang medalaken *tindak direktif* wonten ing saklebetipun film Calon Bini. Miturut Maryadi (2011:13), ngandharaken bilih objek panaliten inggih menika

variabel ingkang dipunteliti, awujud prastawa, tumindak, saha kagiyatan ingkang gayut kaliyan *gejala sosial*.

Sumber dhata menika sedaya wicantenan wonten ing film Calon Bini. Wujud dhata ingkang dipunteliti menika kanthi titikan *satuan lingual*, kados ta, tetembungan utawi ukara ingkang nedahaken bilih tututan menika kalebet *tindak direktif*. Objek dhata awujud tuturan tembung, *frasa*, ukara, menika ingkang dados titikan anggenipun nemtokaken perkawis ingkang gayut kaliyan panaliten menika.

Panaliten menika mendhet objek panaliten film Calon Bini amargi wonten film menika wicantenan antawis lakon satunggal kaliyan sanesipun kathah ngginakaken *tindak direktif*, saha *tindak direktif* menika kathah-kathahipun dipunginakaken dening tiyang sepuh kangge mangaribawani ingkang langkung anom. Saengga, ancas saking *tindak direktif* menika ketingal wonten ing waicantenan film menika.

C. Caranipun Ngempalaken Dhata

Wonten panaliten ilmiah, caranipun ngempalaken menika maneka warni wujudipun. Yin (2016: 138) ngandharaken “*there are several techniques that can be done to obtain the dhata, such as interviewing, observing, collecting and examning and te last is feeling*”. Tegesipun, wonten mapinten-pinten cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken dhata panaliten kados ta, wawancara, klasifikasi, *pengujian* saha kaliyan ngraosaken.

Wonten panaliten menika anggenipun ngempalaken dhata, menika dipunlampahi kanthi *teknik* simak, saha *teknik catat*. Proses anggenipun

ngempalaken dhata dipunlampahi kanthi cara ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Teknik Nyemak

Cara ngempalaken dhata wonten panaliten menika ngginakaken *teknik simak*. *Teknik simak* menika cara ngempalaken dhata menika kanthi nyemak panganggenipun basa. Teknik menika anggadhahi teknik dhasar awujud *sadap*. *Teknik sadap* menika panaliti ngawontenaken teknik *sadap* dhateng dhateng objek utawi *informan* minangka paganggening basa (Mahsun, 2005:92). Wonten panaliten menika samangke teknik *sadap* dipunginakaken kangge nyadap film Calon Bini ingkang wujudipun tuturan wicantenan antawis lakon satunggal kaliyan sanesipun.

2. Teknik Nyerat

Sasampunipun nindakaken nyemak, cara salajengipun inggih menika *teknik nyerat*. *Teknik nyerat* menika teknik sasampunpun *teknik nyemak*. Teknik menika dipunlampahi kanthi nyerat dhata tuturan utawi seratan wicantenan film Calon Bini, lajeng dipunperang miturut ginanipun, *kesantunan*, *ketaksantunan*, saha *pelanggaran tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini. Lajeng dipungayutaken kaliyan *konteks* tuturan saha *wangsulan* saking tuturan menika kados pundi. Caranipun damel *klasifikasi* dhata *tuturan* inggih menika ngginkaken kertu dhata. Panganggenipun kertu dhata saged nggampilaken panaliti kangge mantha-mantha dhata miturut ginanipun, *kesantunan*, *ketaksantunan*, saha *pelanggaran tindak tutur direktif*. Kertu dhata ingkang dipunginkaken kaandharaken wonten ngandhap menika.

Tabel 1. Kertu Dhata Ginanipun Tindak Tutur Direktif

Nomor Dhata : Konteks:	Katrangan
<i>Ginanipun Tindak Direktif</i>	
Dhata Tuturan:	
Maksud tuturan:	

Tabel 2. Kertu Dhata Kesantunan Tindak Tutur Direktif

Nomor dhata : Konteks:	Katrangan
<i>Kesantunan saha Ketidaksantunan:</i>	
Dhata Tuturan:	
Maksud tuturan:	

Tabel 3. Kertu Dhata Ketidaksantunan

Nomor dhata : Konteks:	Katrangan
<i>Ketidaksantunan:</i>	
Dhata Tuturan:	
Maksud tuturan:	

Tabel 4. Kertu Dhata Pelanggaran Maksim

Nomor Dhata : Konteks:	Katrangan
<i>Pelanggaran Maksim:</i>	
Dhata Tuturan:	
Maksud tuturan:	

Kertu dhata ing inggil menika wonten tiga ingkang ngandharaken ginanipun *tindak tutur direktif, kesantunan saha ketidaksantunan sarta pelanggaran maksim*. Tigang kertu menika ingkang bedakaken namung perkawis ingkang badhe dipunrembag, sanesipun sami. Panaliti damel tigang kertu menika supados langkung gampang anggenipun nemtokaken *klasifikasi* dhata tuturan.

Kertu dhata wonten ing inggil menika ngandharaken bilih *nomor* dhata menika nomor dhata tuturan ingkang dipundadosaken dhata panaliten. Perangan ginanipun menika gayut kaliyan ginanipun saking *tindak direktif* menika kangge menapa. Dhata tuturan menika tuturan inkang mlebet *klasifikasi*. Lajeng maksud tuturan menika gayut kaliyan dhata tuturan saking panutur. Pungkasaning tabel menika wonten katrangan, katrangan menika samangke kangge ngandharaken titikan *satuan lingual* ingkang dipunginakaken wonten dhata tuturan menika.

D. Piranti Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika piranti ingkang dipunginakaken dening panaliti nalika ngempalaken dhata supados gampang, premati anggenipun ngolah dhata panaliten (Arikunto 2002: 329). Wonten panaliten menika piranti ingkang dipunginakaken inggih menika panaliti piyambak. Bogdan saha Biklen, (2007: 4), ngandharaken: “*in qualitative research, the researcher becomes the primary instrument*”. Namung panaliti minangka piranti panaliten ingkang saged manggihaken makna interaksi sosial antawis manungsa (Muharam, 2011:140). Panaliti menika nindakaken sedaya proses saking wiwitan dumugi andharan asiling panaliten. Miturut Moleong (2005: 9) ngandharaken panaliten *kualitatif* menika

panaliti ingkang dados piranti ngempalaken dhata amargi panaliti menika ingkang nglampahi sedaya proses panaliten. Panaliti ugi minangka tiyang ingkang damel tata rakiting lelampahan panaliten, ngempalaken dhata, analisis, saha panaliti ugi ingkang ngadharaken asiling panaliten.

Panaliten menika nemtokaken piranti menika panaliti piyambak amargi panaliten menika awujud panaliten kualitatif kanthi mendhet objek kajian *tindak direktif*. Tindak *direktif* menika wujudipun tuturan, menika jumbuh kaliyan pangertosan saking panaliten kualitatif, kamangka panaliten kualitatif menika panaliti inkang dados piranti panaliten. Adhedhasar pangertosan menika piranti panaliten wonten panaliten menika inggih menika panaliti piyambak. Pirantinipun panaliten wonten panaliten menika ugi dipunbyantu kaliyan tabel *titikan*. Titikan menika kangge nggampilaken wonten analisis ginanipun *tindak direktif*, *kesantunan*, *ketidaksantunan*, saha *pelanggaran maksim kesantunan* Leech, ingkang dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

Tabel 5. Titikan Objek Kajian Panaliten

No.	Jinis Kajian Panaliten	Titikan
1	Ginanipun <i>Tindak T tutur Direktif</i>	
	a. Panyuwunan	<ul style="list-style-type: none"> • Mahyakaken tuturan menika kanthi solah bawa supados lawan rembag nindakaken kekajenganipun panutur, • Gadhah pangajab kangge lawan rembag supados nindakaken tuturan saking panutur. • Wujudipun nyuwun, maringi donga, ngajak, ngundhang.
	b. Pitaken	<ul style="list-style-type: none"> • Mangihaken informasi satunggaling perkawis • Kangge mesthekaken perkawis menika leres menapa boten

		<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun nyuwun pirsasaha nyuwun pirsas kangge manggihaken wangsulan wonten satungaling perkawis (<i>intrerogasi</i>)
	c. Prentah	<ul style="list-style-type: none"> • Lawan rembag maringi response awujud tumindak • Saged awujud ukara langsung utawi boten langsung • Ngginakaken tembung kriyasaha pikantuk panambang -i, -a, -ke, -na, -ana, -en • Panutur anggadhahi kuwaos ingkang langkung inggil tinimbang lawan rembag. • Wujudipun: nyarujuki, <i>menghendaki</i>, <i>mrentah</i>, nuntut, <i>mengarahkan</i>, paring pamanggih wonten satungaling bab, ngatur, maringi sarat.
	d. Menging	<ul style="list-style-type: none"> • Kangge matesi wonten ing satungaling perkawis • Supados lawan rembag menika boten nindakaken tumindak ingkang sae. • Ngginakaken tembung pamenging kados ta, aja utawi ora usah/sampun kados mekaten.
	e. Paring Idin	<ul style="list-style-type: none"> • Panutur gadhah posisi minangka tiyang ngkang langkung inggil tinimbang lawan rembagipun • Gadhah raos percaya lawan rembag dhateng panutur ingkang kangge dasar anggenipun tumindak. • Wujudipun: maringi idin, <i>mengabulkan</i>, <i>membolehkan</i>, <i>menganugerahi</i>, saha <i>memaafkan</i>.
	f. Pitutur	<ul style="list-style-type: none"> • Ancasipun supados lawan rembag menika boten ngambali tumindak ingkang boten sae saha maringi pamrayogi saking tumindak menika. • Wujudipun: maringi pitutur, <i>memperingatkan</i> saha maringi pirsas (<i>menyarankan</i>).
2	<i>Kesantunan Tindakan Tutur Direktif</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Ngginakaken tuturan boten langsung • Nalika ngandika kedah gatosaken wekdal lan kahanan tartamtu • Ragam basa jumbuh kaliyan kahanan tartamtu • Mangertos kapan anggenipun badhe ngendika nalika wicantenan

		<ul style="list-style-type: none"> • Kados pundi anggenipun ngatur banter botenipun swanten nalika wicantenan • Panglembana dhateng lawan rembag • Kados pundi solah bawanipun nalika wicantenan • Mangertos kapan kedah mendel lan mungkasi wicantenan. • Micara kanthi wajar kanthi akal pikiran sehat • Nengenaken perkawis ingkang dipunkajengaken • Anggadahi raos sae dhateng lawan rembag • Panutur anggenipun ngendika saged nampa wangsulan utawi kritikan saking lawan rembag. • Ngginakaken wujud ingkang ngetingalaken boten sarujuk kanthi ukara ingkang sae • Ngginakaken wujud ingkang luwes nalika ngandharaken utawi wujud kangge bela dhiri pribadi kanthi luwes sinambi nyindhir • Saged bedakaken kahanan nalika guyon utawi serius. • Ngginakaken tembung “<i>tolong/ tulung</i>” nalika nyuwun pambyantu dhateng tiyang sanes. • Ngginakaken tembung “<i>maaf pangapunten</i>” nalika nindakaken kalepatan • Ngginakaken tembung “<i>terima kasih/atur suwun</i>” nalika kangg atur pakurmatan nalika pikantuk perkawis ingkang sae. • Ngginakaken tembung “<i>beliau/panjenengan</i>” nalik wicantenan kaliyan tiyang kaping tiga • Ngginakaken tembung “<i>bapak/ibu</i>” kangge atur pakurmatan dhateng tiyang kaping tiga ingkang langkung sepuh.
3	<p><i>Ketidaksantunan Tindak Tutur Direktif</i></p>	<ul style="list-style-type: none"> • Ngginakaken tuturan langsung • Ngandharaken kritik kanthi langsung tumuju lawan rembag kanthi cara kasar • Anggenipun ngandharaken kanthi raos emosi • <i>Protaktif</i> kaliyan pamanggihipun • Sengaja damel raos boten sae dhateng lawan rembag. • Nyindir utawi nuduh adhedhasar curiga dhateng lawan rembag. • Damel lawan rembag dados raos manut kaliyan panutur. Tegesipun menika lawan rembag menika medalaken “<i>ragat</i>”. Ragat menika saged

	<p>awujud materi, fisik, psikologis, lan sapanunggalanipun.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ngandharaken tuturan boten sae dhateng lawan rembag utawi perkawis sanes ingkang gayut kaliyan panutur. • Ngandharaken raos remen nalika lawan rembag pikantuk perkawi • Ngandharaken raos boten sarujuk kaliyan lawan rembag • Panglembana dhateng dhiri panutur
--	--

Katrangan:

Titikan inggil menika dipunpendhet saking pinten-piten pamanggih inggih menika:

- ginanipun *direktif*: Searle (lumantar Gunarwan, 1994: 85).
- kesantunan: Pranowo (2009; 74-75; 104) saha Masnur Muclish (2006, 3-4).
- ketidaksantunan: Pranowo (2009) saha Cruise (wonten Gunarwan, 2007: 164).

Tabel 6. Titikan Pematuhan saha Pelanggaran Maksim Leech

No	Maksim Kesantunan Leech	Titikan	
		Pematuhan	Pelanggaran
1	Kwicaksanan	<ul style="list-style-type: none"> • Nengenaken begja dhateng panutur • Boten meksa saha boten ngedhahaken • Boten nyindir 	<ul style="list-style-type: none"> • Damel tuna dhateng lawan rembag • Ketingal meksa • Ngedhahaken dhateng panutur • Nyindir lawan rembag
2	<i>Kedermawanan</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Boten damel begja kangge panutur 	<ul style="list-style-type: none"> • -Damel begja dhateng panutur
3	Panglembana	<ul style="list-style-type: none"> • Panglembana dhateng lawan rembag • Gadhah pamanggih sae dhateng lawan rembag • Ngalem dhateng tumindak ing lawan rembag • Boten ngandhapaken lawan rembag 	<ul style="list-style-type: none"> • Panglembana dhateng dhiri • Gadhah pamanggih awon dhateng lawan rembag • ngece dhateng tumindak ing lawan rembag

			<ul style="list-style-type: none"> • Ngandhapkan lawan rembag
4	Andhap asor	<ul style="list-style-type: none"> • Panutur boten nginggilaken manahipun • Boten <i>arogan</i> utawi miturut tumindak piyambak 	<ul style="list-style-type: none"> • Panutur nginggilaken manahipun • Wonten tumindak ingkang sipatipun arogan
5	Pasarujukan	<ul style="list-style-type: none"> • Nengenaken lawan rembag kangge milih • Maringi pirsu nalika wonten kagiyatan ingkang badhe kadadosan • Mrentah Boten kanthi langsung • -Sami sarujuk 	<ul style="list-style-type: none"> • Boten Nengenaken lawan rembag kangge milih • Boten Maringi pirsu nalika wonten kagiyatan ingkang badhe kadadosan • Mrentah kanthi langsung • Boten sarujuk
6	<i>Simpat</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Tanggap dhateng lawan rembag • Maringi panyengkuyung dhateng lawan rembag 	<ul style="list-style-type: none"> • Boten tanggapdhateng lawan rembag • Mendel kemawon nalika lawan rembag pikantuk memala

Dipunpendhet saking Riko (2017) saha Kesantunan Leech (1993)

E. Caranipun Analisis Dhata

Caranipun nganalisis dhata menika gayut kaliyan cara supados dhata menika saged dipunmangertosi dening panaliti utawi pamaos. Analisis dhata menika dados cara kangge nglajengaken pirembaran salajengipun. Miturut Sugiyono (2009: 244)

analisis dhata inggih menika:

“proses mencari dan menyusun secara sistematis dhata yang diperoleh dari hasil wawancara, catatan lapangan dan dokumentasi, dengan cara mengorganisasikan data ke dalam kategori, menjabarkan ke dalam unit-unit, melakukan sintesa, menyusun ke dalam pola, memilih mana yang penting dan yang akan dipelajari, dan membuat kesimpulan sehingga mudah dipahami oleh diri sendiri maupun orang lain”.

Miturut Miles saha Huberman (lumantar Sugiyono, 2009: 246- 252), ngandharaken proses anggenipun analisis dhata wonten ing panaliten kualitaitf, inggih menika 1) *Reduksi Dhata*, 2) *Mahyakaken Dhata*, 3) *Damel Dudutan*.

1. *Reduksi Dhata*

Dhata ingkang sampun kempal menika cacahipun mesthinipun kathah. Saengga kedah dipundamel reduksi supados dhata menika saged cetha saha nggampilaken kangge analisis dhata. Reduksi dhata menika proses seleksi, penyederhanaan saha abstraksi. Reduksi dhata diputindakaken kanthi cara nyeleksi, damel ringkesan cekak, damel klasifikasi dhata supados langkung fokus, saha perangan ingkang kirang wigatos menika dipunicali minangka cara kangge mendhet dudutan. Wonten panaliten menika *klasifikasi ginanipun, kesantunan, ketaksantunan, saha pelanggaran tindak tutur direktif* tuturan film Calon Bini menika adhedhasar titikan saking *diksi* utawi *satuan lingual* ingkang dipunginakaken, *makna* tuturan, *ancasipun* tuturan, *konteks* tuturan, saha dipuntingali saking *analisis konteks* saha *wangsulan* saking tuturan menika dhateng pamireng. Saengga dipunpanggihaken asiling panaliten arupi ginanipun, *kesantunan, ketaksantunan, saha pelanggaran tindak tutur direktif*.

2. *Mahyakaken Dhata*

Sasampunipun dhata menika dipunkirangi, lajeng dipunmahyakaken kanthi cara penyajian dhata. Penyajian dhata wonten panaliten *kualitatif* kanthi cara ngandharaken tabel, bagan, lan sanesipun. Mahyakaken dhata wonten panaliten *kualitatif* menika sipatipun *naratif*. Kanthi mahyakaken dhata menika, nggampilaken panaliti mangertosi pirembaran salajengipun. Wonten panaliten

menika, sasampunipun sampun mangertosi saben perangan menika, dipunlajengaken mahyakaken dhata. Mahayakaken dhata menika kanthi cara damel tabel, tabel menika nggampilaken kangge pirembagan salajengipun. Tabel menika awujud dhata saking *proses reduksi* inggih menika, ginanipun, *kesantunan*, *ketidaksantunan*, saha *pelanggaran tindak tutur direktif*. Tabel menika nggampilaken kangge andharan dhata asiling panaliten.

3. Damel Dudutan

Mendhet dudutan wonten ing panaliten kualitatif menika sipatipun sawetara, ananging menawi dudutan wonten wiwitan menika dipunsengkuyung dhata ingkang leres nalika manggihahken wonten papan panaliten, dudutan menika saged dados dudutan ingkang *kredibel*. Wonten panaliten menika dudutan menika dipunpendhet nalika dhata ingkang sampun dipun*reduksi*, dipunmahayakaken, menika dipuntrepaken kaliyan pangertosan-pangertosan saha wosing perkawis. Menawi antawisipun wosing perkawis, dhata saha teori sampun jumbuh, menika saged dipunpendhet dudutan.

Wonten panaliten menika caranipun nganalisis ngginakaken *metode padan pragmatis* saha *metode kontekstual*. Sudaryanto (1993: 14-15), ngandharaken *metode padan* menika *cara nganalisis satuan lingual* kanthi lawan rembag menika dados objek kangge nemtokaken *identitias satuan lingual* menika, kados ta *satuan lingual* asiling *wangsulan* tuturan panutur dhateng lawan rembag. Perkawis meinka gayut kaliyan panaliten menika bilih wonten panaliten menika dhatanipun awujud tuturan *direktif* ingkang betahaken *response* saking lawan rembagipun. Dhata

tuturan menika saged dipunanalisis kanthi mangertosi wangsulun lawan rembag ingkang katitikaken saking *satuan lingual*ipun.

Metode kontekstual menika cara nganalisis dhata kanthi gayutaken kaliyan konteks. Wonten panaliten menika caranipun nganalisis dhata. *Konteks* menika dhasaring pangandikan nalika ngawontenaken wiantenan. Dados, asiling analisis dhata menika dipunandharaken kaliyan *konteks tuturanipun*. Supados dhata menika langkung cetha saha nggampilaken madosi ancasipun utawi *pesan* saking tuturan menika. Dhasar ngginakaken metode menika inggih menika bilih tuturan menika boten saged ical saking *konteks*. Saengga *konteks* menika dipunbetahaken kangge nganalisis tuturan. Tuladha caranipun nganalisis dhata wonten panaliten menika inggih menika:

- (2) Konteks : Nalika Mas Sapto pepanggihan kaliyan Ningsih lan kancanipun, salah satunggaling kancanipun ingsih menika lendot-lendot Mas Sapto.
Mas Sapto : “Ora-ora, minggir kowe!!”.

Tuturan menika dipuntuturaken dening Mas Sapto minangka panutur kaliyan kancanipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten ing jembatan nalika Ningsih kaliyan kancanipun wangsul saking sekolah. Ancasipun tuturan menika kangge ngrayu Mas Sapto. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lan santai. Pesan saking tuturan menika supados Mas Sapto kemawon ingkang milih Ayu dados garwanipun. Tuturan menika kalebet tuturan *direktif* amargi wonten *satuan lingual* “minggir kowe”. Tembung “minggir kowe” nedhahaken bilih Ayu supados nebihi Mas Sapto. Tututran menika ugi dipunsarengi kaliyan swanten ingkang inggil, ingkang nedhahaken bilih tuturan

menika kangge nolak saha ngusir. Wangsulan saking tuturan menika awujud Ayu nebihi Mas Supto.

F. Caranipun Ngesahaken Dhata

Caranipun ngesahaken dhata wonten ing panaliten menika ngginakaken *uji validitas* saha *uji reliabilitas*. Miturut Sugiyono (2007: 117), *validitas* menika drajat kangge nemtokaken kaleresan dhata ingkang sampun kapendhet wonten papan panaliten kaliyan dhata ingkang awujud seratan asiling panaliten. Dados, dhata ingkang panaliti panggihaken menika boten beda kaliyan dhata ingkang dipunandharaken. Lajeng, *validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas semantis* saha *pertimbangan ahli materi*. Miturut Endraswara (2013: 164), *validitas semantis* inggih menika ngukur *tingkat kesensitifan makna simbolik* ingkang gegayutan kaliyan *konteks*. Wonten panaliten menika ngginakaken *validitas semantis* amargi dhata ingkang dipunginakaken menika gayut kaliyan *konteks* tuturanipun. *Pertimbangan ahli materi* menika kanthi cara *konsultasi* dhateng dosen pembimbing.

Reliabilitas ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika ngginakaken *keajegan nyemak*. *Keajegan nyemak* dipunlampahi kanthi panaliti nyemak film Calon Bini kanthi premati saha dipunambali malih, sinambi nemtokaken ginanipun *tindak tutur direktif*, *kesantunan* saha *ketidaksantunan* saha *pelanggaran kesantunan berbahasa*. Dados, panaliti menika menika nyemak film Calon Bini kanthi ngambali film Calon Bini ngantos saged nemtokaken ginanipun *tindak tutur*

*direktif, kesantunan saha ketidaksantunan saha pelanggaran kesantunan
berbahasa.*

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten ngandharaken bilih *Kesantunan tindak tutur direktif* wonten film calon Bini menika maka warni wujudipun. Saben wujud menika ngandharaken tuturan ingkang mujudaken *Kesantunan tindak tutur direktif*. Wonten panaliten menika *Kesantunan* tindak tutur irektif dipunperang dados sekawan inggih menika 1) *ginanipun tindak tutur direktif*, 2) *Kesantunan tindak tutur direktif*, 3) *ketidaksantunan tindak tutur direktif*, sarta 4) *Pelanggaran Maksim Kesantunan* Leech. Sekawan menika gayut wonten wicantenan saklebeting film menika. Kanthi mangihaken asiling panaliten menika sage dipuntingali bilih film menika pundi ingkang kalebet sekawan perangan menika. Asiling panaliten ingkang dipantha-pantha miturut sekawan kajian menika dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

Tabel 7. Asiling Data Tuturan *Kesantunan Tindak Tutur Direktif*.

No	Fokus Panaliten	Jinis Kajian	Wujudipun Tuturan Direktif
1	<i>Ginanipun Tindak tutur direktif</i>	Panyuwunan	Tuturan pangajak, panyuwunan, paring donga, paminta
		Pitaken	Tuturan pitaken ingkang betahaken wangsulan panerang Pitaken kanthi wangsulan nggih/boten

		Mrentah	Tuturan mrentah, paminta, ngedahaken, paring panyaruwe
		Menging	Tuturan menging kanthi <i>satuan lingual</i> “aja”, “ora usah”
		Paring Idin	Tuturan nolak, boten sarujuk, saha sarujuk
		Paring Pitutur	Tuturan paring pitutur dhateng tiyang langkung anom kaliyan langkung sepuh
2	<i>Kesantunan Tindak Tutur Direktif</i>	Ngginakaken Ukara Boten Langsung	Tuturan mrentah kanthi ukara pawarta saha pitaken
		Panglembana Dhateng Lawan rembag	Tuturan panglembana minangka asiling lawan rembag saha panglembana amargi sampun paring bingahing dhateng panutur
		Anggadhahi Raos Sae Dhateng Lawan rembag	Tuturan direktif <i>membolehkan</i> saha paring pitutur

		Ngginakaken Wujud ingkang Ngetingalaken Boten Sarujuk kanthi Ukara ingkang Sae	Tuturan nyindir, nolak paring pitutur
		Ngginakaken Tembung Pakurmatan Dhateng Lawan rembag	Tuturan mrentah saha panglembana
3	<i>Ketidaksantunan Tindak tutur direktif</i>	Ngginakaken Ukara Langsung Dhateng Lawan rembag	Tuturan mrentah saha ngusir
		Panglembana Dhateng Dhiri Panutur	Tuturan panglembana dhateng dhiri panutur ingkang medalaken sipat gumedhe
		Ngandharaken Kritik kanthi Langsung Dhateng Lawan rembag Kanthi Cara Kasar	Tuturan nyuwun pirsaha saha paring pitutur.
		Boten Saged Bedakaken Perkawis ingkang Wigatos kaliyan Guyon	Tuturan panyuwunan, menging saha pitaken
		Anggenipun Ngandharaken Kanthi Raos Nesu	Tuturan ngedahaken paring idin saha panyuwunan
		<i>Protaktif</i> kaliyan pamanggihipun	Tuturan paring pitutur saha panglembana
		Nyindhir utawi Nudhuh Dhateng Lawan rembag.	Tuturan paring pitutur saha panglembana
		Ngandharaken Tuturan Boten Sae Dhateng Lawan rembag	Tuturan mrentah menging, saha panglembana

		Ngandharaken Raos Boten Sarujuk kaliyan Lawan rembag	Tuturan menging saha mrentah
3	<i>Pelanggaran Maksim Kesantunan Leech</i>	<i>Maksim Kawicaksanana</i>	Tuturan panglembana, nyuwun pirsu, menging
		<i>Maksim Kedermawanan</i>	Tuturan panyuwunan, menging, ngedahaken
		<i>Maksim Panglembana</i>	Tuturan panglembana dhateng dhiri
		<i>Maksim Andhap Asor</i>	Tuturan menging, pitaken, panglembana
		<i>Maksim Pasarujukan</i>	Tuturan pitaken paring idin
		<i>Maksim Simpati</i>	Tuturan panglembana saha paing pitutur.

Tabel asiling panaliten ing inggil menika dipundamel saking asiling analisis dhata tuturan wonten ing perangan lampiran (tabel analisis dhata). Saking asiling analisis dhata menika, lajeng dipuntemtokaken cacahipun tuturan *direktif* wonten ing saben kajian pragmatik, lajeng damel dudutan kangge nemtokakaken wujud tuturan *direktif*. Ancasipun damel tabel asiling dhata panaliten menika kangge mangertosi kados pundi wujudipun *tindak tutur direktif* wonten ing saben kajian pragmatik.

B. Pirembagan

Pirembagan wonten panaliten menika ngadharaken *Kesantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini ingkang dipunperang dados sekawan objek kajian inggih menika, ginanipun *tindak tutur direktif*, *Kesantunan tindak tutur*

direktif, ketidasantunan *tindak tutur direktif* saha pelanggaran Kesantunan Leech. Pirembagan sekawan objek kajian bahasa menika badhe dipun andharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Ginanipun Tindak tutur direktif

a) Panyuwunan

Tindak tutur awujud panyuwunan menika ginanipun tindak tutur kangge mahyakaken kekajengan panutur saking penggalih panutur. Panyuwunan menika gadhah sipat pangajap-ajap dhateng lawan rembag. Pangajab menika ateges supados kekajengan menika saged katindakaken dening lawan rembag. Saengga panutur menika medalaken tuturan kangge mrentah menika. Wujudipun nyuwun, maringi donga, ngajak, ngundhang lan sapanunggalanipun. Ginanipun tindak tutur panyuwunan wonten panaliten menika badhe dipunrembag wonten ing ngandhap menika.

(3) Konteks: Prastawa menika kadadosan nalika lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih. Nalika Pak Lik badhe miwiti proses lamaran Mas Sapto gadhah kekajengan supados cepetekan malih.

Tuturan:

Mas Sapto: “Pak Lik dicepetke malih!”

(Pak, dicepatkan lagi)

(Dhata, A.02)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Mas Sapto minangka panutur kaliyan Pak Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten ing griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge ngadharaken tuturan panyuwunan dhateng Pak Lik ingkang

paring pambagyaharja. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa krama lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika supados anggenipun pambagyaharja menika dipunbanteraken malih. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet tuturan direktif awujud panyuwunan. Titikan tindak tutur menika kalebet panyuwunan inggih menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwun saking lawan rembag ingkang miturut panutur menika kirang trep kaliyan pamanggih panutur. Wonten tuturn menika ugi ngginkaken *satuan lingual* “dicepetke” ngandharaken supados lawan rembag menika banteraken anggenipun miwiti adicara lamaran dipunbanteraken malih. Awit saking menika lawan rembag ingkang mirengaken tuturan menika lajeng banteraken anggenipun murwakani adicara lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih.

(4) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten stasiun. Nalika Ningsih badhe bidhal dhateng Jakarta kangge nyambut damel. Tiyang sepuhipun maringi donga dhateng Ningsih.

Tuturan:

Ibu Ningsih : “Ati-ati ya Sih *jaga diri* ya...”
(*Hati-hati ya Sih jaga diri ya*)

Ningsih : “Nggih Bu”
(*Iya Bu*)

(Dhata, A.07)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibunipun Ningsih minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten ing stasiun. Ancasipun tuturan menika kangge

ngadharaken tuturan paring donga dhateng Ningsih nalika badhe bidhal wonten Jakarta. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko alus saha *santai*. Pesan saking tuturan menika supados Ningsih menika saged ngatos-atos saha njagi dhiri nalika bidhal wonten Jakarta. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pawarta

Tuturan menika kalebet tuturan direktif panyuwunan kanthi wujud maringi donga. Titikan saking tuturan menika inggih menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipuntuturaken dening lawan rembag supados pikantuk rahayu nalika nitih kreta dhateng Jakarta. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “ati-ati” ingkang tegesipun ibunipun Ningsih paring pandonga dhateng Ningsih. Tuturan menika ugi dipunwangsuli kanthi tuturan “inggih Bu” ingkang nedhahaken bilih Ningsih menika badhe ngatos-atos saha njagi dhiri nalika nitih kreta bidhal wonten apapan pedamelan.

(5) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Sabibaripun wangsul saking Jakarta Ningsih kaliyan Tiyang sepuhipun pepanggihan kaliyan Mas Supto ingkang sampun ngentosi.

Tuturan :
Ibu Ningsih : “Sekedhap ya Mas”. (Dhata A.08)
(*Sebentar ya Mas*)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibunipun Ningsih minangka panutur kaliyan Mas Supto minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge ngadharaken tuturan supados Mas Supto menika

nengga rumiyin. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa krama alus saha nandhang susah amargi Ningsih nembe kemawon dipunpedhot saking pedamelanipun. Pesan saking tuturan menika supados Mas Sapto menika nengga rumiyin wonten ing njawi amargi kulawarganipun Ningsih nembe kemawon dugi. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud panyuwunan. Titikan tuturan menika panyuwunan inggih menika wonten satunggaling perkawis ingkang kedah dipuntindakaken dening lawan rembag amargi miturut panutur menika kahananipun dereng trep kaliyan pamangih lawan rembag. Titikan sanesipun inggih menika ngginakaken tembung “sekedhap” ingkang tegesipun supados nengga rumiyin. Saking tuturan menika ugi Mas Sapto lajeng nengga wonten njawi.

- (6) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun majikanipun Ningsih. Nalika Bu Andini kaliyan garwanipun kondur saking manca, Ningsih ngajak dhateng simbah supados wungu.

Tuturan:

Ningsih: “Mbah, mbah, mbah lanang tangi mbah, ayo mbah!”

(Mbah, mbah kakung bangun mbah, ayo mbah!)

(Dhata, A.10)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ningsih minangka panutur kaliyan mbah lanang minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge ngadharaken tuturan supados mbah lanang menika

wungu saking sarenipun. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha ngetingalaken kesesa. Pesan saking tuturan menika supados mbah lanang menika nengga wungu saking sarenipun amargi majikanipun sampun kondur saking negara ngamanca. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* panyuwunan awujud ngajak. Titikan saking ngajak menika awujud tuturan ingkang nengenaken kegiatan supados lawan rembag menika mangsuli tuturan menika kanthi sesarengan. Titikan sanes inggih menika kanthi *satuan lingual* “tangi mbah, ayo mbah” ingkang nedhahaken bilih Ningsih ngajak mbah lanang supados wungu saking sarenipun. Saking tuturan menika lajeng mbah lanang wungu saking sarenipun.

b) Pitakenan

Pitakenan menika ginanipun tindak direktif amargi pitakenan menika betahaken response saking lawan rembag saking menapa ingkang dipunsuwunaken pirsaa. dipunginakkaen kangge manggihaken informasi saking lawan rembag. Wonten ig panaliten menika wujud pitakenan wonten ing film Calon Bini dipunandharaken kanthi wangsulan inggih/boten utawi kangge ngandharaken satunggaling perkawis. Pitakenan wonten ing film menika badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(7) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih, Pak Lik nyuwun pirsu dhateng Bu Lik kados pundi raosipun nalika omah-omah.

Tuturan :
Pa Lik : “Enak ta?”
(*Enak kan?*)
Bu Lik : “Hooh”
(*Iya*)

(Dhata, A.11)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Lik minangka panutur kaliyan Bu Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika nyuwun pirsu kangge mesthekaken. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Pak Lik nyuwun pirsu dhateng Bu Lik kangge mesthekaken bilih kados pundi raosipun nalika sampun palakrama. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud pitaken. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken pirsu dhateng lawan rembag saha lawan rembag mangsuli pitakenan menika. Tuturan menika ugi dipuntitiki kanthi pungkasaning ukara kanthi tandha pitaken (?). Pitakenan menika mujudaken tuturan kangge mesthekaken saking wangsulanipun Bu Lik inggih menika “hooh” ingkang nedhahaken bilih raosipun nalika sampun palakrama menika raosipun eco. Saking wangsulan menika Pak Lik saha kulawarganipun Ningsih menika dados percaya bilih raosipun nalika sampun palakrama menika eco.

(8) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Pak Kades ingkang dipundamel kuciwa amargi adicara menika boten cetha nyuwun pirsu dhateng Bapanipun Ningsih babagan kahanan wonten adicara lamaran menika.

Tuturan:

Pak Kades : “Iki piye iki?”

(Ini bagaimana ini)

Bapak Ningsih: “Dadi kula boten ngerti perkarane lho Pak”

(Saya tidak tahu masalahnya lho Pak)

(Dhata, A.12)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Kades minangka panutur kaliyan Bapanipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika nyuwun pirsu kangge mesthekaken. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha radi riweuh amargi adicara lamaran menika damel kuciwa Pak Kades. Pesan saking tuturan menika Pak Kades nyuwun pirsu dhateng Bu Lik kangge mesthekaken bilih kados pundi adicara lamaran menika saged boten cetha. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* pitaken. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken pirsu dhateng lawan rembag saha lawan rembag mangsuli pitakenan menika. Tuturan menika ugi dipuntitiki kanthi pungkasaning ukara kanthi tandha pitaken (?). Pitakenan menika mujudaken tuturan pitaken kangge mesthekaken amargi wonten satunggaling perkawis ingkang miturut menika dereng cetha. Saking wangsulan menika ugi

ngandharaken ilih Bapanipun Ningsih menika boten mangertos adicara menika dados boten trep kaliyan pamanggih Pak Kades. Saking tuturan menika ugi Pak Kades langskung dipundamel kuciwa.

(9) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten margi, nalika nitih dhokar Bapa saha Ibunipun Ningsih pepanggihan kaliyan Pak Lik ingkang nyuwun pirsu.

Tuturan:

Pak Lik : “Jarene wingi beres”
(*Katanya kemarin beres*)

Bapak Ningsih : “Apa ta kuwi?”
(*Apa sih itu*)

Pak Lik : “Anakmu, Ningsih”
(*Anakmu Ningsih*)

(Dhata, A.13)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Lik minangka panutur kaliyan Bapanipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten margi nalika nitih dhokar. Ancasipun tuturan menika nyuwun pirsu kangge mesthekaken. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Pak Kades nyuwun pirsu dhateng Bu Lik kangge mesthekaken bilih kados pundi pirembaran lamaran Mas Supto kaliyan Ningsih. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud pitakenan. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken pirsu dhateng lawan rembag saha lawan rembag mangsuli pitakenan menika. Tuturan menika ugi dipuntitiki kanthi pungkasaning ukara kanthi tandha pitaken (?). Pitakenan menika

mujudaken tuturan pitaken kangge ngemotaken kanthi wangsulanipun Bapanipun Ningsih inggih menika “apa ta kuwi” lajeng dipunwangsul “anakmu Ningsih” ingkang nedhahaken bilih wonten perangan ingkang supe dening Bapanipun Ningsih wonten pirembagan lamaran. Saking wangsulan menika Bapanipun Ningsih lajeng eling pirembagan menika.

(10) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pikantuk foto kintunan saking Ningsih, Ibu nyuwun pirs dhateng Bapak.

Tuturan:

Bapak Ningsih : “Lha sawahe dhewe sing endi?

(Lalu, sawahnya kita sebelah mana?)

Ibu Ningsih : “Wong sawah ngontrak kabeh, dhewe ra nduwe sawah”

(Sawah ngontrak semua, kita tidak punya sawah)

(Dhata, A.17)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapa minangka panutur kaliyan Ibu minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten ing stasiun. Ancasipun tuturan menika nyuwun pirs kangge mesthekaken. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Bapa nyuwun pirs dhateng Ibu kangge mesthekaken saBinipun menika ingkang sisih pundi. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud pitakenan. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken pirs dhateng lawan rembag saha lawan rembag

mangsuli pitakenan menika. Tuturan menika ugi dipuntitiki kanthi pungkasaning ukara kanthi tandha pitaken (?). Pitakenan menika mujudaken tuturan pitaken kangge mesthekaken papan kanthi pitaken “sing endi” ingkang nedhahaken bilih Bapa menika nyuwun pirsabab papan saBinipun. Saking wangsulanipun Ibu menika Bapanipun Ningsih dados mangertos bilih kulawrganipun boten gadhah sabin.

c) Mrentah

Mrentah menika ginanipun tindak tutur ingkang betahaken tumindak saking tuturan panatur. Tumindak menika gayut kaliyan kekajengan saking panatur utawi wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados nindakaken tuturan panatur. Panatur ingkang medalaken mrentah biasanipun betahaken pambyantu saking lawan rembag. Wujudipun tindak mrentah menika nyarujuki, *menghendaki*, *mrentah*, nuntut, *mengarahkan*, paring pamanggih wonten satunggaling bab, ngatur, maringi sarat lan sapanunggalanipun. Pirembagan ginanipun tindak tutur mrentah wonten ing panaliten menika badhe dipunrembag wonten ing ngandhap menika.

(11) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun majikanipun Ningsih. Nalika menika kulawrganipun dhateng papan menika, Bapanipun Ningsih kepanggih keliyan batur wonten papan menika. Lajeng mrentah supados dipundamelaken unjukan.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Eh..ehh..ehh iku baturmu to, sisan gaweke kopi ora nganggo gula, ke’i uyah sithik, nggo ngilagi masuk angin yaa, kana-kana!”
(*Eh...ehh..ehh.. itu temanmu ya, sekalian buat kopi tidak pakai gula, diberi garam sedikit untuk menghilangkan masuk angin, sana sana!*)

(Dhata, A.23)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan baturipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsih.. Ancasipun tuturan menika kangge mrentah. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Bapanipun ingkang mrisani baturipun Ningsih mrentah piyambakipun supados damelaken unjukan kangge Bapa. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud mrentah. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados nindakaken tuturan panutur inggih menika kanthi *satuan lingual* “gaweke kopi”. Tembung menika saking tembung “gawe” pikantuk panambang –ke. Wonten tuturan menika ugi medalaken bilih panutur menika anggadhahi kuwaos dhateng mira tutur inggih menika suraos dados majikan wonten dalem menika. Saengga, nalika mirengaken tuturan menika baturipun Ningsih menika lajeng damelaken unjukan kangge Bapa.

(12) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten ing griyanipun Ningsih. Sabibaripun lulusan sekolah tiyang sepuhipun Ningsih ngrembag syukuran amargi Ningsih sampun lulus.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Pak Bu karo kowe Nah, iki awak dhewe kudu golek dina sing apik di enggo syukuran, merga Ningsih wis lulus le sekolah, lha sawise lulus Ningsih njur...”

(Pak Bu sama kamu Nah, kita harus cari hari baik untuk syukuran, karena Ningsih sudah lulus sekolah. Setelah lulus Ningsih kemudian....)

(Dhata, A.24)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan kulawarganipun minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih.. Ancasipun tuturan menika kangge ngedahaken. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Bapa ngendhika dhateng kulawarganipun supados kedah pados dinten kangge syukuranipun Ningsih. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* mrentah awujud ngedahaken Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados kedah dipuntindakaken dening lawan rembag. Titikan sanesipun ingkang nyebataken bilih tuturan menika kalebet ngedhahake inggih meniika kanthi *satuan lingual* “kudu golek” ingkan nedhahaken bilih lawan rembag menika kedah pados dinten ingkang sae. Saking tuturan

menika lajeng kulawarganipun menika ngrembag dinten ingkang sae kangge syukuranipun Ningsih.

(13) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun majikannipun Ningsih. Nalika kulawarganipun Ningsih wonten papa menika. Simbah temangsang wonten pager amargi boten mangertos caranipun mlebet. Saengga, bapanipun ningsih rentah supados mlumpat kemawon.

Tuturan :
Bapak Ningsih : “Mlumpat Mbah..mlumpat...”
(*Loncat...Mbah..loncat*)

(Dhata, A.27)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panatur kaliyan Mbah Kakung minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsih.. Ancasipun tuturan menika kangge mrentah. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *panik* amargi mbah kakung menika boten saged medhak saking pager. Pesan saking tuturan menika Bapa mrentah mbah kakung supados medhak kanthi mlumpat saking pager kemawon. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud mrentah. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados nindakaken menapa ingkang panatur tuturaken inggi menika mlumpat. Titikan sanesipun ingkang nyebataken bilih tuturan menika kalebet ngedhahake inggih meniika kanthi *satuan lingual* “mlumpat mbah”. Sanajan boten

pikantuk panambang, tuturan menika dipuntingali saking konteks wicantenan ingkang kahananipun *panik* nalika mbah kakung menika boten saged medhak saking pager ingkang inggil sanget. Saengga Bapa menika mrentah supados mbah menika mlumpat kemawon. Saking tuturan menika, mbah kakung lajeng medhak saking pager ingkang inggil menika.

(14) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembaran bab Ningsih wonten Jakarta, tiyang sepuhipun pikantuk layang saking Ningsih ingkang wosipun foto-foto Ningsih wonten Jakarta.

Tuturan:

Ibu Ningsih: “Buka Pak...!”

(Dhata, A.22)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu minangka panutur kaliyan Bapak minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsih.. Ancasipun tuturan menika kangge mrentah. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Bapa mrentah Bapa supados bikak layang kintunan Ningsih nalika nyambut damel wonten ing Jakarta. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud mrentah. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados nindakaken menapa ingkang panutur tuturaken inggih menika bikak layang. Titikan

sanesipun ingkang nyebataken bilih tuturan menika kalebet ngedahaken inggih meniika kanthi *satuan lingual* “buka pak” ingkang nedhahaken supados bikak layang kintunan saking Ningsih. Saking tuturan menika lajeng Bapa bikak layang kintunan menika.

(15) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembagan Pak Lik gadhah pamanggih supados Ningsih lamaran kaliyan Mas Sapto kemawon.

Tuturan:

Pak Lik: “Dadi ditampa wae lamarane Sapto”

(Jadi diterima saja lamaranya Mas Sapto)

(Dhata, A.21)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Lik minangka panutur kaliyan kulawarganipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih.. Ancasipun tuturan menika kangge paring pamanggih dhateng kulawarganipun (*suggesting*). Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Pak Lik ngendhika dhateng kulawarganipun supados nampi lamaranipun Mas Sapto kemawon. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika awujud direktif mrentah awujud paring pamanggih dhateng (*suggesting*) Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang tuturaken dening panutur ingkang paring pamanggih dhateng lawan rembag inggih menika supados nampi lamaran Mas Sapto.

Titikan sanesipun inggih menika *satuan lingual* “ditampa wae” ingkang nedhahaken bilih panutur gadhah kekajengan supados tuturan menika dados pirembagan ingkang wigati. Saking tuturan menika lajeng kulawarganipun Ningsih saha Pak Lik Bu Lik ngrembag lamaranipun Ningsih kaliyan Mas Sapto.

d) Menging

Mening menika ginanipun *tindak tutur direktif* kangge damel lawan rembag boten ngambali tumindak ingkang miturut panutur menika boten sae. Menging sipatipun nyegah saking tumindak ingkang lawan rembag. Saking tuturan menika lawan rembag suraos dados waspada kaliyan tumindakipun. Wonten panaliten menika tuturan mening saged dipunpangguhaken wonten ing film Calon Bini. Pirembagan ginanipun tindak tutur menging wonten ing panaliten menika badhe dipunrembag wonten ing ngandhap menika.

(16) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten sekolah. Sabibaripun lulusan wonten kanca sanesipun ingkang menging supados Ningsih boten palakrama rumiyin.

Tuturan:

Kanca 1: “Ningsih, Aja rabi ndisik, aku meh nglamar dirimu”
(*Ningsih, jangan nika dulu, saya akan melamar dirimu*)

(Dhata, A.2)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Kanca 1 minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika

kadadosan wonten sekolah. Ancasipun tuturan menika kangge menging. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menik Kanca 1 menika menging dhateng Ningsih supados boten palakrama rumiyin amargi badhe dipunlamar dening piyambakipun. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet tindak tutur direktif awujud menging. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang miturut panutur menika kirang sae kangge lawan rembag inggih menika boten palakrama rumiyin. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “aja rabi ndisik” ingkang nedhahaken bilih panutur menging dhateng lawan rembag boten palakrama rumiyin. Saking tuturan menika lajeng Ningsih pikantuk pamanggih supados boten palakrama rumiyin saha boten palakrama rumiyin sasampunipun lulus sekolah.

(17) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun Pak Kades. Nalika wicantenan kaliyan Pak Lik mawi telepon Pak Kades menging supados Mas Sapto boten edan.

Tuturan:

Pak Kades: “Heh, ora edan kowe!!”

(Heh, jangan gila kamu!!)

(Dhata, A.29)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Kades minangka panutur kaliyan Mas Sapto minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten dalemipun Pak Kades. Ancasipun tuturan menika kangge menging. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi

basa ngoko lugu saha kuwaos amargi tumindakipun Mas Sapto boten sae. Pesan saking tuturan menika Pak Kades menging Mas Sapt supados boten edan amargi perkara lamaran. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud menging. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang miturut panutur menika kirang sae kangge lawan rembag inggih menika supados boten edan. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “ora edan kowe!” ingkang nedhahaken bilih panutur menging dhateng lawan rembag boten edan. Sanajan boten ngginakaken tembung pamenging, tuturan menika ngetingalaken menging amargi konteks menika dados titikan ugi nalika ngandharaken, inggih menika tumindaking Mas Sapto ingkang boten. Saking tuturan menika lajeng Mas Sapto pikantuk pamanggih supados boten edan saha boten nindakaken perkawis menika malih.

(18) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika Ningsih bidhal Jakarta, wonten kempalan ibu-ibu kaliyan Simbah Putri ingkang sedhik amargi samoun dipuntilar Ningsih. Ewasemana ugi Mas Sapto sarta kulawaranipun dugi papan menika.

Tuturan:

Mas Sapto: “Wes to mbah ra sah cengeng, mestine sampeyan seneng, piye ta...”

(Sudah mbah, jangan cengeng, mestinya mbah seneng, gimana sih...)

(Dhata, A. 30)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Mas Sapto minangka panutur kaliyan Mbah Putri minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten ngajeng griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge menging. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Mas Sapto menging Mba Putri ingkang saweg nandhang sedhih amargi dipuntilar Ningsih dhateng Jakarta. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud menging. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang miturut panutur menika kirang sae kangge lawan rembag inggih menika boten remen nandhang sedhih. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “ra sah cengeng” ingkang nedhahaken bilih panutur menging dhateng lawan rembag boten remen nandhang sedhih. Saking tuturan menika lajeng Mbah Putri menika pikantuk pamanggih supados boten remen nandhang sedhih saha boten nglajengaken perkawis menika malih.

(19) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten sekola. Nalik lulusan sekolah Kepala Sekolah menging kangge ngelingalake dhateng Siswa-Siswa supados boten kesupen supados ngempalaken seragamipun.

Tuturan:

Kepala Sekolah: “Sek..sek., heh..heh..heh..tenang, tenang. Aja lali seragam baju kalian harus disumbangkan ke panti asuhan.”

*(Sebentar...sebentar,heh...heh...heh..tenang,
tenang. Jangan lupa seragam baju kalian
disumbangkan ke panti asuhan)*

(Dhata, A.32)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Kepala Sekolah minangka panutur kaliyan Mbah Putri minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten sekolah nalika adicara lulusan. Ancasipun tuturan menika kangge menging. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha rame amargi para siswa ingkang remen lulus sedaya. Pesan saking tuturan menika Kepala Sekolah menging para siswa supados boten kesupen anggenipun ngempalaken seragam sekolahipun kangge dipunparingaken panti asuhan. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud menging. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang miturut panutur menika kirang sae kangge lawan rembag inggih menika boten remen nandhang sedhah. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “aja lali” ingkang nedhahaken bilih panutur menging kangge ngemotaken dhateng lawan rembag supados boten kesupen anggenipun ngempalaken seragam sekolahipun kangge dipunparingaken panti asuhan. Saking tuturan menika lajeng para siswa ngempalaken seragamipun.

e) Paring Idin

Paring idin menika ginanipun *tindak tutur direktif* ingkang betahaken pasarujukan saking panutur. Wonten ginanipun *menika* panutur gadhah posisi minangka tiyang ingkang langkung inggil tinimbang lawan rembagipun. Lawan rembag gadhah raos percaya dhateng panutur ingkang kangge dasar anggenipun tumindak. Wujudipun: maringi idin, *mengabulkan*, *membolehkan*, *menganugerahi*, *memaafkan* lan sapanunggalanipun. Pirembagan ginanipun tindak tutur maringi idin wonten ing panaliten menika badhe dipunrembag wonten ing ngandhap menika.

- (20) Konteks: Prastawa menika adicara lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih menika nembe kemawon dipunwiwiti, Mas Satria kaliyan Omah ugi sowan wonten aicara menika kangge nglamar Ningsih. Wonten kahanan menika Ningsih nyuwun pirsu dhateng Bapa.

Tuturan:

Ningsih : “Pak Bu, angsal ta kula *bahagia*?”
(*Pak, Bu, bolehkan saya bahagia*)

Bapak Ningsih: “Entuk..kudu”
(*Boleh...harus*)

(Dhata, A.36)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ningsih minangka panutur kaliyan Bapak minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih nalika adicara lamaran. Ancasipun tuturan menika kangge nyuwun pirsu. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa krama alus saha *santai*. Pesan saking

tuturan menika Ningsih nyuwun idin dhateng Bapa nalika wonten Mas Satria badhe nglamar piyambakipun. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring idin. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring tumindak ing panutur minangka tiyang ingkang dadosaken lawan rembag langkung inggil drajatipun tinimbang panutur inggih menika Ningsih nyuwun idin dhateng Bapa. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “angsal ta” ingkang nedhahaken bilih panutur menika nyuwun idin dhateng bapa supados saged lamaran kaliyan Mas Satria. Saking tuturan menika lajeng Bapanipun menika sarujuk bilih Ningsih menika lamaran kaliyan Mas Satria kanthi wangsulan “entuk, kudu” ingkang tegesipun sarujuk. Wangsulan Bapa menika ngandharaken bilih tindak tutur menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring idin.

(21) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten margi. Sabibaripun wangsul sekolah, Ningsih kepanggih kaliyan mas Sapto ingkang nitih motor nyaketi Ningsih kaliyan kanca-kancanipun sinambi nguda rasa dhateng Ningsih, ananing dipuntolak dening Ningsih.

Tuturan:

Ningsih: “Mas Sapto, kowe arep ngapa wae, aku tetep wegah mas!!”

(Mas Sapto, kamu mau melakukan apa saja, saya tetap tidak mau mas!!)

(Dhata A. 37)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ningsih minangka panutur kaliyan Mas Sapto minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten margi nalika Ningsih wangsul saking sekolah. Ancasipun tuturan menika kangge nolak. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Ningsih nolak Mas Sapto nalika nguda raos dhateng piyambakipun. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud menging. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang miturut panutur menika kirang sae inggih menika boten remen kaliyan lawan rembag. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “wegah mas” ingkang nedhahaken bilih panutur menika nolak lawan rembag. Tuturan menika kalebet nolak amargi sanajan drajatipun Mas Sapto menika langkung inggil tinimbang Ningsih, ananging menika boten remen kaliyan Mas Sapto. Saking tuturan menika lajeng Mas Sapto mangertos bilih piyambakipun boten remen saha boten pepanggihan malih sasapunipun lulusan.

(22) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika badhe adicara lamaran, Ningsih nyuwun idin dhateng ibu supados boten dipunlamaraken kaliyan Mas Sapto.

Tuturan : “Ningsih: Kula janji pun boten teng Jakarta malih, ning kula kuliah riyin nggih Bu?”

(Saya berjanji tidak akan ke Jakarta lagi, tetapi saya kuliah dulu ya Bu?)

Ibu : “Ya wes.”

(Ya sudah)

(Dhata, A.39)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ningsih minangka panutur kaliyan Ibu minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih nalika adicara lamaran. Ancasipun tuturan menika kangge nyuwun pirsaa. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa krama alus saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Ningsih nyuwun idin dhateng Ibu supados boten lamaran kaliyan Mas Sapto. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring idin. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring tumindak ing panutur minangka tiyang ingkang dadosaken lawan rembag langkung inggil drajatipun tinimbang panutur inggih menika Ningsih nyuwun idin dhateng Ibu. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “kula janji” ingkang nedhahaken bilih wonten satunggaling perkawis ingkang kaiket kaliyan lawan rembag kangge damel raos percaya dhateng lawan rembag. Titikan sanesipun menika ibu ingkang dados lawan rembag menika anggadhahi drajat ingkang langkung inggil minangka tiyang sepupun Ningsih. Saking tuturan menika lajeng Ibunipun menika sarujuk kaliyan Ningsih kanthi wangsulan “Ya wes” ingkang tegesipun sarujuk. Wangsulan Ibu menika ngandharaken bilih tindak tutur menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring idin.

f) Paring Pitutur

Paring Pitutur menika ginanipun tindak direktif ingkang dipuntuturaken dening tiang ingkang langkung sepuh utawi langkung aggadahi wawasan tinimbang lawan rembag. Paring pitutur ugi ngandharaken satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan kangge supados mangertos, waspada, boten ngambali kanthi pamrayogi saking tumindak ingkang kirang sae miturut panutur.

Kanthi paring pitutur menika gadhahi ancas supados lawan rembag menika boten ngambali tumindak ingkang boten sae saha maringi pamrayogi saking tumindak menika. Wujud saking paring pitutur menika inggih menika maringi pitutur, *memperingatkan* saha maringi pirsaa (*menyarankan*). Pirembagan ginanipun tindak tutur paring pitutur wonten ing panaliten menika badhe dipunrembag wonten ing ngandhap menika.

(23) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembagan sabibaripun lulus, kulawarganipun Ningsih ngrembag lamaran Ningsih kaliyan Mas Sapto. Ananging Ningsih nolak lajeng Pak Lik paring pitutur dhateng Ningsih.

Tuturan:

Pak Lik: “Kowe ki beja lho Sih, Sapto ben ora pati nggguanteng, ning nek dijak njagong ora ngisin-ngisini. Kabeh ngerti nek kuwi putrane Pak Kades”

(Kamu itu beruntung lho Sih, meskipun Sapto tidak terlalu ganteng, tetapi kalau diajak untung kondangan tidak memalukan. Semua tau kalau sapto anaknya Pak Kades) (Dhata, A.44)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Lik minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih pirembagan lamaran. Ancasipun tuturan menika kangge paring pitutur. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha raos yakin. Pesan saking tuturan menika Pak Lik paring pitutur dhateng Ningsih supados nampi lamaran Mas Sapto. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring pitutur. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan kangge supados mangertos, waspada, boten ngambali kanthi pamrayogi saking tumindak ingkang kirang sae miturut panutur. Titikan sanesipun inggih menika drajat panutur ingkang langkung inggil saha langkung mangertos wonten ing kasunyatan inggih menika Pak Lik. Titikan sanesipun inggih menika kanthi paring pamrayogi wonten pamanggihipun kanthi *satuan lingual* “ben ora pati nggguanteng, ning”. Tuturan menika nedhahaken bilih wonten satunggaling perkawis ingkang Pak Lik ngendikakaken dhateng Ningsih kanti paring pitutur bab Mas Sapto supados langkung percaya. Saking tuturan menika lajeng Ningsih menika mangertos bilih pitutur menika saged dados pirembagan malih nalika badhe nampi lamaranipun Mas Sapto.

(24) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Sabibaripun saking Jakarta, tiyang sepuhipun Ningsih kaliyan Pak Lik Bu Lik konflik. Wonten konflik menika Bapanipun Ningsih paring pitutur dhateng Pak Lik.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Pikiranmu wes pindah nang dengul pa Gung?Merga kowe kepengin dadi kades, Ningsih arep tok korbanke?hooh?Ningsih ki ponakanmu Gung, kowe i adiku ngerti ora?mikir!!!mikir Gung!!!”

(Pikiranmu sudah pindah ke lutut apa Gung? Hanya karena kamu ingin menjadi Kades, Ningsih mau kamu korbankan?iya begitu?Ningsih itu keponakanmu Gung, kamu itu adiku mengerti apa tidak?mikirr!!!mikir Gung!!)

(Dhata, A.46)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Agung (Pak Lik) minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih pirembagan lamaran. Ancasipun tuturan menika kangge paring pitutur. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha nesu. Pesan saking tuturan menika Bapa paring pitutur dhateng Pak Lik supados sadhar bilih tumindakipun menika boten sae. Jinispiun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring pitutur. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan kangge lawan rembag supados mangertos, waspada, boten ngambali kanthi pamrayogi saking tumindak ingkang

kirang sae miturut panutur. Titikan sanesipun inggih menika drajat panutur ingkang langkung inggil saha langkung mangertos wonten ing kasunyatan inggih menika Bapanipun Ningsih minangka kang mas saking Pak Lik. Titikan sanesipun inggih menika paring pamrayogi wonten pamanggihipun kanthi *satuan lingual* “Ningsih ki ponakanmu!”. Tuturan menika nedhahaken bilih wonten satunggaling perkawis ingkang Bapanipun Ningsih ngendikakaken dhateng Pak Lik kanthi raos nesu supados Pak Lik sadhar dhateng tumindakipun saha boten ngambali perkawis menika malih. Saking tuturan menika lajeng Pak Lik menika mangertos bilih tumindakipun menika boten sae saha boten ngambali tumindakipun.

(25) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembagan sabibaripun lulus, Bu Lik paring pitutur dhateng Ningsih.

Tuturan:

Bu Lik: “Owalah Sih...sih. Kowe kuwi wis S3, SD, SMP, SMA. Tak kandani ya Sih, kodrate wong wedok kuwi, sumur, dapur, kasur, kabeh iku isa mergo kulina. Percaya karo Bu Likmu, iya ra..iya ta?”

(Owalah Sih...sih. Kamu itu sudah S3, SD, SMP, SMA. Saya beritahu ya Sih, takdir seorang perempuan itu sumur, dapur, kasur, semua itu bisa karena biasa. Percaya sama Bu Likmu, iya kan?)

(Dhata, A. 43)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bu Lik minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih pirembagan lamaran. Ancasipun tuturan menika kangge paring pitutur. Tuturan menika

kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *semangat* supados paring raos percaya. Pesan saking tuturan menika Bu Lik paring pitutur dhateng Ningsih supados Ningsih menika boten sisah kuliah rumiyin saha nampi kahanan minangka priyantun estri. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring pitutur. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan kangge lawan rembag supados mangertos, waspada, boten ngambali tumindak ingkang kirang sae miturut panutur. Titikan sanesipun inggih menika drajat panutur ingkang langkung inggil saha langkung mangertos wonten ing kasunyatan inggih menika Bu Lik ingkang langkung sepuh tinimbang Ningsih. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “tak kandani ya Sih”. Tuturan menika nedhahaken bilih wonten satunggaling perkawis ingkang Bu Lik badhe andharaken dhateng Ningsih. Saking tuturan menika lajeng Ningsih menika mangertos kahanan nalika dados priyantun estri saha mangertos jejibahanipun.

2. Kesantunan Tindak tutur direktif

Kesantunan menika gayut kaliyan tata caranipun tiyang menika ngandharaken kangge tiyang sanes. *Kesantunan* menika saged dados cara supados komunikasi saged kalampahan kanthi sae. Kanthi *Kesantunan* menika ugi saged dipuntingali kapribadhen saking panutur. Wonten panaliten menika *Kesantunan tindak tutur direktif* saged dipunpangguhaken

wonten ing film Calon Bini. Pirembagan babagan *Kesantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a) Ngginakaken Tuturan Boten Langsung

Ukara boten langsung saged dados titikan kangge *Kesantunan tindak direktif*. Saya tuturan menika dipunandhakaren kanthi langsung, samsaya tuturan menika saged dipunsebat boten *santun*. Kosok wangsulipun, saya tuturan menika dipunandharaken boten langsung samsaya tuturan menika dipunsebat *santun*. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(26) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten sabin. Nalika nandur pantun wonten sabin, saperangan dereng dipunsebar wijiniun, saengga bapa mrentah supados sisih kilen dipunsebar.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Kana mau uwes, wis tak sebari, kulone lho, kulone durung”

(Sana sudah tadi, sudah saya sebar, baratnya itu, sebelah barat belum)

(Dhata, B.01)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Ningsih saha Ibu minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten sabin. Ancasipun tuturan menika kangge mrentah. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Bapa

mrentah dhateng Ningsih kaliyan Ibu supados nyebar wiji pantun wonten sisih kilen amargi sisih sanesipun sampun dipunsebar. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud mrentah. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunandharaken dening panutur supados nindakaken tuturanipun inggih menika mrentah nyebar wiji. Titikan mrentah sanesipun wonten tuturan menika kanthi *satuan lingual* “kulone durung” menika nedhahaken bilih Bapa menika gadhah kekajengan supados sisih kilen menika dipunsebar wiji rumiyin amargi sisih sanesipun sampun.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika ngginakaken ukara boten langsung ingkang sipatipun menika boten tumuju langsung dhateng lawan rembag. Wonten tuturan menika nalika ngandharaken ngginakaken swanten menika boten banter, saengga boten ngetingalaken mrentah. Tututran menika ugi ngginakaken ukara pawarta ingkang ancasipun marini pirsaa, ananging wonten tuturan menika dipunginakaken kangge mrenah supados sisi kilen dipunsebar wijinipun. Saengga lawan rembag ingkang mirengaken menika suraos boten wonten raos kepeksa utawi anggadhahi jejibahan kanthi langsung. Saking tuturan menika lajeng Ningsih saha ibu nyebar wonten ing sisih kilen.

(27) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun majikan Ningsih. Nalika kulawarga Ningsih wonten papan menika, Bapanipun Ningsih mirsani foto ingkang boten

gayut kaliyan Ningsih. Saengga, mrentah supados dipungantos fotonipun.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Paling sing duwe omah biyen. Apa ya fotomu Sih sing dipasang?Masa fotone wong liya sing dipasang”

(Paling yang punya rumah sebelumnya. Harusnya fotomu Sih yang dipasang, masa fotonya orang lain yang dipasang”)

(Dhata, B.03)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge mrentah. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Bapa mrentah dhateng Ningsih supados foto majikanipun dipungantos kaliyan fotonipun Ningsih. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud mrentah. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunandharaken dening panutur supados nindakaken tuturanipun inggih menika mrentah supados fotonipun dipungantos. Titikan mrentah sanesipun wonten tuturan menika kanthi *satuan lingual* “apa ya fotomu Sih sing dipasang?” menika nedhahaken bilih Bapa menika gadhah kekajengan supados foto majikanipun dipungantos kaliyan fotonipun Ningsih.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika ngginakaken ukara boten langsung ingkang sipatipun menika boten tumuju langsung dhateng lawan rembag. Wonten tuturan menika nalika ngandharaken ngginakaken swanten menika boten banter, saengga boten ngetingalaken mrentah. Tututran menika ugi ngginakaken ukara pitaken ingkang ancasipun nyuwun pirsaha saha wangsulan saking lawan rembag, ananging wonten tuturan menika dipunginakaken kangge mrentah supados fotonipun dipungantos. Saking tuturan menika lajeng Ningsih gadhah pamanggih bilih bapa menika mrentah supados fotonipun dipungantos saha gantos foto majikan menika.

- (28) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun majikannipun Ningsih. Nalika kulawarganipun Ningsih wonten papan menika, mbah kakung temangsang wonten pager amargi boten mangertos caranipun mlebet. Saengga, mbah putri mrentah supados mbah kakung dipunbyantu angenipun medhak saking pager.

Tuturan:

Mbah Putri: “Kae lho, mbahmu kae malah kepiye, nang pager kae lho”

(Itu lho, mbahmu itu malah gimana, dipager itu lho)

(Dhata, B.09)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Mbah Putri minangka panutur kaliyan kulawarganipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten dalem majikanpun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge mrentah supados dipunbyantu. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha

santai. Pesan saking tuturan menika Mbah Putri mrentah dhateng kulawarganipun Ningsih mbah kakung menika dipunbyantu anggenipun medhak saking pager ingkang inggil. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud mrentah. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunandharaken dening panutur supados nindakaken tuturanipun inggih menika mrentah supados fotonipun dipungantos. Titikan mrentah sanesipun wonten tuturan menika kanthi *satuan lingual* “kae lho mbahmu malah kepiye” ingkang nedhahaken bilih mbah putri menika mrentah supados Ningsih kaliyan tiyang sepuhipun ningali saha mbyantu mbah kakung ingkang temangsang wonten pager. Wonten tuturan menika ugi dipunsarengi kanthi nunjuk wonten pager ingkang mbah kakung menika temangsang. Saengga Ningsih kaliyan tiyang sepuhipun manegrtos bilih mbah kakung menika betahaken pambyantu kangge medhak saking pager.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika ngginakaken ukara boten langsung ingkang sipatipun menika boten tumuju langsung dhateng lawan rembag. Wonten tuturan menika nalika ngandharaken ngginakaken swanten menika boten banter, saengga boten ngetingalaken mrentah. Tututran menika ugi ngginakaken ukara pawarta ingkang ancasipun marini pirsu, ananging wonten tuturan menika dipunginakaken kangge mrentah bilih mbah kakung menika

betahaken pambyantu kangge medhak saking pager Saking tuturan menika lajeng Ningsih saha tiyang sepuhipun ningali saha mbyantu mba kakung kangge medhak saking pager menika.

b) Panglembana Dhateng Lawan rembag

Panglembana dhateng lawan rembag ugi saged dados titikan tuturan menika kalebet santun. Panglembana menika saged kangge wujud bebingah dhateng tumindak ing lawan rembag. Saengga lawan rembag menika suraos remen saha boten mranani manahipun lawan rembag. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

- (29) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun majikannipun Ningsih. Nalika kulawarganipun Ningsih wonten papan menika, bapanipun panglembana dhateng Ningsih ingkang ngetingalaken magrong-magrong.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Edyan tenan saiki, omahmu edyan tenan!!! sing jenenge omah gedhong magrong-magrong ya iki.”

(Gila benar sekarang, rumahmu gila benar!!! yang dinamakan rumah besar ya ini)

(Dhata, B.10)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten dalem majikanpun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge paring panglembana. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha remen.

Pesan saking tuturan menika Bapa menika paring panglembana dhateng Ningsih amargi griyanipun ketingal sae saha ageng. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pakon

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud paring panglembana. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang damel bungahing manah lawan rembag. Titikan panglembana wonten tuturan menika saged dipun panggihaken kanthi *satuan lingual* “omahmu edyan tenan” ingkang nedhahaken bilih bapa menika parin panglembana. Tembung “omahmu” menika nedhahhaken bilih griya menika kagunganipun Ningsih saha tembung “edyan” menika boten ateges griyanipun *gila (rumahnya gila)* menika tembung sesulih kangge nggambaraken ekspresi remen nalika mirsani kahanan menika amargi Ningsih ketingal sampun dados tiyang ingkang kawentar.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika nengenaken tiyang sanes kanthi paring bungahing manah lawan rembag. Tuturan menika ugi dipunsarengi kaliyan raup pasuryan geguyuning Bapa minangka raos remen wonten kahanan menika. Sanajan ngginaken tembung “edyan” wonten tuturan menika. Tembung menika kangge nggambaraken perkawis ingkang langkung sae tinimbang sanesipun. Saengga, Ningsih ingkang mirengaken tuturan menika ugi remen.

- (30) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun majikannipun Ningsih. Nalika kulawarganipun Ningsih wonten papan menika, wekdal dalu menika

tiyang sepuhipun Ningsih kepanggih kaliyan Omah.
Lajeng, bapa paring panglembana dhateng Omah.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Sing masak iki ya ibu iki sing pinter, iki dicokot tekan lambe ngarep ki iwak e mlayu dhewe, saking pinter e le masak, sesuk nang desa kon nggaweke.”

(Yang masak ya ibu ini yang pintar, makanan ini digigit sampai mulut, dagingnya meluncur sendiri, saking pintarnya masak, besok di desa suruh untuk meembuatkan)

(Dhata, B.14)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Omah minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten dalem majikanpun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge paring panglembana. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha remen. Pesan saking tuturan menika Bapa menika paring panglembana dhateng Omah amargi pinter anggenipun damel dhedhaharan kangge tiyang sepuhipun Ningsih. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud paring panglembana. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang damel bungahing manah lawan rembag. Titikan panglembana wonten tuturan menika saged dipun panggihaken kanthi *satuan lingual* “saking pinter e le masak” ingkang nedhahaken bilih bapa menika parin panglembana amargi dhedhaharan menika raosipun eco. Tembung “pinter e” wonten konteks menika nedhahaken bilih pinter

menika kangge Omah ingkang pinter anggenipun damel dhedhaharan. Saengga, Omah ingkang mirengaken tuturan menika ugi bungah amargi dhedhaharan menika dipunremeni dening tiyang sepuhipun Ningsih.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika nengenaken tiyang sanes kanthi paring bungahing manah lawan rembag. Tuturan menika ugi dipunsarengi kaliyan raup pasuryan ingkang suraos remen kanthi nunjuk dhedhaharan ingkang sampul kadamel. Saengga, Omah ingkang mirengaken menika dados bungah amargi dhedhaharanipun dipunalem.

- (31) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten latar griyanipun Ningsih. Wekdal siang, kancanipun Ningsih ningali Mas Satria sowan wonten griyanipun Ningsih. Amargi wujudun bagus sanget, kancaniun Ningsih menika paring panglembana dhateng Mas Satria.

Tuturan:

Kanca 2: “Iki....iki pangeran tenan iki!!”

(Ini...ini pangeran sungguhan ini)

(Dhata, B.16)

Tuturan menika dipuntuturaken dening kancanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Mas Satria minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten ngajeng griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge paring panglembana. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha remen. Pesan saking tuturan menika Bapa menika paring panglembana

dhateng Mas Satria amargi ketingal bagus sanget. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud paring panglembana. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang damel bungahing manah lawan rembag. Titikan panglembana wonten tuturan menika saged dipun panggihaken kanthi *satuan lingual* “pangeran tenan iki” ingkang nedhahaken bilih bapa menika paring panglembana. Tembung “pangeran” menika tegesipun menika priyantun ingkang kawentar, bagus, inggil wonten cariyos-cariyos *fantasi*. Tembung “pangeran” menika kangge tembung sesulih kangge Mas Satria ingkang katingal kados pangeran menika. Saengga, Mas Satria ingkang mirengaken menika katingal mesem saha remen nalika mirengaken tuturan menika.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika nengenaken tiyang sanes kanthi paring bungahing manah lawan rembag. Tuturan menika ugi dipunsarengi kaliyan raup pasuryan suraos remen sanget, kesesa, gugup amargi Mas Satria menika katingal bagus sanget.

c) Anggadhahi Raos Sae Dhateng Lawan rembag

Anggadhahi raos sae dhateng lawan rembag ugi kalebet *Kesantunan tindak tutur direktif* amargi raos sae menika medalaken tuturan ingkang boten mranani penggalih lawan rembag. Beda nalika wonten perkawis antawisipun panutur mesthinipun saged nuwuhaken tuturan ingkang boten santun. Kanthi raos sae menika tuturan saged

dipundamel kanthi ngatos-atos supados saged dipuntampi kanthi sae dening lawan rembag. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(32) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten Stasiun. Nalika badhe bidhal Jakarta, Bapanipun Ningsih ngrembag sabin kangge Ningsih.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Ning ngene lho Sih, nek upama kowe gelem nang kene malah sawah kulon kae nggo kowe nek nang kene.”

(Jadi Sih, umpamanya kamu mau disini, sawah yang sebelah barat itu buat kamu, tapi kalau kamu disini)

(Dhata, B.18)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten stasiun. Ancasipun tuturan menika kangge *membolehkan*. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Bapa menika paring pitutur dhateng Ningsih nalika badhe nyambut damel wonten Jakarta. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif paring idin awujud *membolehkan*. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang panutur menika sarujuk menawi wonten perkawis ingkang dipunsuwun utawi paring satunggaling perkawis kangge

lawan rembag. Titikan *membolehkan* wonten tuturan menika saged dipun panggihaken kanthi *satuan lingual* “nek upama” saha “sawah kulon kae nggo kowe”. Tembung “nek upama” menika nedhahaken bilih wonten sarat kangge lawan rembag supados sabin menika saged dipunpendhet dening lawan rembag. Lajeng, tuturan “sawahmu nggo kowe” menika nedhahaken sabin ingkang sisih kilen menika saged dipunpendhet ananging Ningsih boten sios bidhal Jakarta. Saengga, Ningsih ingkang mirengaken menika mengertos saha saged mendhet sabin sisih kilen menika naning boten sios bidhal wonten Jakarta.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika nengenaken raos sae dhateng lawan rembag, menika medalaken tuturan ingkang boten mranani penggalih lawan rembag. Kanthi raos sae menika tuturan saged dipundamel kanthi ngatos-atos supados saged dipuntampi dening lawan rembag. Raos sae wonten tuturan menika dipunandharaken kanthi paring sabin dhateng lawan rembag minangka tiyang sepuh kaliyan putranipun. Menawi boten wonten raos sae, sabin menika boten dipunparingaken dening lawan rembag. Kanthi raos sae menika Bapanipun Ningsih badhe maringi sabin sisih kilen kangge Ningsih.

- (33) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten giriyanipun Ningsih. Sabibaripun konflik, Ibu paring pamanggih sae dhateng Ningsih.

Tuturan:

Ibu Ningsih: “Ibumu ki wis tua, mung isa ndongake sing apik-apik, ibu pengen uripmu kepenak ora kaya ibu

bapakmu sing isane macul. ibu pengen uripmu mulya nduk.”

(Ibumu itu sudah tua, Cuma bisa mendoakan yang bagus bagus, ibu pengen hidupmu nyaman tidak seperti ibu bapakmu yang biasanya mencangkul, ibu pengen hidupmu mulya nduk)

(Dhata, B.19)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibunipun Ningsih minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge paring donga. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Ibu paring donga dhateng Ningsih sasampunipun konflik kaliyan Pak Lik saha Bu Lik. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud paring donga. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang panutur andharaken kanthi gadhah pangajab sae kangge lawan rembag. Titikan paring donga wonten tuturan menika saged dipunpangguhaken kanthi *satuan lingual* “mung isa ndongake” ingkang nedhahaken bilih Ibu lawan rembag menika paring donga dhateng lawan rembag. Saengga, saking tuturan menika lawan rembag menika suraos langkung ayem.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika nengenaken raos sae dhateng lawan rembag, menika medalaken tuturan ingkang boten mranani penggalih lawan rembag. Kanthi raos sae menika

tuturan saged dipundamel kanthi ngatos-atos supados saged dipuntampi dening lawan rembag. Raos sae wonten tuturan menika dipunandharaken kanthi paring pandonga dhateng lawan rembag minangka tiyang sepuh kaliyan putranipun. Menawi boten wonten raos sae, panutur menika boten paring pandonga dhateng lawan rembag.

- (34) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten latar griyanipun Ningsih. Nalika dipuntilar Ningsih wonten Jakarta saha boten wonten kabar, Ibu gresula nalika dipuntilar Ningsih. Ananging Bapanipun gadhah pamanggih sae kaliyan Ningsih.

Tuturan:

Bapak Ningsih : “Kowe ki ngapa ta?”

(Kamu itu kenapa?)

Ibu Ningsih : “Ningsih kebangetan Pak, suwe ra ngabari.”

(Ningsih keterlaluhan pak, lama tidak memberi kabar)

Bapak Ningsih : “Ya mbok menawa nang kana repot, nang Jakarta i ribet.”

(Ya mungkin saja di sana itu repot, di Jakarta itu ribet)

(Dhata, B.20)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Ibu minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge paring pitutur. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Ibu paring pitutur dhateng Ibu sasampunipun dipuntilar Ningsih saha boten maringi kabar. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud paring pitutur. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan kangge lawan rembag supados mangertos, waspada, boten ngambali kanthi pamrayogi saking tumindak ingkang kirang sae miturut panutur. Titikan sanesipun inggih menika wonten satunggaling tumindak saking Ibunipun Ningsih ingkang suraos boten sae dhateng Ningsih ingkang boten ngabari dhateng tiyang sepuhipun. Saengga, Bapa menika paring pitutur supados pamanggih boten sae dhaten Ningsih menika saged dipunpeneraken. Saking tuturan paring pitutur menika lajeng mangertos saha boten ngambali malih pamanggih boten sae menika.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika nengenaken raos sae dhateng lawan rembag, menika medalaken tuturan ingkang boten mranani penggalih lawan rembag. Kanthi raos sae menika tuturan saged dipundamel kanthi ngatos-atos supados saged dipuntampi dening lawan rembag. Raos sae wonten tuturan menika dipunandharaken kanthi paring pitutur dhateng lawan rembag minangka Bapa kaliyan Ibunipun Ningsih. Raos sae menika ketinggal saking pamanggih bapa nalika ibu menika gadhah raos boten sae dhateng Ningsih ingkang boten ngabari, Saengga bapa paring pitutur supados pamanggih boten sae menika saged dipunpeneraken.

d) Ngginakaken Tuturan ingkang Ngetingalaken Boten Sarujuk kanthi Ukara ingkang Sae

Wonten *Kesantunan tindak direktif* ugi wigatos anggenipun badhe medalaken pamanggih ingkang boten sami kaliyan lawan rembag. Tuturan ingkang medalaken perkawis ingkang sipatipun nyindir kedah dipunsarengi kaliyan basa ingkang sae supados saged dipuntampi dening lawan rembag. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(35) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembagan sabibaripun lulusan saha palakrama, Ningsih ngetingalaken boten sarujuk sinambi nyindhir dhateng Pak Lik amargi boten gadhah gegayuhan ingkang inggil.

Tuturan:

Ningsih: “Pak Lik boten nate gadhah gegayuhan dhuwur ta?”
(*Pak Lik tidak pernah punya cita-cita yang tinggi kan?*)

(Dhata, B. 21)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ningsih minangka panutur kaliyan Pak Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge nyuwun pirsu kangge nyindhir. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa krama alus saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Ningsih nyuwun pirsu dhateng Pak Lik kangge mesthekaken bilih Pak

Lik menika boten gadhah gegayuhan menapa boten. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud nyuwun pirsaa kangge nyindhira. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken pirsaa dhateng lawan rembag saha lawan rembag mangsuli pitakenan menika. Tuturan menika ugi dipuntitiki kanthi pungkasaning ukara kanthi tandha pitaken (?). Pitakenan menika mujudaken tuturan pitaken kangge mesthekaken. Tembung “boten nate” menika nedhahaken bilih tuturan menika kangge mesthekaken Pak Lik menika nate gadhah gegayuhan menapa boten.

Wonten tuturan menika ugi anggadhahi ancas kangge nyindhira Pak Lik. Miturut konteksipun menika wonten pirembaran babagan gegayuhanipun Ningsih kaliyan lamaran Ningsih kaliyan Mas Sapto, amargi asring dipungayutaken kaliyan Mas Sapto, Ningsih ingkang gadhah kekajengan kuliah, medalaken tuturan menika kangge cara nyindhira saha boten sarujuk amargi dipungayutaken kaliyan lamaran Mas Sapto. Saengga, saking wangsulan menika panutur mangertos lawan rembag menika gadhah gegayuhan menapa boten.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika ngginakaken basa ingkang sae anggenipun ngandharaken boten sarujuk kaliyan pamanggih lawan rembag. Kanthi ngginakaken basa ingkang sae menika medalaken tuturan ingkang boten mranani penggalih lawan

rembag. Tuturan menika ugi ngginakaken basa krama alus nminangka cara anggenipun ngandharaken tuturan boten sarujuk, saengga lawan rembag ingkang mireng menika suraos boten ngetingalaken boten sarujuk.

(36) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembagan sabibaripun lulusan saha palakrama, Ningsih ngetingalaken boten sarujuk sinambi nyindhir dhateng Pak Lik sarta ngadharaken kekajengan supadoS saged kuliah satemah saged S2.

Tuturan:

Ningsih: “Mboten Pak Lik, kula mboten purun nikah riyin, kula pengen kuliah nek saged malah S2”

(Tidak Pak Lik, saya tidak mau nikah dulu, saya ingin kuliah dulu, kalau bisa malah S2)

(Dhata, B.22)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ningsih minangka panutur kaliyan Pak Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge nolak. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa krama alus saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Ningsih nolak kanthi sae dhateng Pak Lik bilih piyambakipun boren purun nikah rumiyin, satemah saged kuliah ngantos S2. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif paring idin awujud nolak. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang miturut panutur menika kirang sae inggih menika boten boten purun nikah rumiyin. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan*

lingual “mboten purun nikah riyin”. Saking tuturan menika, lawan rembag lajeng mangertos bilih piyambakipun menika boten purun nikah rumiyin satemah saged kuliah ngantos S2.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika ngginakaken basa ingkang sae anggenipun ngandharaken boten sarujuk kaliyan pamanggih lawan rembag. Kanthi ngginakaken basa ingkang sae menika medalaken tuturan ingkang boten mranani penggalih lawan rembag. Tuturan menika ugi ngginakaken basa krama alus minangka cara anggenipun ngandharaken tuturan boten sarujuk, saengga lawan rembag ingkang mireng menika suraos boten ngetingalaken boten sarujuk saha boten suraos awon nalika ngandharaken pamanggih boten sarujuk menika.

(37) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembagan sabibaripun lulusan saha palakrama, Ningsih ngetingalaken boten sarujuk sinambi nyindhir dhateng Pak Lik sarta paring pitutur dhateng Pak Lik.

Tuturan:

Ningsih: “Pun mboten jamane wong wadon boten kelakon gegayuhan, g egayuhan iku udu duwur nembus langit”

(Sudah tidak jamannya perempuan tidak punya cita-cita, cita-cita itu harus tinggi menembus langit)

(Dhata, B.23)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ningsih minangka panutur kaliyan Pak Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge paring pitutur. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi

basa krama alus saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Ningsih paring pitutur dhateng Pak Lik bilih piyambakipun gadhah gegayuhan saha gegayuhan menika kedah inggil. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud paring pitutur. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan kangge supados mangertos, waspada, boten ngambali kanthi pamrayogi saking tumindak ingkang kirang sae miturut panutur. Titikan sanesipun menika miturut konteks menika panutur ingkang dipunsuwun supados nikah sasampunipun lulus, ngandharaken bilih piyambakipun menika gadhah gegayuhan, ingkang inggil. Pitutur wonten tuturan menika awujud Pak Lik ingkang dereng nate gadhah gegayuhan dipunparingi pitutur dening Ningsih bilih tiyang menika kedah gadhah gegayuhan ingkang inggil. Saengga, saking tuturan menika Pak Lik mangertos bilih Ningsih boten purun nikah rumiyin amargi gadhah gegayuhan ingkan inggil.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika ngginakaken basa ingkang sae anggenipun ngandharaken boten sarujuk kaliyan pamanggih lawan rembag. Sanajan drajatipun panutur menika langkung andhap tinimbang lawan rembag, ananging pangangenipun basa krama menika saged dados pakurmatan dhateng lawan rembag. Saengga, boten ketingal nginggilaken piyambakipun wonten bab gegayuhan menika.

e) Ngginakaken Tembung Pakurmatan Dhateng Lawan rembag

Tembung pakurmatan menika dipunginakaken supados tuturan menika jumbuh wonten ing kahanan. Tegesipun pakurmatan menika kados pundi panutur menika kurmat dhateng lawan rembag. Tembung menika antawisipun, matur nuwun, nyuwun pitulungan, nyuwun pangapunten, panjenengan (tembung sesulih kangge tiyang langsung inggil) sapanunggalanipun. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(38) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika lamaran penghulu nyumanggakaken dhateng para tamu supados ngunjuk unjukan ingkang sampun samapta.

Tuturan:

Penghulu: “Mangga diunjuk, kula ngunjuk dhewe.”

(Silahkan diminum, saya minum duluan)

(Dhata, B,24)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Naim minangka panutur kaliyan para tamu minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih nalika dinten lamaran. Ancasipun tuturan menika kangge mrentah. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa krama alus saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Pak Naim mrentah dhateng Pak Lik bilih piyambakipun gadhah gegayuhan saha gegayuhan menika kedah inggil. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud mrentah.

Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados nindakaken tuturan panutur inggih menika mrentah supados ngunjuk. Titikan sanesipun wonten tuturan menika kanthi *satuan lingual* ” mangga diunjuk” ingkang nedhahaken bilih Pak Naim menika nyumanggakaken supados para tamu menika ngunjuk unjukanipun. Saking tuturan menika lajeng para tamu ngunjuk unjukan ingkang sampun samapta.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika ngginakaken basa ingkang sae anggenipun ngandharaken boten sarujuk kaliyan pamanggih lawan rembag. Bas krama ingkang dipunginakaken kangge mrentah menika nengenaken para tamu supados ngunjuk unjukanipun tinimbang piyambakipun. Tuturan menika ugi dipunsarengi kaliyan astanipun ingkang nyumanggakaken dhateng para tamu. Saengga, saking tuturan menika para tau lajeng ngunjuk unjukanipun.

(39) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun majikan Ningsih. Nalika kulawarganipun Ningsih wonten papan menika. Pak Lik mendhet piranti wonten papan menika sinambi ngendika matur suwun dhateng Ningsih.

Tuturan:

Pak Lik: “Ningsih, suwun ya....tak nggo ngepet”

(Ningsih, terima kasih ya....saya pakai untuk ngepet)

(Dhata, B.26)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Likminangka panutur kaliyan para Ningsih lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge paring panglembana. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi

basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Pak Lik paring panglembana dhateng Ningsih bilih piyambakipun sampun dipun paringi piranti ingkang sae. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud mrentah. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang damel bungahing manah lawan rembag. Titikan menika saking *satuan lingual* “suwun ya” ingkang nedhahaken bilih panutur menika paring panglembana amargi sampun dipunparingi piranti ingkang sae saking papan menika. Saengga, saking tuturan menika Ningsih suraos bungah amargi sampun saged damel Pak Lik remen saha sampun dipunalem dening Pak Lik.

Tuturan menika kalebet santun amargi tuturan menika nengenaken lawan rembag. Tegesipun menika, wonten tuturan menika panutur ingkang sampun dipunparingi piranti ingkang sae menika ngaturaken panuwun kangge lawan rembag. Ngaturaken panuwun menika salah satunggaling cara ingkang sae nalika dipunparingi menapa kemawon saking tiyang sanes. Miturut konteks menika ugi Pak Lik ngetingalaken raup pasuryan ingkang remen amargi sampun dipunparingi piranti ingkang sae.

3. *Ketidaksantunan Tindak tutur direktif*

Ketidaksantunan menika ugi saged medal nalika wicantenan. *Ketidaksantunan* menika medalaken sikep ingkang saged mranani penggalih lawan rembag. *Ketidaksantunan* ugi saged medalaken sipat ingkang awon saking tuturan panutur. Wonten panaliten menika ketidasantunan *tindak tutur direktif* saged dipunpanggihaken wonten ing film Calon Bini. Pirembagan babagan *ketidaksantunan tindak tutur direktif* wonten ing film Calon Bini badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a) Ngginakaken Tuturan Langsung Dhateng Lawan rembag

Ngginakaken ukara langsung dhateng lawan rembag menika kalebet boten santun amargi ukara menika tumuju langsung dhateng lawan rembag. Saya tuturan menika dipunandhakaren kanthi langsung, samsaya tuturan menika saged dipunsebat boten *santun*. Ukara langsung dadosaken lawan rembag boten saged milih utawi parig pamanggih rumiyan saking tuturan langsung saking panutur. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(40) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten bingkil. Nalika Mas Sapto kesesa ngoyak Ningsih wonten stasiun, Mas Sapto mrentah supados dipunanter wonten stasiun kanthi ukara langsung.

Tuturan:

Mas Sapto : “Stasiun ya...!!”

Tukang Bingkil : “Tapi iki...”

(*Tapi ini...*)

(Dhata, C.01)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Mas Sapto minangka panutur kaliyan tukang bingkil lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten bingkil. Ancasipun tuturan menika kangge mrentah. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha kesesa. Pesan saking tuturan menika Mas Sapto mrentah dhateng tukang bingkil supads dipunanter dhateng stasiun kangge ngoyak Ningsih ingkang badhe nyambut damel wonten Jakarta. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pakon

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud mrentah. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados nindakaken menapa ingkang panutur tuturaken inggi menika nganter. Sanajan boten pikantuk panambang, tuturan menika dipuntingali saking konteks wicantenan ingkang kahanipun kesesa saha meksa kanthi minggah motor menika ngandharaken bilih Mas Sapto menika mrentah supados dipunanter dhateng stasiun. *Saengga*, saking tuturan menika, tukang bingkil menika lajeng purun nganter Mas Sapto ingkang kesesa dhateng stasiun.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi tuturan ngginakaken tuturan langsung. Tegesipun tuturan menika diputujukaken langsung dhateng lawan rembag. Tuturan menika boten ngginakaken modus sanes kados ta, pitaken, utawi pawarta kangge mrentah. Kanthi

mekaten lawan rembag menika boten wonten pilihan kangge nemtokaken tumindak menika. Saengga, lawan rembag menika nindakaken tuturan mrentah menika. Wonten konteks tuturan menika ugi panutur ketinggal meksa kanthi solah bawanipun. Adhedhasar perkawis menika tuturan menika saged kasebat *ketidaksantunan tindak tutur direktif*.

(42) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika konflik wonten kulawarganipun Ningsih, Bapanipun Ningsih mrentah Bu Lik saha Pak Lik supados medal saking papan menika.

Tuturan :

Bapak Ningsih : Minggat!!!

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibunipun Ningsih minangka panutur kaliyan Pak Lik saha Bu Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge mrentah. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha suraos nesu. Pesan saking tuturan menika Ibunipun Ningsih mrentah dhateng Pak Lik saha Bu Lik supados medal saking griyanipun Ningsih. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pakon

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud mrentah. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados nindakaken menapa ingkang panutur tuturaken inggih menika medal saking griya. Sanajan boten pikantuk panambang, tuturan menika dipuntingali saking konteks wicantenan ingkang kahananipun saweg konflik menika.

Kanthe kahanan menika Ibunipun Ningsih lajeng nesu, saengga mrentah awujud ngetingalaken ngusir dhateng Pak Lik saha Bu Lik.

Saengga, saking tuturan menika Pak Lik saha Bu Lik lajeng medal saking griyanipun Ningsih.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi tuturan ngginakaken tuturan langsung. Tegesipun tuturan menika diputujukaken langsung dhateng lawan rembag. Tuturan menika boten ngginakaken modus sanes kados ta, pitaken, utawi pawarta kangge mrentah. Kanthe mekaten lawan rembag menika boten wonten pilihan kangge nemtokaken tumindak menika. Saengga, lawan rembag menika nindakaken tuturan mrentah menika. Wonten konteks tuturan menika ugi panutur ketingal ngusir kanthe solah bawanipun sarta swanten ingkang inggil. Adhedhasar perkawis menika tuturan menika saged kasebat *ketidaksantunan tindak tutur direktif*.

b) Panglembana Dhateng Dhiri Panutur

Panglembana dhateng dhiri panutur saged medalaken boten sopan amargi tuturan menika saged medalaken sipat gumedhe. Sipat menika ketingal boten sae kangge lawan rembag amargi langkung ngetingalaken kathahing perkawis saking panutur piyambak. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthe tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(43) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran menika, Mas Satria

sowan wonten lamaranipun Ningsih kaliyan Mas Sapto kanthi beta ubarampe lamaran. Kahanan menika medalaken panglembana hateng dhiri Mas Sapto.

Tuturan:

Mas Sapto: Ya ora bisa!! Ningsih jodoku, ya kang mas mu iki, sing gagah perkasa lan sugih.

(Tidak bisa, Ningsih itu jodohku, ya kang mas mu ini yang gagah perkasa dan kaya)

(Dhata, C.28)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Mas Sapto minangka panutur kaliyan kulawarganipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih nalika dinten lamaran. Ancasipun tuturan menika kangge paring panglembana. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha gumedhe. Pesan saking tuturan menika Mas Sapto paring panglembana dhateng piyambakipun bilih piyambakipun menika langkung sae (gagah saha perkasa) tinimbang Mas Satria. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud paring panglembana. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang damel bungahing manah panutur piyambak. Titikan panglembana wonten tuturan menika saged dipun panggihaken kanthi *satuan lingual* Ngginakaken tembung “sing gagah perkasa lan sugih” ingkang nedhahaken bilih tuturan menika kalebet panglembana dhateng dhiri. Saking tuturan menika lajeng Mas Sapto suraos

langsung percaya dhiri amargi gadhah pamanggih langkung sae tinimbang Mas Satria.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi tuturan amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep paring panglembana dhateng lawan rembag. Tembung “sing gagah perkasa lan sugih” menika ngetingalaken panglembana dhateng piyambakipun. Wontek konteks tuturan ing film menika ugi Mas Sapto ngetingalaken solah bawa ingkang suraos gumedhe, saengga ngetingalaken sikep ingkang boten sae. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang nglanggar *maksim* panglembana.

- (44) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten margi. Nalika wangsul saking sekolah Ningsih saha kancanipun kepanggih kaliyan Mas Sapto. Wonten kahanan menika Mas Sapto nguda rasa dhateng Ningsih ananging dipuntolak. Saengga , kanca sanesipun nggodha Mas Sapto kanthi panglembana dhateng dhiri.

Tuturan:

Kanca 3 : Wes ta, karo aku wae. Aku ki ra kalah ayu karo Ningsih.

(Sudah, sama saya saja. Saya itu tidak kalah cantiknya dari Ningsih)

(Dhata, C.26)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Kancanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Mas Sapto minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten margi Ningsih saha kanca-kancanipun wangsul saking sekolah. Ancasipun tuturan menika kangge paring panglembana. Tuturan menika kalebet tuturan verbal

kanthi basa ngoko lugu saha ngrayu. Pesan saking tuturan menika kancanipun Ningsih menika paring panglembana dhateng piyambakipun bilih piyambakipun menika langkung sae tinimbang Ningsih. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud paring panglembana. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang damel bungahing manah panutur piyambak. Titikan panglembana wonten tuturan menika saged dipun panggihaken kanthi *satuan lingual* Ngginakaken tembung “ra kalah ayu karo Ningsih” ingkang nedhahaken bilih tuturan menika kalebet panglembana dhateng dhiri. Saking tuturan menika lajeng Mas Sapto boten ngetingalaken raos remen dhateng kancanipun Ningsih.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi tuturan amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep paring panglembana dhateng lawan rembag. Tembung “ra kalah ayu” menika ngetingalaken panglembana dhateng piyambakipun. Wontek konteks tuturan ing film menika ugi kancanipun Ningsih ngandharaken tuturan menika sinambi ngrayu saha lendhot-lendhot dhateng Mas Sapto. Saengga, Mas Sapto ngetingalaken boten raos remen dhateng piyambakipun. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang nglanggar *maksim* panglembana.

c) Ngandharaken Kritik kanthi Langsung Dhateng Lawan rembag
Kanthi Cara *Kasar*

Kritik kanthi langsung ugi kalebet boten santun amargi kritik menika menawi medalaken tuturan ingkang boten sae saged mranani panggalih lawan rembag. Satemah kritik menika boten ngindhakaken lawan rembag. Kamangka kritik menika kangge ngindhakaken lawan rembag. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(45) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembagan bab lamaran Ningsih, Ningsih ngandharaken gegayuhanipun. Pak Lik ngetingalaken kritik kanthi langsung dhateng Ningsih ingkang paring pitutur dhateng Pak Lik.

Tuturan:

Pak Lik: “Hahahaha, terus brukk!! Tiba...lara..ngana!!”
(*Hahahaha, terus bruk!!Jatuh...sakit...gitu*)

(Dhata, C.05)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Lik minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge nyuwun pirsu awujud ngece. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Pak Lik menika ngece dhateng Ningsih ingkang gadhah

gegayuhan ingkang inggil. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud nyuwun pirsu kangge ngece. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken pirsu dhateng lawan rembag saha lawan rembag mangsuli pitakenan menika. Tuturan menika ugi dipuntitiki kanthi pungkasaning ukara kanthi tandha pitaken (?). Pitakenan menika mujudaken tuturan pitaken kangge mesthekaken. Tembung “ngana” menika nedhahaken bilih tuturan menika kangge mesthekaken gegayuhan ingkang inggil menika bakal kados kahanan nalika dhawah. Saengga, saking wangsulan menika panutur mangertos gegayuhan lawan rembag menika kados pundi.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi tuturan menika ngginakaken basa kritik ingkang kirang sae. Tegesipun, tuturan kanthi tembung “hahaha, terus brukk!! tiba...lara” menika ngandharaken kritik saking pamanggihipun Ningsih bab gegayuhanipun. Wonten konteks tuturan ing film menika ugi medalaken sikep ingkang boten sae kados ta ngginakaken tembung “hahaha” kanthi swanten ngece. Tuturan menik ngandharaken bilih Ningsih menika boten pantas anggadhahi gegayuhan ingkang inggil menika, saengga tuturan menika saged medal. Tembung “bruk, lara” ugi saged nedhahaken bilih Pak Lik menika paring kritik kangge pamanggihipun Ningsih bab gegayuhanipun. Saengga, Ningsi ingkang mireng menika suraos alit

manahipun. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet boten santun.

(46) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembagan bab lamaran Ningsih, Lajeng, Ningsih ngandharaken gegayuhanipun. Pak Lik ngetingalaken nyindhir dhateng Ningsih ingkang badhe kuliah.

Tuturan:

Pak Lik: “Hehh...ngimpi kowe Sih...ngimpi...”

(*Hehh...ngimpi kowe Sih...ngimpi..*)

(Dhata, C.06)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Lik minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika paring pitutur. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Pak Lik menika paring pitutur dhateng Ningsih ingkang gadhah gegayuhan kuliya rumiyin saderengipun palakrama. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring pitutur. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan kangge supados mangertos, waspada, boten ngambali kanthi pamrayogi saking tumindak ingkang kirang sae miturut panutur. Titikan menika saking koneks wicantenan wonten ing film menika, wonten konteks menika Ningsih ngrembag gegayuhanipun ingkang badhe kuliya rumiyin saderengipun

palakrama. Mireng pamanggih menika lajeng Pak Lik ngandharaken pitutur bilih gegayuhan ingkang kados mekaten menika namung impen-impen. Saenga, saking tuturan menika Ningsih menika suraos boten dipunsengkuyung nalika badhe kuliyah.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi tuturan menika ngginakaken basa kritik ingkang kirang sae. Tegesipun, tuturan kanthi tembung “ngimpi kowe Sih” menika medalaken raos ingkang boten sarujuk saha boten nyengkuyung pamanggihipun Ningsih. ingkang gadhah gegayuhan inggil. Tuturan menika ugi saged mandhapaken manahipun Ningsih menawi salah satunggalipu kekajegan menika boten dipunsarujuki dening kulawarganipun. Wonten konteks menika ugi ngetingalaken solah bawa ingkang ketingal ngece dhateng Ningsih. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet boten santun.

d) Boten Saged Bedakaken Perkawis ingkang Wigatos kaliyan Guyon

Perkawis menika ugi kedah dipungatosaken nalika wicantenan. Nalika wicantenan kedah mangertos kapan anggenipun medalaken tuturan ingkang serius utawi guyon. Nalika boten saged bedakaken guyon kaliyan serius, lawan rembag menika dados pamanggih boten sae dhateng panutur amargi boten mangertos kahanan nalika wicantenan. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(46) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembagan bab lamaran Ningsih, Bu Lik nyuwun dipunpundhutaken emas. Kamangka, menika saweg ngrembag hal ingkang wigatos.

Tuturan:

Pak Lik : “Saiki ngene, keluargane Sapto wis siap kabeh lhoh, arep njaluk mas kawin pira, arep pesto pirang dina, kabeh manut kowe, apa panjalukmu.”

(Sekarang begini, keluarganya Sapto sudah siap semua, mau minta as kawin seberapa, mau pesta berapa hari, semua ikut kalian, apa yang kalian mau)

(Dhata, C)

Bu Lik : “Aku njaluk emas ya”

(Aku minta emas ya)

(Dhata, C.07)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Lik minangka panutur kaliyan Bu Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten ing griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge ngadharaken panyuwunan. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko alus saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Bu Lik badhe nyuwun emas dhateng kulwarganipun Ningsih nalika Ningsih purun palakrama kaliyan Mas Sapto. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet tuturan direktif awujud panyuwunan. Titikan saking tuturan menika inggih menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwun dhateng panutur inggih menika nyuwun emas. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “aku njaluk emas ya” ingkang tegesipun Bu Lik badhe nyuwun emas nalika

Ningsih purun lamaran saha palakrama kaliyan Mas Sapto. Saengga, saking tuturan menika, pirembagan lamaran menika dpiun lajengaken malih.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi tuturan menika boten trep kaliyan kahanan utawi topik wicantenan. Wonten wicantenan menika saweg ngrembag bab ingkang wigatos perkawis lamaran Ningsih kaliyan Mas Sapto. Ananging, wangsulanipun Bu Lik menika boten trep kaliyan topik wicantenan, satemah nyuwun emas, kamangka pirembagan menika boten saweg ngrembag piranti emas. Saengga, tuturan menika ketinggal namung nengenaken kekajengan piyambakipun. Wonten konteks tuturan ing film menika ugi Pak Lik ingkang mireng tuturan Bu Lik ngetingalaken medhot wicantenan, supados saged fokus wonten topik pirembagan lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet boten santun

e) Anggenipun Ngandharaken Kanthi Raos Nesu

Tuturan kanthi raos nesu ugi kalebet boten santun amargi nesu menika sipat ingkang awon saha saged medalaken tuturan awon. Saengga saged damel konflik antawisipun panutur kaliyan lawan rembag. Tuturan menika wujudipun tuturan ingkang medalaken swanten ingkang inggil. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(47) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih, kulawarga Sartria puntranipun Bu Andini rawuh wonten dinten lamaran menika. Lajeng Pak Kades ngetingalaken raos nesu amargi kuciwa dhateng Bapanipun Ningsih.

Tuturan:

Pak Kades: Aja macem-macem karo aku kowe ya!!

(Jangan macam-macam kamu ya sama saya)

(Dhata, C.08)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Kades minangka panutur kaliyan Bapanipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten ing griyanipun Ningsih nalika dinten lamaran. Ancasipun tuturan awujud tuturan menging. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha nesu. Pesan saking tuturan menika Pak Kades menging dhateng Bapaniun Ningsih supados boten macem-macem dhateng piyambakipun. Jinis tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud menging. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang miturut panutur menika kirang sae kangge lawan rembag inggih menika supados boten macem-macem kaliyan panutur. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “aja macem-macem” ingkang nedhahaken bilih panutur menging dhateng lawan rembag supados boten tumindak macem-macem kaliyan piyambakipun. Saengga,

saking tuturan menika lawan rembag boten ngambali malih tumindak ingkang damel kuciwa panutur.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep ingkang nesu. Wonten konteks tuturan ing film menika, Pak Kades anggenipun ngandharaken kanthi salah bawa ingkang ngetingalaken nesu kanthi drijinipun nunjuk Bapanipun Ningsih sarta swanten ingkan inggil. Saengga, bapanipun Ningsih menika suraos wantun dhateng Pak Kades. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang boten santun.

(48) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsih. Nalika kulawarga Ningsih wonten papan menika, bapanipun Ningsih ngandharaken raos nesu amargi kahanan ingkang boten temtu.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Genahe ki piye? Genahe ki piye hah?”

(Sebenarnya bagaimana ini? sebenarnya bagaimana ini hah?)

(Dhata, C.09)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten ing dalem majikanipun Ningsih. Ancasipun tuturan awujud nyuwun pirsu. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha nesu. Pesan saking tuturan menika Bapanipun Ningsih nyuwun pirsu dhateng Ningsih kahanan menika sajatosipun kados pundi. Jinis tuturan menika ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud pitaken. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken pirsu dhateng lawan rembag saha lawan rembag mangsuli pitakenan menika. Tuturan menika ugi dipuntitiki kanthi pungkasaning ukara kanthi tandha pitaken (?). Pitakenan menika mujudaken tuturan kangge nyuwun cethaning kahanan menika kados pundi kanthi *satuan lingual* “genahe ki piye” ingkang nedhahaken bilih tuturan menika betahaken wangsulan awujud andharan supados panutur menika mangertos kahananipun. Saengga, saking tuturan menika lawan rembag mansuli supados kahanan menika kados pundi sajatosipun.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep ingkang nesu. Wonten konteks tuturan ing film menika, Bapanipun anggenipun nyuwun pirsu menika kanthi nyepengi pundhak lawan rembag kanthi swanten ingkang inggil. Saengga, kanthi swanten menika lawan rembag menika suraos wantun saha nandang sedhih. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang boten santun.

f) *Protaktif* kaliyan pamanggihipun

Protaktif kaliyan pamanggihipun ugi kalebet boten santun. Protaktif menika tegesipun nyepeng kanthi temen pamanggih ingkang dipuntuturaken nalika wicantenan. Sipat menika saged medalaken raos

otoriter kangge panutur. Protektif menika ugi lawan rembag dados kaiket dening pamanggih lawan rembag. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(49) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Sabibaripun konflik tiyang sepuhipun Ningsih gresula sarta ngandharaken badhe nampa lamaranipun Mas Sapto. Kahanan menika medalaken tuturan Bapanipun Ningsih ingkang ngedahaken pamanggihipun.

Tuturan:

Ibu Ningsih : “Piye to ki malah saya ora karuan.”
(*Bagaimana ini, malah jadi tidak karuan*)

Bapak Ningsih : “Udah-udah, pokoke aku arep nampi lamaran e Sapto, biar kamu ora kakehan ngimpi.”
(*Udah-udah, pokoknya aku mau menerima lamaran e Sapto, biar kamu tidak kebanyakan mimpi*)

(Dhata, C.10)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan kulawarganipun minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih.. Ancasipun tuturan menika kangge ngedahaken. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Bapa ngendhika dhateng kulawarganipun supados kedah pados dinten kangge syukuranipun Ningsih. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* mrentah awujud ngedahaken Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados kedah

dipuntindakaken dening lawan rembag. Titikan sanesipun ingkang nyebataken bilih tuturan menika kalebet ngedhahaken inggih meniika kanthi *satuan lingual* “pokoke” ingkang nedhahaken bilih panutur menika badhe nampi lamaranipun Mas Sapto . Saking tuturan menika lajeng kulawarganipun menika sarujuk bilih Ningsih lamaran kaliyan Mas Sapto.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep ingkang boten nengenaken lawan rembag. Tegesipun tuturan menika dipuntuturaken dening bapa ingkang drajatipun langkung inggil woten kulawarga sarta ngandharaken tuturan menika, ibu saha Ningsih menika boten wonten pilihan kejawi nyarujuki pamanggih bapa menika. Tuturan menika ugi medalaken tuturan protektif kaliyan pamanggihipun kanti *satuan lingual* “pokoke”. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang boten santun.

(50) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran menika Mas Sapto ngetingalaken ngedahaken pamanggihipun piyambak amargi wonten dinten menika ugi Mas Satria badhe nglamar Ningsih.

Tuturan:

Mas Sapto: “Ora bisa!!, aku dikik, iya ta Pak?”

(tidak bisa, aku dulu, iya kan Pak)

(Dhata, C.11)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Mas Sapto minangka panutur kaliyan para tamu saha kulawarganipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun

Ningsih nalika dinten lamaran. Ancasipun tuturan menika kangge ngedahaken. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha wigatos. Pesan saking tuturan menika Mas Sapto ngadharaken ututran kangge ngedahaken bilih Ningsih menika kedah lamaran kaliyan piyambakipun. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* mrentah awujud ngedahaken Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados kedah dipuntindakaken dening lawan rembag. Titikan sanesipun ingkang nyebataken bilih tuturan menika kalebet ngedhahaken inggih meniika kanthi *satuan lingual* “ora bisa, aku dikik” ingkang nedhahaken bilih panutur menika ngedahaken Ningsih lamaran kaliyan piyambakipun . Saking tuturan menika lajeng kulawarganipun menika dereng saged nemtokaken sinten ingkang dados calonipun Ningsih.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep ingkang boten nengenaken lawan rembag. Tegesipun tuturan “ora bisa”menika dipuntuturaken dening Mas Sapto ingkang ngedahaken supados Ningsih menika lamaran kaliyan piyambakipun. Tuturan “aku dikik: menika ugi ngetingalaken sikep *arogan*, amargi boten nrima pamanggih sanesipun. Kanthi mekaten menika saged nuwuhaken sikep boten sae

dhateng tiyang sanes. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang boten santun.

g) Nyindir utawi Nudhuh Dhateng Lawan rembag

Perkawis menika ugi kalebet boten santun amargi nyindhir utawi nudhuh menika adhedhasar pamanggih piyambak boten saking pirembagan rumiyin. Nyindhir utawi nudhuh menika saged ugi medalaken konflik menawi ingkang dipuntudhuh utawi sindhir menika boten trep kaliyan kasunyatan wonten ing papan panggenan. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(51) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Sasampunipun wangsaul saking Jakarta, kulawarganipun Ningsih pirembagan malih babagan lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih. Wonten kahanan menika Bu Lik nyindhir kulawarganipun Ningsih.

Tuturan:

Bu Lik: “Mas sama Mbak Yu ki di jak sugih kok ya ra gelem, ya ben mlarat wae terus.”

(Mas sama Mbak Yu ini di ajak kaya kok tidak mau, ya sudah miskin saja terus)

(Dhata, C.14)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bu Lik minangka panutur kaliyan tiyang sepuhipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih.. Ancasipun tuturan menika paring pitutur kangge nyindhir. Tuturan

menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Bu Lik nyindhir dhateng tiyang sepuhipun Ningsih ingkang boten kersa dipunjak dados sugih. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring pitutur. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan kangge supados mangertos, waspada, boten ngambali kanthi pamrayogi saking tumindak ingkang kirang sae miturut panutur. Titikan sanesipun inggih menika drajat panutur ingkang langkung sami-sami ingakng dipunsepuhaken dening Ningsih, saengga medalaken tuturan menika. Saking tuturan menika lajeng tiyang sepuhipun Ningsih suraos nesu dhateng Bu Lik.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep ingkang nengenaken lawan rembag. Tegesipun tuturan menika dipuntuturaken dening Bu Lik ingkang nyindhir tiyang sepuhipun Ningsih ingkang boten kersa dipunjak sugih. Tuturan menika ketingal nyindhir aargi kahanan gesang wonten kulwarga menika kalebet kulawarga ingkang cepak kanthi pedamelanipun menika *buruh tani*. Kanthi kahanan menika lajeng Bu Lik nyindhir bilih boten kersa dipunjak sugih. Kejawi menika, wonten konteks tuturan ing film menika solah bawanipun Bu Lik ngetingalaken nyindhir kanthi paningalanipun ingkang medalaken sikep nyindhir. Saegga saking tuturan menika tiyang sepuhiun Ningsih

suraos kesinggung sarta damel konflik wonten kulawarga menika. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang boten santun.

(52) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu, nalika nembe dugi wangsul saking Jakarta, Ningsih sakulawarga ngrembag Ningsih ingkang dipunpedhot nyambut damelipun. Perkawis menika dadosaken konflik. Kahanan menika dadosaken Bu Lik nyindhir kulawarganipun Ningsih.

Tuturan:

Ibu Ningsih: “Rapapa aku mlarat, aku ndak isin anaku batur, tinimbang uripmu ngoyak dunya ndak kesampeyan.”

(Tidak apa apa aku miskin saya idak malu anak saya pembantu, dari pada hidupmu Cuma mengejar dunia yang tidak kesampean)

(Dhata, C.17)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibunipun Ningsih minangka panutur kaliyan Bu Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika paring pitutur kangge nyindhir. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha nesu. Pesan saking tuturan menika Ibunipun Ningsih nyindhir dhateng Bu Lik ingkang ngoyak dunya kemawon. Jinisipun tuturan menika ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring pitutur. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan kangge supados mangertos, waspada, boten ngambali kanthi pamrayogi saking tumindak ingkang kirang sae

miturut panutur. Titikan sanesipun inggih menika drajat panutur ingkang langkung inggil inggih menika mbakyunipun Bu Lik, saengga medalaken tuturan menika. Saking tuturan menika lajeng tiyang wonten kulawarga menika konflik.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep ingkang nengenaken lawan rembag. Tegesipun tuturan menika dipuntuturaken dening Ibunipun Ningsih ingkang nyindhir dhateng Bu Lik ingkang ngoyak dunya kemawon. Wonten konteks tuturan menika ugi ngetingalaken sikep ingkang nesu saha solah bawa kanthi nunjuk-nunjuk Bu Lik. Saengga, kanthi tuturan menika Bu Lik kesinggung sarta medalaken konflik wonten kulawarga menika. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang boten santun.

h) Ngandharaken Tuturan Boten Sae Dhateng Lawan Rembag

Tuturan boten sae menika tegesipun tembung sesulih kangge nggambaraken kapribadhen lawan rembag. Saengga menika ugi saged medalaken konflik nelika lawan rembag menika boten saged nrima tuturan sesulih kangge lawan rembag menika. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(53) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsi. Nalika kulawarga Ningsih wonten papan menika, bapanipun Ningsih ngandharaken ngece dhateng Bu Lik amargi badanipun ingkang ageng sanget.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Awak kaya tangki”
(*Badan seperti tengki*)

(Dhata, C.22)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Bu Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge paring panglembana awujud ngece. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Pak Lik menika ngece dhateng Bu Lik ingkang badanipun menika ageng sanget. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif paring panglembana awujud ngece. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang damel bungahing manah lawan rembag. Titikan panglembana awujud ngece menika wonten tuturan menika saged dipun panggihaken kanthi *satuan lingual* “kaya tangki” ingkang nedhahaken bilih bapa menika paring panglembana awujud ngece. Tembung “tangki” menika piranti ingkang biasanipun wujudipun agen kangge wadhah toya utawi sanesipun. Saengga, saking tuturan menika Bu Lik suaraos nesu nalika dipuntuturaken badanipun kados tangki.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi tuturan menika ngginakaken tuturan menika kangge ngece. Tegesipun, tangki menika dados tembung sesulih kangge nggambaraken wujud badanipun Bu Lik. Tembung “kaya tangki” menika ugi ngandharaken bilih badanipun Bu Lik menika kados tangki ingkang wujudipun menika ageng sarta ngemot kathah. Saengga, saking tuturan menika Bu Lik radi nesu amargi dipunsamikaken kaliyan tangki. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet boten santun.

(54) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu, nalika nembe dugi wangsul saking Jakarta, Ningsih sakulawarga ngrembag Ningsih ingkang dipunpedhot nyambut damelipun. Perkawis menika dadosaken konflik. Kahanan menika dadosaken Bapanipun Ningsih medalaken tuturan ingkang boten sae.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Sari, aja waton njebles conthongmu!!! Arep nyiram aku??arep nyiram aku!!!”

(Sari, jangan asal bicara mulutmu!!!Mau nyiram saya!! Mau nyiram saya!! Mau nyiram saya!!)

(Dhata, C.21)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Bu Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge menging. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha nesu. Pesan saking tuturan menika Pak Lik menika menging dhateng Bu Lik supados anggenipun ngendika

menika boten waton ngendika. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud menging. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang miturut panutur menika kirang sae kangge lawan rembag inggih menika supados boten edan. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “aja waton” ingkang nedhahaken bilih panutur menging dhateng lawan rembag supados boten waton anggenipun ngendika. Sengga saking tuturan menika lajeng Bu Lik menika boten ngambali perkawis menika malih.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi tuturan menika ngginakaken tuturan kanthi raos nesu. Tegesipun, wonten konteks tuturan menika Bapanipun Ningsih medalaken sikep kanthi swanten ingkang inggil sarta solah bawa ingkang ngetingalaken sike nesu kanthi nunjuk-nunjuk Bu Lik. Wonten tuturan menika ugi medalaken solah bawa nantang kanthi nggambaraken *satuan lingual* “arep nyiram aku”. Saenga saking tuturan menika Bu Lik menika suraos wantun. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet boten santun.

i) Ngandharaken Raos Boten Sarujuk kaliyan Lawan Rembag

Perkawis menika asring dipunpangguhaken nalika wicantenan. Raos boten sarujuk menika kadang kala boten kanthi tembung utawi ukara ingkang trep saengga ketingal medhot wicantenan. Raos boten

sarujuk menika kadang kala adhedhasar pamanggih lawan rembag menika boten sae utawi pamanggih piyabakipun langkung sae tinimbang sanesipun. Pirembagan bab perkawis menika badhe dipunandharaken kanthi tuturan wonten ing film Calon Bini wonten ing ngandhap menika.

(55) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran Ningsih kaliyan Mas Sapto, Panghulu ingkang badhe pitepangan kaliyan para rawuh dipunpedhot tuturanipun dening Mas Sapto.

Tuturan:

Penghulu : “Tepangaken....”
(Perkenalkan....)

Mas Sapto : “Wes mboten usah pitepangan, pun tepang niki.”
(Sudah tidak perlu perkenalan, sudah kenal)

(Dhata, C.23)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Mas Sapto minangka panutur kaliyan penghulu minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge menging. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Mas Sapto menika menging penghulu supados boten pitepangan amargi para rawuh menika sampun tepang. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud menging. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang miturut panutur menika kirang sae kangge lawan rembag inggih menika

supados boten edan. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “boten usah pitepangan” ingkang nedhahaken bilih panutur menging dhateng lawan rembag supados boten pitepangan kakaliyan para rawuh. Sengga saking tuturan menika lajeng penghulu menika boten sios pitepangan kaliyan para rawuh.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi tuturan menika ngginakaken tuturan kanthi medhot wicantenan. Tegesipun, wonten konteks tuturan menika pengulu badhe pitepangan rumiyin kaliyan para rawuh amargi dipunpedhot dening Mas Sapto supados boten pitepangan. Perkawis menika saged dados boten santun amargi boten paring kalodhangan dhateng lawan rembag kangge ngandharaken pamanghipun. Wonten konteks menika ugi ngetingalaken sikep boten sarujuk kanthi medhot wicatanenan menika amargi Mas Sapto menika kesesa nglamar Ningsih. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet boten santun.

(56) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu, nalika nembe dugi wangsul saking Jakarta, Ningsih sakulawarga ngrembag Ningsih ingkang dipunpedhot nyambut damelipun. Perkawis menika dadosaken konflik antawisipun Pak Lik, Bu Lik sarta tiyang sepuhipun Ningsih. Kahanan menika dadosaken Bapanipun Ningsih medhot wicantenan sarta medalaken tuturan boten sarujuk.

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Cukup, metu saka omahku!”

(Cukup, keluar dari rumahku)

(Dhata, C.24)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Pak Lik saha Bu Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge mrentah. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Mas Spto menika menging penghulu supados boten pitepangan amargi para rawuh menika sampun tepang. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud mrentah. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados nindakaken tuturan panutur inggih menika kanthi *satuan lingual* “metu saka omahku”. Tuturan menika nedhahaken bilih panutur menika mrentah dhateng lawan rembag supados medal saking dalemipun. Saengga, saking tuturan menika lawan rembag menika medal saking papan menika.

Tuturan menika kalebet boten santun amargi tuturan menika ngginakaken tuturan kanthi medhot wicantenan. Tegesipun, wonten konteks tuturan menika Bapanipun medalaken boten sarujuk kanthi medhot wicantenanipun Pak Lik saha Bu Lik ingkang ngandhapkan tiyang sepuhipun Ningsih saha Ningsih. Tembung “cukup” menika kangge nggambaraken bilih bapak menika boten sarujuk kaliyan pamanggih Pak Lik saha Bu Lik. Wonten konteks menika ugi tuturan menika dipunsarengi kanthi raos nesu. Tuturan menika ugi matesi Pak

Lik saha Bu Lik ingkang badhe ngandharaken pamangih, saengga pamanggih menika dereng rampung dipunandharaken. Wonten tuturan menka ugi medalaken mrentah kange ngusir Pak Lik saha Bulik supados medal saking dalem menika. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet boten santun.

4. *Pelanggaran Maksim Kesantunan Leech*

Pelanggaran maksim menika gayut kaliyan tuturan menika boten trep kaliyan paugeran *maksim*. Perkawis menika saged damel boten santun. Wonten panaliten menika ugi dipunpanggihaken *pelanggaran* saking *maksim Kesantunan Leech*. Pirembagan babagan *pelanggaran maksim* badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a) *Maksim Kawicaksanan*

Maksim kawicaksanan menika *maksim* ingkang damel tuna dhateng lawan rembag sak-alit-alitipun, damel begja kangge lawan rembag sakathah-kathahipun. Saengga *pelanggaran* saking *maksim* menika wujudipun inggih menika 1) damel tuna dhateng lawan rembag, damel begja dhateng panutur, 2) ketingal meksa, 3) ngedahaken dhateng lawan rembag, 4) *nyindhir* lawan rembag. Pirembagan babagan *pelanggaran maksim* kawicaksanan badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(57) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu, nalika nembe dugi wangsul saking Jakarta, Ningsih sakulawarga ngrembag Ningsih ingkang dipunpedhot nyambut damelipun. Perkawis menika dadosaken konflik. Wonten kahanan menika Pak Lik ngetingalaken boten wicaksana.

Tuturan:

Pak Lik: Ohhhh...kowe ra gelem. Kowe isin sing teka wong desa, ngana?

(Ohhhh....kamu tidak mau. Kamu malu yang dhatang orang desa, gitu!)

(Dhata, 02)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Lik minangka panutur kaliyan Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika nyuwun pirsaa kangge mesthekaken. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha serius. Pesan saking tuturan menika Pak Kades nyuwun pirsaa kanthi swanten inggil dhateng Ningsih bilih piyambakipun suraos isin menapa boten anggenipun dipunrawuhi tiyang saking desa. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud pitaken. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken pirsaa dhateng lawan rembag saha lawan rembag mangsuli pitakenan menika. Tuturan menika ugi dipuntitiki kanthi pungkasaning ukara kanthi tandha pitaken (?). Pitakenan menika mujudaken tuturan kangge mesthekaken dhateng Ningsih bilih piyambakipun suraos isin menapa boten nalika wonten

kulawarganipun saking desa menika rawuh. Saengga, saking tuturan menika Ningsih lajeng mangsuli pitakenan meniika.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim* kawicaksanan. Titikan menika saged dipuntingali saking titikan *pelanggaran maksim* menika inggih menika damel tuna dhateng lawan rembag awujud damel Ningsih langkung nandhang sedhik amargi nembe kemawon pikantuk perkawis, lajeng kedah mangsuli pitakenan ingkang ngginakaken swanten inggil saking Pak Lik.. Lajeng, ketingal meksa menika saged dipunpanggihaken wonten ing konteks tuturan ing film menika, kanthi tuturan ingkang ngginakaken swanten ingkang inggil menika suraos mesksa dhateng Ningsih supados manguli pitakenan menika tanpa mirsani kahanan Ningsih ingkang nembe kemawon pikantuk perkawis sarta nyindhiri lawan rembag menika saged katitikaken saking *satuan lingual* “isin sing teka wong desa, ngana” menika ketingal nyindhiri dhateng Ningsih. Ananging wonten film menika Ningsih menika suraos remen nalika kulawarganipun sami rawuh wonten papan pedamelan Ningsih. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang nglanggar *maksim* kawicaksanan

(58) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran menika, Pak Kades dipundamel kuciwa dening kulawarga Ningsih ingkang nampi lamaran Mas Satria tinimbang Mas Sapto. Kahanan menika medalaken tuturan ingkang ngetingalaken boten wicaksana.

Tuturan:

Pak Kades : “Awas kowe ya, sertifikat tanahmu ora bakal tak tandhatangani!!”

(awas kamu ya, sertifikat tanahmu tidak akan saya tanda tangani)

Bapak Ningsih : “Beda perkara niku Pak Kades”
(beda urusan itu pak)

(Dhata, 03)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Kades minangka panutur kaliyan Bapanipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih nalika dinten lamaran. Ancasipun tuturan menika kangge menging. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha nesu. Pesan saking tuturan menika Pak Kades menging swanten inggil dhateng Bapanipun Ningsih bilih piyambakipun suraos kuciwa dhateng kulawarganipun Ningsih ingkang langkung nampi lamaranipun Mas Satria tinimbang Mas Supto, saengga sertifikat sitinipun boten bakal dipuntapak asmani. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pakon

Tuturan menika kalebet tindak tutur direktif menging awujud ngancem. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang miturut panutur menika kirang sae kangge lawan rembag inggih menika supados boten ngambali perkawis menika malih saha nagcaem bilih sertifikatipun lawan rembag boten badhe dipuntapak asmani. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “awas kowe ya” ingkang nedhahaken bilih panutur menging kangge ngancem dhateng dhateng lawan rembag. Saking tuturan menika lajeng Bapanipun Ningsih suraos wantun saha boten ngambali malih perkawis ingkang damel kuciwa Pak Kades.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim* kawicaksanaan. Titikan menika saged dipuntingali saking titikan *pelanggaran maksim* menika inggih menika damel tuna dhateng lawan rembag awujud damel wantun dahteng lawan rembag. Tuturan menika ugi ketinggal ngancem dhateng lawan rembag. Tembung “awas” menika ngetingalaken ngancem dhateng mtira tutur, saengga lawan rembag menika waspada utawi dados suraos wantun amargi menawi ngambali perkawis menika pikantuk tumindak ingkang awon saking panutur. Wonten tuturan menika ugi ngetingalaken sikep ingkag boten wicaksana kanthi ngendika kanthi swanten ingkang inggil saa salah bawanipun ingkang awon kangge paring tumindak ingang sipatipun ngancem. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang nglanggar *maksim kedermawanan*.

b) *Maksim Kedermawanan*

Maksim dermawan menika panutur menika damel begja sak-alit-atlitipun saha damel begja dhateng lawan rembag sakathah-kathahipun. Saengga *pelanggaran* saking *maksim* menika awujud panutur menika damel begja sakathah-kathahipun. Pirembagan babagan *pelanggaran maksim* kawicaksanaan badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(59) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran menika, Pak Kades dipundamel kuciwa dening kulawarga Ningsih ingkang nrima lamaran Mas Satria tinimbang Mas

Sapto. Kahanan menika Pak Kades ngetingalaken boten dermawan kaliyan kulawarganipun Ningsih.

Tuturan:

Pak Kades: “Akta keluargamu tak obong!!! Tanganku iki wes suwe lho ora nempiling cangkem e wong tuwa sing mrongos!! Bubar!!! Ayo mulih!! Bubar!!!!”

(akta keluargamu saya bakar!!!tanganku ini sudah lama lho tidak mukul orang yang mulutnya mrongos!!!bubar!!ayo pulang!!!bubar!!!)

(Dhata, D. 06)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Kades minangka panutur kaliyan Bapanipun Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge wanti-watni saha ngajak. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha nesu. Pesan saking tuturan menika Pak Kades wanti-wanti dhateng Bapanipun Ningsih amargi dinten lamaran menika Mas Sapto boten sios lamaran kaliyan Ningsih amargi Bapanipun nyarujuki lamaranipun Mas Satria. Tuturan menika ugi kalebet tuturan ngajak dhateng para tamu supados kondur. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* panyuwunan awujud ngajak. Titikan saking ngajak menika awujud tuturan ingkang nengenaken kegiatan supados lawan rembag menika mangsuli tuturan menika kanthi sesarengan. Titikan sanes inggih menika kanthi *satuan lingual* “ayo mulih”, “bubar” ingkang nedhahaken bilih Pak Kades menika ngajak para tamu wonten dinten lamaran menika supados sami

kondur. Saking tuturan menika lajeng para tamu menika sami kondur dhateng dalemipun piyambak-piyambak.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim* dermawan amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep paring dermawan dhateng lawan rembag. Wonten *maksim* dermawan menika nengenaken begja dhateng lawan rembag. Ananging wonten tuturan menika boten ngetingalaken perkawis menik, satemah damel tuna dhateng lawan rembag. Titikan ingkang ngandharaken *pelanggaran maksim* menika inggih menika kanthi *satuan lingual* “akta keluargamu tak obong”, “nempiling cangkem”. Tururan menika saged damel tuna dhateng lawan rembag amargi akta menika perangan ingkang wigatos sarta nempiling menika tumindak ingkang awon kangge saben tiyang amargi saged damel sakit. Tuturan menika ugi ketinggal ngancem dhateng lawan rembag, saengga lawan rembag menika suraos wantun. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang nglanggar *maksim kedermawanan*.

(60) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun Pak Kades. Nalika wicantenan kaliyan Pak Lik ngrebag lamaran Ningsih kaliyan Mas Sapto, Pak Kades ngetingalaken boten dermawan.

Tuturan:

Pak Kades: “Halah kowe ki lho..perkara remeh temeh ngana ra isa, huh...ngana arep njaluk jabatan seko aku, hayo emboh,, lha piye lah caramu..sing pnting kuwi Sapto karo Ningsih kudu dadi!!!, nek ra iso dadi ya baleke kabeh kuwi.”

(halah, kamu ini lho..masalah sepele seperti itu kamu tidak isa, huh...seperti itu kamu mau minta jabatan

dari aku, Ya tidak tahu, pokoknya bagaimana caranya yang penting Sapto sama Ningsih harus jadi!!!! Kalau tidak kembalikan semuanya itu)

(Dhata, D. 06)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Kades minangka panutur kaliyan Pal Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Pak Kades. Ancasipun tuturan menika kangge ngedahaken. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha wagatos. Pesan saking tuturan menika Pak Kades ngedahaken dhateng Pak Lik menika supados ngrampungaken pirembagan lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* mrentah awujud ngedahaken Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken dhateng lawan rembag supados kedah dipuntindakaken dening lawan rembag. Titikan sanesipun ingkang nyebataken bilih tuturan menika kalebet ngedahaken inggih meniika kanthi *satuan lingual* “kudu dadi”. Tuturan menika nedhahaken bilih panutur menika mrentah kangge ngedahaken supados Mas Sapto menika saged lamaran kaliyan Ningsih. Saengga, saking tuturan menika Pak Lik nglajengaken pirembagan lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim* dermawan amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep

paring dermawan dhateng lawan rembag. Wonten *maksim* dermawan menika nengenaken begja dhateng lawan rembag. Ananging wonten tuturan menika boten ngetingalaken perkawis menika, satemah damel tuna dhateng lawan rembag. “nek ra iso dadi ya baleke kabeh kuwi” ingkang nedhahaken bilih lawan rembag menika badhe mendhet menapa ingkang sampun dipunparingaken dhateng lawan rembag. Tutuan menika ugi ketingal ngancem dhateng lawan rembag. Saengga, lawan rembag ingkang mireng tuturan menika saged boten saged kedah dadosaken Mas Sapto kaliyan Ningsih amargi menawi boten sedaya ingkang dipunparingaken menika badhe dipunpendhet. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang nglanggar *maksim kedermawanan*.

c) *Maksim* Panglembana

Maksim panglembana menika *maksim* ingkang wujudipun asring damel bungah lawan rembag. Saengga *pelanggaran maksimal* menika awujud 1) gadhah pamanggih awon dhateng lawan rembag, 2) ngece dhateng tumindak ingkang lawan rembag, 3) ngandhapi lawan rembag saha 4) panglembana dhateng dhiri. Pirembagan babagan *pelanggaran maksimal* panglembana badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(61) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten bingkil. Nalika badhe ngoyak Ningsih wonten ing stasiun, Mas Sapto nyuwun supados dipunanter dhateng stasiun. Wonten

kahanan menika Mas Sapto ngetingalaken panglembana dhateng dhiri.

Tuturan:

Mas Sapto: “Wis, pira wae tak bayar, aku anak lurah!”

(sudah, berapa saja akan saya bayar, saya anak lurah)

(Dhata, D.07)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Mas Sapto minangka panutur kaliyan tukang bingkil minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten bingkil. Ancasipun tuturan menika kangge paring panglembana. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha kesesa. Pesan saking tuturan menika Mas Sapto paring panglembana dhateng piyambakipun sarta mrentah supados dipunanter dhateng stasiun. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika awujud *Kesantunan* tindak direktif awujud paring panglembana. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang damel bungahing manah panutur piyambak. Titikan panglembana wonten tuturan menika saged dipun panggihaken kanthi *satuan lingual* “aku anak lurah” ingkang nedhahaken bilih Mas Sapto menika paring panglembana dhateng piyambakipun. Tembung “aku anak lurah” menika ngandharaken bilih “anak lurah” menika limrahipun ketingal sugih, saengga tembung “anak lurah” menika kangge nggambaraken Mas Sapto menika sugih. Saking tuturan menika lajeng tukang bingkil menika purun anggenipun nganter Mas Sapto dhateng stasiun.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim* panglembana amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep paring panglembana dhateng lawan rembag. Tembung “aku anak lurah” menika ngetingalaken panglembana dhateng piyambakipun. Tuturan menika ugi ngetingalaken sikep gumedhe, saengga saged damel pamanggih boten sae saking lawan rembag. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang nglanggar *maksim* panglembana.

(62) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten margi. Nalika pikantuk telepon saking Pak Kades ingkang nyuwun pirsu bab lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih, wangsulanipun Pak Lik ngetingalaken ngece dhateng Mas Sapto.

Tuturan:

Pak Lik: “Bukane sampun gila Pak? Halo Pak...pak...sinyal elek pak...haloo...”

(Bukannya sudah gila Pak? Halo Pak...pak...pak sinyalnya jelek pak...haloo)

(Dhata, D.09)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Lik minangka panutur kaliyan Pak Kades minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten margi. Ancasipun tuturan awujud tuturan pitaken kangge ngece. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Pak Lik ngece mesthekaken bilih Mas Sapto menika edan menapa boten. Jinis tuturan menika ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud pitaken. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken pirsu dhateng lawan rembag saha lawan rembag mangsuli pitakenan menika. Tuturan menika ugi dipuntitiki kanthi pungkasaning ukara kanthi tandha pitaken (?). Pitakenan menika mujudaken tuturan kangge mesthekaken kanthi *satuan lingual* “bukane sudah gila?” ingkang nedhahaken bilih tuturan menika kangge mesthekaken dhateng Pak Lik Mas Sapto menika sampun edan menapa dereng. Saengga, saking tuturan menika Pak Kades ingkang mireng tuturan menika suraos nesu dhateng Pak Lik.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim* panglembana amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep paring panglembana dhateng lawan rembag. Tembung “bukane sudah gila” menika suraos ngece dhateng Mas Sapto ingkang nembe kemawon dipuntilar nyambut damel wonten Jakarta. Ananging wonten kasunyatan Mas Sapto boten edan, saengga tuturan menika ketinggal ngece. Saengga tuturan menika saged mranani manah lawan rembag. Wonten konteks tuturan menika ugi ngetingalaken Pak Lik ingkang medhot pirembagan kaliyan Pak Kades kanthi sengaja *satuan lingual* “sinyal elek pak...haloo...” ingkang ancasipun menika nagge ngilari pirembagan ingkang langkung wigati babagan lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih. Ananging wonten kasunyatan menika sinyal ipuntaksih sae. Namung Pak Lik kemawon ingkang damel alesan

kangge medhot pirembagan meniika. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang nglanggar *maksim* panglembana.

d) *Maksim* Andhap Ashor

Maksim andhap asor menika *maksim* ingkang panutur ngandhapkan manahipun dhateng lawan rembag nalika wicantenan. Saengga *pelanggaran* saking *maksim* menika awujud 1) panutur nginggilaken manahipun, 2) wonten tumindak ingkang sipatipun arogan. Pirembagan babagan *pelanggaran maksim* andap asor badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(63) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran menika, Pak Kades dipundamel kuciwa dening kulawarga Ningsih ingkang nrima lamaran Mas Satria tinimbang Mas Supto. Kahanan menika dadosaken Pak Kades ngetingalaken boten andhap asor.

Tuturan:

Pak Kades: “Kowe aja sembrono lho iki, aja mblenjani kowe, bocahe wes linglung, isa edan lho iki!”

(Kamu jangan macam-macam lho ya, jangan berbohong kamu, anaknya sudah linglung lho, bisa gila lho ini)

(Dhata, D. 11)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Kades minangka panutur kaliyan Pak Lik minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten ing dalemipun Pak Kades. Ancasipun tuturan awujud tuturan menging. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi

basa ngoko lugu saha wigatos. Pesan saking tuturan menika Pak Kades menging dhateng Pak Lik supados boten blenjani janji lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih. Jinis tuturan menika ngginakaken ukara pakon.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud menging. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang miturut panutur menika kirang sae kangge lawan rembag inggih menika boten blenjani janji kangge nglamaraken Mas Sapto kaliyan Ningsih. Titikan sanesipun inggih menika kanthi *satuan lingual* “aja sembrono”, “aja mblenjani” ingkang nedhahaken bilih panutur menging dhateng lawan rembag supados boten tumindak ingkang awon inggih menika blenjani janji badhe nglamaraken Mas Sapto kaliyan Ningsih. Saengga, saking tuturan menika Pak Lik menika boten ngambali malih tumindak menika.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim* andap asor amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep andhap asor dhateng lawan rembag. Wonten konteks tuturan ing film menika dipuntuturaken dening Pak Kades kanthi raos nesu saha nada ingkang inggil saengga ketingal arogan. Tuturan menika medal amargi Pak Lik boten cetha anggenipun ngrembag lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih. Saengga, lawan rembag menika suraos dipunancem dening Pak Kades supados ngrampungaken pirembagan lamaranipun Mas Sapto kaliyan Ningsih. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang nglanggar *maksim* andhap asor. Kedahipun

supados saged ngandharaken tuturan menging kanthi boten suraos ngancem, ngginakaken swanten ingkang andhap, boten nginggilaken swantenipun.

(64) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsih. Nalika kulawarga Ningsih wonten papan menika. Bu Andini kaliyan garwanipun nyuwun pirsa dhateng Bapanipun Ningsih ananging dipunwangsuli kanthi swanten sarata solah bawa ingkang ketinggal nantang

Tuturan:

Bapak Ningsih: “Heh dul kowe ki sapa? Gethak-gethak anakku sing duwe omah iki, sapa kowe? Hah!!”
(heh dul kamu itu siapa? Bentak-bentak anak saya yang punya rumah ini, siapa kamu? Hah!!!)

(Dhata, D.12)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih minangka panutur kaliyan Pak Prawira minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten ing dalemipun Pak Prawira (papan pedamelanipun Ningsih). Ancasipun tuturan awujud tuturan nyuwun pirsa. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha nesu. Pesan saking tuturan menika Bapanipun Ningsih nyuwun pirsa dhateng Pak Prawira bilih piyambakipun menika sinten. Jinis tuturan menika ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud pitaken. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken pirsa dhateng lawan rembag saha lawan rembag mangsuli pitakenan menika. Tuturan menika ugi dipuntitiki kanthi

pungkasaning ukara kanthi tandha pitaken (?). Pitakenan menika mujudaken tuturan kangge nyuwun pirsu inggih menika kanthi *satuan lingual* “kowe ki sapa” kangge nyuwun pirsu tiyang menika sinten. Saengga, saking tuturan menika lawan rembag menika mangsuli pitakenanipun.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim* andhap asor amargi wonten tuturan menika panatur menika boten ngetingalaken sikep andhap asor dhateng lawan rembag. Wonten konteks tuturan ing film menika dipuntuturaken dening Bapanipun Ningsih kanthi raos nesu saha nada ingkang inggil. Tuturan menika medalaken tuturan ingkang sipatipun ngece kanthi *satuan lingual* “heh dul”. Tembung “dul” menika saged dipuntegesi gundhul kangge tembung sesulih ingkang biasanipun dipunginakaken dening tiyang ingkang akrab utawi sampun tepang. Ananging wonten konteks film menika Bapanipun Ningsih menika deeng tepang kaliyan Pak Prawira, saengga tuturan menika suraos ngece dhateng Pak Prawira. Wonten konteks tuturan menika ugi Bapanipun Ningsih ketingal nantang kanthi solah bawa salah satunggaling samparanipun minggah wonte kursi. Saengga boten ngetingalaken andhap asor. Adhedhasar menika tuturan menika saged kalebet tuturan ingkang nglanggar *maksim* andhap asor.

e) *Maksim* Pasarujukan

Maksim menika gayut kaliyan ngirangi boten sarujuk nalika wonten pamanggih saha nengenaken pasarujukan nalika ngrembag satunggaling

perkawis. Saengga *pelanggaran* saking *maksim* menika awujud 1) boten nengenaken lawan rembag kangge milih, 2) boten maringi pirsana nalika wonten kagiyatan ingkang badhe kadadosan saha 3) boten sarujuk. Pirembagan babagan *pelanggaran* *maksim* pasarujukan badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(65) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten sekolah. Nalika ngempalaken seragam kangge dipunsumbangaken, wonten Siswa ingkang boten sarujuk kaliyan pamanggih saking guru menika.

Tuturan:

Siswa : “Masih bagus lho Bu, kok disita lho”

Bu Guru : “Rapapa arep tak nggo ngepel”

(tidak apa apa, akan saya pakai untuk mengepel)

Siswa : “Ya Allah nggo ngepel”

(ya Allah untuk ngepel)

(Dhata, D. 15)

Tuturan menika dipuntuturaken dening guru minangka panutur kaliyan tiyang sepuh saha Ningsih lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan sekolah. Ancasipun tuturan menika guyon. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika guru menika ngancem kangge guyon bilih seragam ingkang dipunkempalaken menika badhe kangge ngepel. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring idin. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring tumindak ingkang panutur minangka tiyang ingkang dadosaken lawan rembag langkung inggil drajatipun tinimbang panutur inggih

menika ibu guru *mbolehkan* seragam sekolah menika dipunkempalaken kangge dipunparingaken panti asuhan. Tuturan menika mujudaken tuturan kangge *mbolehkan* kanthi *satuan lingual* “rapapa” ingkang nedhahaken bilih tuturan menika kangge *mbolehkan* siswa supados ngempalaken seragamipun. Saengga, saking tuturan menika para siswa sami ngempalaken seragamipun.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim* pasarujukan amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken *maksim* pasarujukan. Wonten *maksim* pasarujukan menika panutur maringi pilihan kangge lawan rembag ananging wonten tuturan menika boten ngetingalaken perkawis menika. Titikanipun bilih menika boten paring kalodhangan kangge milih kanthi *satuan lingual* “tak nggo ngepel”. Tuturan menika boten paring kalodhangan kangge lawan rembag supados paring pamanggih. Tuturan menika ugi ketingal paring ukuman iggih menika seragam ingkang dipunparingaken menika badhe kangge ngepel. Saengga. Lawan rembag ingkang mirengaken menika ketingal kuciwa. Titikan kuciwa menika sage dipunpanggihaken kanthi *satuan lingual* “ya allah nggo ngepel” ingkang miturut konteks menika ngetingalaken kuciwa saha boten sarujuk kaliyan pamanggih lawan rembag.

(66) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu menika nalika pirembagan sabibaripun Ningsih lulus sekolah, Pak Lik ngetingalaken boten nyuwun pamanggih sanes

rumiyin, satemah langsung nemtokaken pamanggih piyambakipun.

Tuturan:

Pak Lik: “Wessshshshshh. Ya wes sepakat, Sapto karo Ningsih kawin ya?”

(*Wessshshshshh. Ya sudah sepakat, Sapto sama Ningsih nikah ya*)

(Dhata, D. 14)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Lik minangka panutur kaliyan tiyang sepuh saha Ningsih minangka lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika paring idin. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha wigati. Pesan saking tuturan menika Pak Lik ngedahaken dhateng tiyang sepuhipun Ningsih saha Ningsih bilih Ningsih kedah lamaran kliyan Mas Sapto. Jinisipun tuturan ngginakaken ukara pitaken.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud pitaken. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dipunsuwunaken pirsa dhateng lawan rembag saha lawan rembag mangsuli pitakenan menika. Tuturan menika ugi dipuntitiki kanthi pungkasaning ukara kanthi tandha pitaken (?). Pitakenan menika mujudaken tuturan kangge mesthekaken kanthi *satuan lingual* “kawin ya?” ingkang nedhahaken bilih tuturan menika kangge mesthekaken dhateng kulawarganipun Ningsih bilih Ningsih lamaran kaliyan Mas

Sapto. Saking tuturan menika lajeng kulawarganipun Ningsih nglajengaken pirembaran bab lamaran Ningsih kaliyan Mas Sapto.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim* pasarujukan amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken *maksim* pasarujukan. Wonten *maksim* pasarujukan menika panutur maringi pilihan kangge lawan rembag ananging wonten tuturan menika boten ngetingalaken perkawis menika. Titikanipun bilih menika boten paring kalodhangan kangge milih kanthi *satuan lingual* “Ya wes sepakat”. Tuturan menika nedhahaken bilih Pak Lik menika boten maringi pilihan dhateng kulawarganipun Ningsih. Sanajan dipunsarengi tuturan pitaken, wonten konteks tuturan wonten film menika kulawarganipun boten nyarujuki pamanggih Pak Lik menika. Dados Pak Lik menika namung nengenaken nepsunipun piyambak.

f) *Maksim Simpati*

Maksim Simpati menika *maksim* ingkang sipatipun tanggap nalika lawan rembag pikantuk memala utawi kabegjan ugi dipunsarengi tuturan kangge panyengkuyung kangge mita tutur. Saengga *pelanggaran* saking *maksim* menika wujudipun 1) boten tanggap dhateng lawan rembag, 2) mendel kemawon nalika lawan rembag pikantuk memala utawi kabegjan. Pirembaran babagan *pelanggaran maksim* pasarujukan badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

(67) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten giyanipun Ningsih. Sabibaripun dipuntilar wonten ing Jakarta sakulawarga ngrembag perkawis lamaran malih. Wonten kahanan menika Pak Lik ngetingalaken boten *Simpati* kaliyan tiyang sepuhipun ingkang sedhik dipuntilar Ningsih

Tuturan:

Pak Lik: “Nang Jakarta kok oleh, coba nek dinikahne karo Sapto, kewajibane dhewe dadi wong tuwa rampung”

(Ke Jakarta kok dibolehkan coba kalau dinikahkan dengan Sapto, kewajibanya kita jadi orang tua akan selesai)

(Dhata, D.19)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Lik minangka panutur kaliyan para tiyang sepuhipun Ningsih lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge paring pitutur. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa ngoko lugu saha *santai*. Pesan saking tuturan menika Pak Lik paring pitutur dhateng tiyang sepuhipun Ningsih bilih tiyang sepuhipun Ningsih ngersakaken Ningsih nyambut damel wonten Jakarta saha dipunsarengi pamrayoginipun. Jinis tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring pitutur. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan kangge supados mangertos, waspada, boten ngambali kanthi pamrayogi saking tumindak ingkang kirang sae miturut panutur. Titikan menika saking *satuan lingual* “coba nek dinikahne” ingkang nedhahaken bilih panutur menika cobo paring pamrayogi dhateng kulawarganipun Ningsih nalika boten sios

nyambut damel wonten Jakarta. Wonten tuturan menika ugi drajatipun lawan rembag menika ingkang Saking tuturan menika kulawarganipun Ningsih dados mangertos saha ngrembag bab lamaran Ningsih kaliyan Mas Sapto.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim Simpati* amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep *Simpati*. Tegesipun, bilih *Simpati* menika nalika lawan rembag pikantuk memala utawi kabegjan ugi dipunsarengi tuturan kangge panyengkuyung kangge mita tutur. Ananging wonten tuturan menika panutur dados mranani manahipun lawan rembag, amargi tiyang sepuhipun nandhang duka amargi dipuntilar Ningsih nyambut damel wonten ing Jakarta sarta boten paring kabar dhateng tiyang sepuhipun. Tuturan menika Nalika wonten kahanan ingkang kados mekaten, kedahipun kangge wujud *Simpati* dhateng kulawarganipun Ningsih awujud paraing panyengkuyung supados Ningsih pikantuk pedamelan ingkang sae wonten Jakarta. Saengga, tiyang sepuhipun Ningsih saha Ningsih menika boten kuciwa nalika pikantuk kahanan menika.

(68) Konteks: Prastawa menika kadadosan wonten wonten griyanipun Ningsih. Nalika Ningsih sampun bidhal Jakarta, Mas Sapto sowan wonten griyanipun Ningsih. Wonten papan menika Bu Lik ngetingalaken boten *Simpati* kaliyan Mas Sapto ingkang taksih tresna kaliyan Ningsih.

Tuturan:

Bu Lik: “Mpun Mas Sapto, dilaleke mawon, jodho niku boten mesti, boten usah di arep-arep.”

(Sudah Mas Sapto, dilupakan saja, jodoh itu tidak pasti, tidak usah berharap)

(Dhata, D.20)

Tuturan menika dipuntuturaken dening Pak Likminangka panutur kaliyan para Mas Sapto lawan rembag. Wicantenan menika kadadosan wonten latar griyanipun Ningsih. Ancasipun tuturan menika kangge paring pittur. Tuturan menika kalebet tuturan verbal kanthi basa krama alus *santai*. Pesan saking tuturan menika Pak Lik paring pitutur dhateng Mas Sapto bilih perangan bab lamaran kaliyan Ningsih menika dipunsupe kemawon. Jinis tuturan ngginakaken ukara pawarta.

Tuturan menika kalebet *tindak tutur direktif* awujud paring pitutur. Titikanipun menika wonten satunggaling perkawis ingkang dados dhasaring pangandikan kangge supados mangertos, waspada, boten ngambali kanthi pamrayogi saking tumindak ingkang kirang sae miturut panutur. Titikan menika saking *satuan lingual* “dilaleke mawon” ingkang nedhahaken bilih panutur menika paring pitutur dhateng lawan rembag saha jodho niku boten mesthi nedhahaken bilih tuturan menika dados pamrayogi saking tuturan dilaleke mawon. Saking tuturan menika lajeng Mas Sapto suraos kuciwa dhateng Pak Lik.

Tuturan menika kalebet *pelanggaran maksim Simpati* amargi wonten tuturan menika panutur menika boten ngetingalaken sikep *Simpati*. Tegesipun, bilih *Simpati* menika nalika lawan rembag pikantuk memala utawi kabegjan ugi dipunsarengi tuturan kangge panyengkuyung kangge mita tutur. Ananging wonten tuturan menika

panutur dados mranani manahipun lawan rembag, amargi Mas Sapto ingkang tresna sanget dhateng Ningsih saha dipuntilar Ningsih wonten Jakarta menika dipundamel langkung kuciwa dening Pak Lik. Pak Lik ingkang dados landhasaning supados saged lamaran kaliyan Ningsih malah ngendika kados menika. Sanajan ngginakaken basa krama alus ananging kahanan ingkang kados mekaten menika ingkang dados Mas Sapto nandhang duka amargi dipuntilar Ningsih. Wonten konteks menika ugi Mas Sapto medalaken sikep kuciwa dhateng Pak Lik kanthi nangis saha wangsul saking papan menika. Nalika wonten kahanan Mas Sapto ingkang kados mekaten, kedahipun kangge wujud *Simpati* dhateng Mas Sapto, Pak Lik paring pitutur kangge damel Mas Sapto sabar utawi supados boten nandhang duka amargi dipuntilar Ningsih. Tuturanipun kados mekaten, “Mas, sabar ya Mas Ningsih mesti bali ngomah, dienteni wae ya”. Tuturan menika kangge tuladha sikep *Simpati* dhateng Mas Sapto. Saengga, Mas Sapto menika boten kuciwa nalika pikantuk kahanan menika.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaran *kesantunan tindak tutur direktif wonten ng* film Calon Bini ingkang sampun kaandharaken ing bab sekawan. Pramila, saged dipundamel dudutan saking panaliten menika. Dudutan saking panaliten menika ing antawisipun nggih menika:

1. Panaliten menika ngrembag *kesantunan tindak tutur direktif wonten* ing film Calon Bini. Asiling panaliten menika ngandharaken bilih *kesantunan tindak tutur direktif wonten* ing film Calon Bini menika kaperang dados sekawan inggih menika (1) ginanipun *tindak tutur direktif*, (2) *kesantunan tindak tutur direktif*, (3) *ketidaksantunan tindak tutur direktif*, sarta (4) *pelanggaran maksim kesantunan Leech*. Perangan ginanipun *tindak tutur direktif* menika saged dipunperang malih dados enem ginanipun inggih menika (1) panyuwunan, (2) pitakenan, (3) mrentah, (4) menging, (5) paring idin, saha (6) paring pitutur. Perangan *kesantunan tindak tutur direktif wonten gangsal* inggih menika (1) ngginakaken ukara boten langsung, (2) panglembana dhateng lawan rembag, (3) anggadhahi raos sae dhateng lawan rembag, (4) ngginakaken wujud ingkang ngetingalaken boten sarujuk kanthi ukara ingkang sae, saha (5) ngginakaken tembung pakurmatan dhateng lawan rembag. Perangan *ketidaksantunan tindak tutur direktif*

wonten sanga, inggih menika (1) ngginakaken ukara langsung dhateng lawan rembag,(2) panglembana dhateng dhiri panutur, (3) ngandharaken kritik kanthi langsung dhateng lawan rembag kanthi cara kasar, (4) boten saged bedakaken perkawis ingkang wigatos kaliyan guyon, (5) anggenipun ngandharaken kanthi raos nesu, (6) *protektif* kaliyan pamanggihipun, (7) nyindhir utawi nudhuh dhateng lawan rembag, (8) ngandharaken tuturan boten sae dhateng lawan rembag, saha (9) ngandharaken raos boten sarujuk kaliyan lawan rembag. Pelanggaran maksim kesantunan Leech dipunperang dados enem *pelanggaran* inggih menika (1) *maksim* kawicaksanana, (2) *maksim kedermawanan*, (3) *maksim* panglembana,(4) *maksim* andhap asor,(5) *maksim* pasarujukan, saha (6) *maksim simpati*.

2. Wonten ing film menika *ketidaksantunan* menika langkung kathah tinimbang *santun*. *Kesantunan* saha *ketidaksantunan* menika ugi saged dipuntingali saking *pelanggaran maksim*, amargi maksim menika ugi gayut kaliyan *kesantunan* saha *ketidaksantunan* basa.
3. *Tindak tutur direktif* wonten film menika ngandharaken kados pundi titikan anggenipun nemtokaken tuturan ingkang kalebet sekawan kajian menika sarta titikan kados pundi tuturan menika saged kalebet ginanipun, *kesantunan*, *ketidaksantunan* menapa dene *pelanggaran maksim*. Wonten asiling panaliten menika ugi boten namung medalaken titikan ingkang ketinggal saking basanipun ananging ugi solah bawanipun panutur saha lawan rembag ingkang saged dados titikan sanesipun kangge nemtokaken *santun* saha botenipun tuturan *direktif* menika.

B. Implikasi

1. Panaliten menika saged dipunginakaken kangge *referensi* para kadang mahasiswa mliginipun mahasiswa Pendidikan Bahasa Daerah ingkang badhe mendhet *tindak tutur* minangka *objek kajian*ipun. Asiling panaliten menika ugi saged nambah ngelmu basa mliginipun bab ngelmu *pragmatik*.
2. Panaliten menika saged kangge *referensi* pirembaran *pragmatik* salajengipun. Ananging pirembaran wonten ing panaliten menika saged dipungayutaken malih kaliyan disiplin ngelmu sanesipun, kados ta sastra, *nilai-nilai* wonten ing gesang padintenan lan sapanunggalanipun.
3. Panaliten menika saged kangge tuladha panganggenipun *kesantunan tindak tutur direktif* wonten gesang padintenan. Kanthi nengenaken *kesantunan* basa wonten ing masarakat, *interaksi* antawsipun tiyang satunggal kaliyan tiyang sanes saged nuwuhaken *komunikasi* ingkang *wangsulatif* saha boten mranani penggalih lawan rembag.
4. Panaliten menika ugi saged kangge tuladha panganggenipun basa, mliginipun basa krama kaliyan ngoko wonten ing kulawarga. Kanthi mangertosi cara anggenipun ngginakaken basa menika, lawan rembag saged mangertosi kados pundi sikep utawi drajat saking panutur.

C. Pamrayogi

Asiling panalitean menika ngandharaken *kesantunan tindak tutur direktif*. Adhedhasar dudutan saha *implikasi* ing inggil menika panaliti paring pinten-pinten pamrayogi, ingkang dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) Kangge Pamaos

Panaliten menika taksih tebih saking kasampurnan, pramila kangge pamaos menika, panaliten menika betahaken kritik saha saran saking pamaos, supados panaliten menika layak kangge *pengembangan* ngelmu basa. Asiling panaliten menika mugi saged nuwuhaken *pola pikir* ingkang *ilmiah* kangge pamaos supados neliti *fenomena berbahasa* wonten ing sakiwa tengenipun.

2) Kangge Panganggit Film

Film menika nengenaken kados pundi caranipun tumindak wonten ing masyarakat. Film menika ugi saged kangge sarana kados pundi panganggenipun basa ingkang pener, kados ta panganggening basa tiyang anom kaliyan langkung sepuh, tiyang sepuh kaliyan tiyang anom, lan sanesipun. Ananging, asiling panaliten menika ngandharaken bilih film menika kathah tuturan ingkang boten *santun* tinimbang tuturan *santun*. Pramila, kedah dipungatosaken nalika damel film menika langkung nengenaken *kesantunan* basa menapa namung bebingah kangge pamiarsa.

KAPUSTAKAN

- Alwasilah, A. Chaedar. 1985. *Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Ananda, dkk. 2015. "Bentuk dan Ginanipun Tindak Tutur Slogan Varian Iklan Pond"s diTelevisi". *JJPBS*, 3 (1): 1-12.
- Ardiansyah, E. A., Indrayani, L. M., Riyanto, S. 2014. "Jargon Peretas yang Dibentuk melalui Proses Perluasan Makna." *Humaniora*, 26 (3): 328-336.
- Arikunto, S. 2002. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta:Asdi Mahasatya.
- Ayu Ari Apriastuti, Ni Nyoman. 2017. *Bentuk, Ginanipun dan Jenis Tindak Tutur dala Komunikasi Siswa Kelas IX Unggulan SMP PGRI 3 Denpasar*. Jurnal Iiah Pendidikan dan Pembelajaran PPs Universitas Pendidikan Ganesha. JIIP, Volume 1 Nomor 1 Maret 2017. ISSN 15-4543. Denpasar: Universitas Pendidikan Ganesha
- Basuki, Rokhmat. 2015. *Kesantunan Berbahasa dalam Wacana Interaksi Komunikasi di Lingkungan Universitas Bengkulu*. Jurnal Pendidikan Bahasa dan Sastra, 14(1): 16-25.
- Bogdan, R and Biklen, S. K. 2007. *Qualititative Research for Education: An Introduction to Theories and Methods, 5th Edition*. New York: Pearson.
- Chaer, Abdul saha Leonie Agsutine. 1995. *Sosiolinguistik: Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Cobley, P. 2001. *The Routledge Companion to Semantics and Linguistics*. London and New York: Routledge.
- Cutting, J. 2006. *Pragmatics and Discourse*. London: Routledge
- Dardjowidjojo, Soenjono. 2003. *Psikolinguistik (Pengantar Pemahaman Bahasa Manusia)*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Darwis, Muhammad. 2018. *Politeness Language Analysis in Teenagers Reviewed from Sociolinguistics*. Budapest International Research and Critics in Linguistics and Education (BirLE) Journal. Volume I, No 1, November 2018, Page: 15-22, e-ISSN: 2655-1470 (Online), p-ISSN: 2655-2647 (Print). Malaysia: Postgraduate Student of Indonesian Language Education Study Program in University of Syiah Kuala.

- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra Epistemologi, Model, Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: CAPS.
- Fajarika Ramadania saha Ika Andrini Irmayanti. 2017. *Strategi Kesantunan Tuturan Direktif Bahasa Indonesia di SMAN 1 Karang Intan Kalimantan Selatan*. Jurnal Tarbiyah (Jurnal Ilmiah Kependidikan) Vol. 6 No. 2. Juli – Desember 2017 (59-71) p-ISSN: 2088-6991, e-ISSN: 2548-8376. Banjarmasin: STKIP PGRI Banjarmasin.
- Febrianto, Riko saha Nur Nisai Muslihah. 2017. *Pematuhan dan Penyimpangan Prinsip Kesantunan Berbahasa dalam Wacana Buku Teks Bahasa Indonesia*. Jurnal KIBASP (Kajian Bahasa, Sastra dan Pengajaran). Volume 1, Nomor 1, Desember 2017. e-ISSN : 2597-5218. Lubuklinggau: STKIP-PGRI Lubuklinggau.
- Franz Magnis-Suseno. 2001. *Etika Jawa: Sebuah Analisa Falsafi Tentang Kebijakan Hidup Jawa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan dan Tenaga Kependidikan.
- Gunarwan, Asim. 1994. *PELBA 7: Kesantunan Negatif di Kalangan Dwibahasawan Indonesia-Jawa di Jakarta*. Jakarta: Unika Atmajaya Press.
11	Pak Kades: Aja macem-macem karo aku kowe ya!!	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih, kulawarga Sartria puntranipun Bu Andini rawuh wonten dinten lamaran menika. Lajeng Pak Kades ngetingalaken raos nesu amargi kuciwa dhateng Bapanipun Ningsih.	Anggenipun Ngandharaken Kanthi Raos Nesu	<i>Direktif:</i> Menging Ngginakaken swanten ingkang inggil Solah bawanipun kanthi nunjuk-nunjuk.

12	Bapak Ningsih: Genahe ki piye? Genahe ki piye hah?	Prastawa menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsi. Nalika kulawarga Ningsih wonten papan menika, bapanipun Ningsih ngandharaken raos nesu amargi kahanan ingkang boten temtu.	Anggenipun Ngandharaken Raos Nesu	Kanthi	<i>Direktif:</i> Pitaken Ngginakaken swanten ingkang inggil anggenipun nyuwun pirsas Solah bawanipun sinambi nyepengi badhan lawan rembag.
13	Ibu Ningsih: Piye to ki malah saya ora karuan. Bapak Ningsih: Udah-udah, pokoke aku arep nampo lamaran e Sapto, biar kamu ora kakehan ngimpi.	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Sabibaripun konflik tiyang sepuhipun Ningsih gresula sarta ngandharaken badhe nampa lamaranipun Mas Sapto. Kahanan menika medalaken tuturan Bapanipun Ningsih ingkang ngedahaken pamanggihipun.	<i>Protectif</i> pamanggihipun	kaliyan	<i>Direktif:</i> Ngedahaken Ngginakaken tembung “pokoke” ingkang tegesipun ngedahaken pamanggihipun.
14	Mas Sapto: Ora bisa!!, aku dikik, iya ta Pak?	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran menika Mas Sapto ngetingalaken ngedahaken pamanggihipun piyambak amargi wonten dinten menika ugi Mas Satria badhe nglamar Ningsih.	<i>Protectif</i> pamanggihipun	kaliyan	<i>Direktif:</i> Ngedahaken Ngginakaken tembung “ora bisa, aku dikik” ingkang tegesipun ngedahaken pamanggihipun
15	Pak Lik: Beres ta Pak, Mas kula sanjang, sedaya beres. Alhamdulillah beres ya.	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembagan bab lamaran Ningsih, Pak Lik ngetingalaken ngedahaken pamanggihipun tanpa mirengaken pamanggih kulawarga sanesipun.	<i>Protectif</i> pamanggihipun	kaliyan	<i>Direktif:</i> Paring idin Boten wonten pasarujukan kaliyan lawan rembag rumiyin

16	Sapto: Pokoke karo ningsih Pak, emoh karo liyane, tak cakot lho....	Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun Pak Kades. Nalik wicantenan kaliyan Pak Lik mawi telepon, Mas Sapto gadhah pamanggih supados kedah kaliyan Ningsih kemawon anggenipun lamaran.	<i>Protektif</i> kaliyan pamanggihipun	<i>Direktif:</i> Panyuwunan Ngginakaken tembung “pokoke karo Ningsih” ingkang tegesipun ngedahaken pamanggihipun
17	Bu Lik: Mas sama Mbak Yu ki di jak sugih kok ya ra gelem, ya ben mlarat wae terus	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Sasampunipun wangsaul saking Jakarta, kulawarganipun Ningsih pirembagan malih babagan lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih. Wonten kahanan menika Bu Lik nyindhir kulawarganipun Ningsih.	Nyindhir utawi Nudhuh Dhateng Lawan rembag.	<i>Direktif:</i> Paring pitutur Nyindhir dhateng lawan rembag a amargi wonten gegayuhan saking panutur ingkang boten sami utawi awon saking paningalanipun panutur.
18	Pak Kades: Paling mung kotak tok.	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran menika Mas Satria kaliyan Omah beta ubarampe lamaran. Mas Sapto kaliyan Pak Kades ingkang mirsani menika lajeng medalaken tuturan nyindhir.	Nyindhir utawi Nudhuh Dhateng Lawan rembag.	<i>Direktif:</i> Panglembana Nyindhir dhateng lawan rembag aargi wonten gegayuhan saking panutur ingkang boten sami utawi awon saking paningalanipun panutur.
19	Kanca 2: Sirkus e teka	Prastawa menika kadadosan wonten margi. Sabibaripun wangsul sekolah, Ningsih kepanggih kaliyan Mas Sapto ingkang nitih motoh nyaketi Ningsih kaliyan kanca-kancanipun sinambi matur kanthi ngagem helm. Kahanan	Nyindhir utawi Nudhuh Dhateng Lawan rembag.	<i>Direktif:</i> Panglembana Nyindhir dhateng lawan rembag amargi wonten gegayuhan saking panutur ingkang boten sami utawi awon saking paningalanipun panutur.

		menika dadosaken kancanipun Ningsih medalaken tuturan ingkang boten sae.		
20	Kanca 2 Gayane kuwi lho, kok ana ya wedok bentukane kaya ngana, lambene lho mencucu-mencucu monyong	Prastawa menika kadadosan wonten sekolah. Nalik lulusan kancanipun Ningsih panglembana dhateng dhiri amargi ningali kanca sanes ingkang kawentar.	Nyindhir utawi Nudhuh Dhateng Lawan rembag.	<i>Direktif:</i> Panglembana Nyindhir dhateng lawan rembag amargi wonten gegayuhan saking panutur ingkang boten sami utawi awon saking paningalanipun panutur.
21	Ibu Ningsih: Rapapa aku mlarat, aku ndak isin anaku batur tinimbang uripmu ngoyak dunya ndak kesampean.	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu, nalika nembe dugi wangsul saking Jakarta, Ningsih sakulawarga ngrembag Ningsih ingkang dipunpedhot nyambut damelipun. Perkawis menika dadosaken konflik. Kahanan menika dadosaken Bu Lik nyindhir kulawarganipun Ningsih.	Nyindhir utawi Nudhuh Dhateng Lawan rembag.	<i>Direktif:</i> Panglembana Nyindhir dhateng lawan rembag amargi wonten gegayuhan saking panutur ingkang boten sami utawi awon saking paningalanipun panutur.
22	Mas Sapto: Hehh.miggir...!!!! Jiah edan, kowe kok ra ngmong nek rem e ki blong, jangkrik!!!	Prastawa menika kadadosan wonten margi. Nalika ngoyak Ningsih kanthi nitih motor, Mas Sapto kecemplung sabin amargi remipun blong.	Ngandharaken Tuturan Boten Sae Dhateng Lawan rembag	<i>Direktif:</i> Mrentah Ngginakaken tembung “edan, jangkrik” ingkang nedhahaken tuturan boten sae kangge lawan rembag.
23	Bapak Ningsih: Crigis!!	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Sabibaripun dipuntilar Ningsih wonten Jakarta, Pak Lik ngandharaken pamanggih dhateng Bapanipun Ningsih. Lajeng, bapanipun menika medalaken tuturan ingkang boten sae dhateng Pak Lik.	Ngandharaken Tuturan Boten Sae Dhateng Lawan rembag	<i>Direktif:</i> Menging Ngginakaken tembung “crigis” ingkang nedhahaken tuturan boten sae kangge lawan rembag.

24	Bapak Ningsih: Sari, aja waton njebles conthongmu!!! Arep nyiram aku??arep nyiram aku!!!	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu, nalika nembe dugi wangsul saking Jakarta, Ningsih sakulawarga ngrembag Ningsih ingkang dipunpedhot nyambut damelipun. Perkawis menika dadosaken konflik. Kahanan menika dadosaken Bapanipun Ningsih medalaken tuturan ingkang boten sae.	Ngandharaken Tuturan Boten Sae Dhateng Lawan rembag	<i>Direktif:</i> Menging Ngginakaken tembung “conthongmu” ingkang nedhahaken tuturan boten sae kangge lawan rembag.
25	Bapak Ningsih: Awak kaya tangki	Prastawa menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsi. Nalika kulawarga Ningsih wonten papan menika, bapanipun Ningsih ngandharaken ngece dhateng Bu Lik amargi badanipun ingkang ageng sanget.	Ngandharaken Tuturan Boten Sae Dhateng Lawan rembag	<i>Direktif:</i> Panglembana Ngginakaken tembung “kaya tangki” ingkang nedhahaken tuturan boten sae kangge lawan rembag.
26	Penghulu: Tepangaken.... Mas Sapto: Wes mboten usah tepangan, mpun tepang niki.	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran Ningsih kaliyan Mas Sapto, Panghulu ingkang badhe pitepangan kaliyan para rawuh dipunpedhot tuturanipun dening Mas Sapto.	Ngandharaken Raos Boten Sarujuk kaliyan Lawan rembag	<i>Direktif:</i> Menging Ngginakaken tembung “boten usah” ingkang nedhahaken tuturan menika panutur boten sarujuk kaliyan pamanggih lawan rembag.
27	Bapak Ningsih: Cukup. Metu seko omahku!	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu, nalika nembe dugi wangsul saking Jakarta, Ningsih sakulawarga ngrembag Ningsih ingkang dipunpedhot nyambut damelipun. Perkawis menika dadosaken	Ngandharaken Raos Boten Sarujuk kaliyan Lawan rembag	<i>Direktif:</i> Mrentah Ngginakaken tembung “cukup” ingkang nedhahaken bilih boten sarujuk kaliyan pamanggih lawan rembag.

		konflik antawisipun Pak Lik, Bu Lik sarta tiyang sepuhipun Ningsih. Kahanan menika dadosaken Bapanipun Ningsih medhot wicantenan sarta medalaken tuturan boten sarujuk.		
--	--	---	--	--

D. Tabel Analisis Pelanggaran Maksim Leech

No	Data Tuturan	Konteks Tuturan	Maksim Kesantunan Leech	Katrangan
1	Pak Lik: Kakehan gaya kowe, dadi batur we bangga.	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu, nalika nembe dugi wangsul saking Jakarta, Ningsih sakulawarga ngrembag Ningsih ingkang dipunpedhot nyambut damelipun. Perkawis menika dadosaken konflik. Kahanan menika damel tuturan saking Pak Lik ingkang ngetingalaken boten wicaksana.	<i>Maksim Kawicaksanaan</i>	<i>Direktif:</i> Panglembana, Ngece Damel tuna dhateng mitra Nyindir lawan rembag kanthi tututan “Batur we bangga”
2	Pak Lik: Ohhhh...kowe ra gelem,kowe isin sing teka wong desa ngana!	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu, nalika nembe dugi wangsul saking Jakarta, Ningsih sakulawarga ngrembag Ningsih ingkang dipunpedhot nyambut damelipun. Perkawis menika dadosaken konflik. Wonten kahanan menika Pak Lik ngetingalaken boten wicaksana.	<i>Maksim Kawicaksanaan</i>	<i>Direktif:</i> Nyuwun pirsu Damel tuna dhateng lawan rembag awujud sedhik manahipun Nyindir lawan rembag

3	Pak Kades: Awas kowe ya, sertifiat tanahmu ora bakal tak tandatangani Bapak Ningsih: Beda perkara niku Pak Kades	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran menika, Pak Kades dipundamel kuciwa dening kulawarga Ningsih ingkang nrima lamaran Mas Satria tinimbang Mas Sapto. Kahanan menika medalaken tuturan ingkang ngetingalaken boten wicaksana.	<i>Maksim Kawicaksanaan</i>	<i>Direktif:</i> Menging Damel tuna dhateng lawan rembag Ketingal meksa Ngedahaken dhateng panutur Nyindir saha ngancem lawan rembag
4	Bu Lik: Sisan njaluk dhuwit karo Ningsih ya dinggo nyalon kades.	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Sabibaripun pikantuk surat saha foto-foto bilih Ningsih ngetingalaken dados tiyang ingkang sugih, Bu Lik ngetingalaken boten dermawan, satemah nyuwun arta kangge Pak Lik nyalon kades.	<i>Maksim Kedermawan</i>	<i>Direktif:</i> Panyuwunan Damel begja dhateng panutur awujud nyuwun arta dhateng lawan rembag.
5	Pak Kades: Akta keluargamu tak obong!!! Tanganku iki wes suwe lho ora nempiling cangkem e wong tuwa sing mrongos!! Bubar!!! Ayo mulih!! Bubar!!!!	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran menika, Pak Kades dipundamel kuciwa dening kulawarga Ningsih ingkang nrima lamaran Mas Satria tinimbang Mas Sapto. Kahanan menika Pak Kades ngetingalaken boten dermawan kaliyan kulawarganipun Ningsih.	<i>Maksim Kedermawan</i>	<i>Direktif:</i> Menging Damel begja dhateng panutur Damel tuna dhateng lawan rembag Ngancem lawan rembag
6	Pak Kades: Halah kowe ki lho..perkara remeh temeh ngana ra isa, huh...ngana arep njaluk jabatan seko aku, hayo	Prastawa menika kadadosan wonten dalemipun Pak Kades. Nalika wicantenan kaliyan Pak Lik ngrebag lamaran Ningsih	<i>Maksim Kedermawan</i>	<i>Direktif:</i> Ngedahaken Damel begja dhateng panutur

	emboh,, lha piye lah caramu..sing pnting kuwi Sapto karo Ningsih kudu dadi!!!, nek ra iso dadi ya baleke kabeh kuwi.	kaliyan Mas Sapto, Pak Kades ngetingalaken boten dermawan.		Wonten perkawis ingkang ketingal lawan rembag medalaken pakaryanipun
7	Mas Sapto: Wis, pira wae tak bayar, aku anak lurah.	Prastawa menika kadadosan wonten bingkil. Nalika badhe ngoyak Ningsih wonten ing stasiun, Mas Sapto nyuwun supados dipunanter dhateng stasiun. Wonten kahanan menika Mas Sapto ngetingalaken panglembana dhateng dhiri.	<i>Maksim</i> Panglembana	<i>Direktif:</i> Panglembana Ngece dhateng tumindak ingkang lawan rembag Ngandhapaken lawan rembag Nginggilaken piyambakipun
8	Pak Lik: Kok sampeyan nesu mas, anakmu mas, ngirim foto, omah magrong-magrong, jebule batur!!	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu, nalika nembe dugi wangsul saking Jakarta, Ningsih sakulawarga ngrembag Ningsih ingkang dipunpedhot nyambut damelipun. Perkawis menika dadosaken konflik. Kahanan menika damel Pak Lik ngetingalaken ngece dhateng Ningsih kanthi swanten ingkang inggil.	<i>Maksim</i> Panglembana	<i>Direktif:</i> Panglembana Gadhah pamanggih awon dhateng lawan rembag ngece dhateng tumindak ingkang lawan rembag Ngandhapaken lawan rembag
9	Pak Lik: Bukane sampun gila pak? Halo pak,,pak,, sinyal elek Pak...haloo...	Prastawa menika kadadosan wonten margi. Nalika pikantuk telepon saking Pak Kades ingkang nyuwun pirsabab lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih,	<i>Maksim</i> Panglembana	<i>Direktif:</i> Panglembana Gadhah pamanggih awon dhateng lawan rembag

		wangsulanipun Pak Lik ngetingalaken ngece dhateng Mas Sapto.		Ngece dhateng tumindak ingkang lawan rembag Ngandhapaken lawan rembag
10	Mas Sapto: Rapapa mas, aku anak lurah.	Prastawa menika kadadosan wonten stasiun. Nalika Mas Sapto ngoyak Ningsih wonten stasiun, Mas Sapto dipuncegat dening kondektur ingkang nyuwun pirs babagan tiketipun Mas Sapto. Lajeng Mas Sapto ngetingalaken meksa supados saged mlebet sarta ngetingalaken panglembana dhateng dhiri.	<i>Maksim</i> Panglembana	<i>Direktif:</i> Panglembana Gadhah pamanggih awon dhateng lawan rembag Ngece dhateng tumindak ingkang lawan rembag Ngandhapaken lawan rembag
11	Pak Kades: Kowe aja sembrono lho iki, aja mblenjani kowe, bocahe wes linglung, isa edan lho iki!	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran menika, Pak Kades dipundamel kuciwa dening kulawarga Ningsih ingkang nrima lamaran Mas Satria tinimbang Mas Sapto. Kahanan menika dadosaken Pak Kades ngetingalaken boten andhap asor.	<i>Maksim</i> Andhap Ashor	<i>Direktif:</i> Menging Panutur nginggilaken manahipun Wonten tumindak ingkang sipatipun arogan
12	Bapak Ningsih: Heh dull kowe ki spo? Gethak-gethak anakku sing duwe omah iki, sapa kowe? Hah	Prastawa menika kadadosan wonten dalem majikanipun Ningsih. Nalika kulawarga Ningsih wonten papan menika. Bu Andini kaliyan garwanipun nyuwun pirs dhateng Bapanipun Ningsih ananging dipunwangsuli kanthi	<i>Maksim</i> Andhap Ashor	<i>Direktif:</i> Pitaken Panutur nginggilaken manahipun Wonten tumindak ingkang sipatipun arogan

		swanten sarata solah bawa ingkang ketingal nantang.		
13	Bapak ningsih: Nggo ngubur kowe kuwi!!	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Sabibaripun dipuntilar wonten ing Jakarta sakulawarga ngrembag perkawis lamaran malih. Saking pemanggih Bu Lik, Bapanipun Ningsih ngetingalaken boten andhap asor kanthi swanten ingkang inggil.	<i>Maksim</i> Andhap Ashor	<i>Direktif:</i> Panglembana Panutur nginggilaken manahipun Wonten tumindak ingkang sipatipun arogan
14	Pak Lik: Wesshshshshh. Ya wes sepakat, Sapto karo Ningsih kawin ya...?	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Wekdal dalu menika nalika pirembagan sabibaripun Ningsih lulus sekolah, Pak Lik ngetingalaken boten nyuwun pamanggih sanes rumiyin, satemah langsung nemtokaken pamanggih piyambakipun.	<i>Maksim</i> Pasarujukan	<i>Direktif:</i> Pitaken Boten Nengenaken lawan rembag kangge milih Boten Maringi pirsalika wonten kagiyatan ingkang badhe kadadosan Mrentah kanthi langsung Boten sarujuk
15	Siswa: Masih bagus lho bu kok disita lho. Bu Guru: Rapapa arep tak ng ngepel Siswa: Ya Allah nggo ngepel	Prastawa menika kadadosan wonten sekolah. Nalika ngempalaken seragam kangge dipunsumbangaken, wonten Siswa ingkang boten sarujuk kaliyan pamanggih saking guru menika.	<i>Maksim</i> Pasarujukan	<i>Direktif:</i> Paring idin Boten Nengenaken lawan rembag kangge milih Boten Maringi pirsalika wonten kagiyatan ingkang badhe kadadosan Mrentah kanthi langsung Boten sarujuk
16	Ningsih: mboten Pak Lik, kula mboten purun nikah riyin, kula	Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika pirembagan	<i>Maksim</i> Pasarujukan	<i>Direktif:</i> Paring idin

	<p>pengen kuliah nek saged malah S2 Pak Lik: Kuliah!!</p>	<p>sabibaripun Ningsih lulus sekolah, Pak Lik ngetingalaken boten sarujuk kaliyan Ningsih ingkang badhe kuliah.</p>		<p>Boten Nengenaken lawan rembag kangge milih Boten Maringi pirsu nalika wonten kagiyatan ingkang badhe kadadosan Mrentah kanthi langsung Boten sarujuk</p>
17	<p>Bu Lik: Iya mas, sampeyan njur iso tuku montor anyar, kurang apa?ya ra? Bapak Ningsih: Karepmu!!!!</p>	<p>Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Nalika dinten lamaran menika Bu Lik ngetingalaken boten simpati kaliyan kulawarga Ningsih ingkang taksih kathah perkawis amargi Ningsih boten saged nyambut damel malih, satemah dipunjodhokaken malih kaliyan Mas Spto.</p>	<p><i>Maksim Simpati</i></p>	<p><i>Direktif:</i> Paring pitutur Boten ngajeni dhateng lawan rembag Saperangan wonten tuturan ingkang ngece</p>
18	<p>Bu Lik: Hooh mas, malah sampeyan wes sugih saiki, lemah e neng endi-endi, malah lemah kuburan wes isa dicepake saiki.</p>	<p>Prastawa menika kadadosan wonten griyanipun Ningsih. Sabibaripun dipuntilar wonten ing Jakarta sakulawarga ngrembag perkawis lamaran malih. Wonten kahanan menika Bu Lik ngetingalaken boten simpati kaliyan Bapanipun Ningsih.</p>	<p><i>Maksim Simpati</i></p>	<p><i>Direktif:</i> Panglembana Boten ngajeni dhateng lawan rembag Saperangan wonten tuturan ingkang ngece</p>
19	<p>Pak Lik: Nang Jakarta kok oleh, coba nek dinikahne karo Spto, kewajibane dhewe dadi wong tuwa rampung</p>	<p>Prastawa menika kadadosan wonten giyanipun Ningsih. Sabibaripun dipuntilar wonten ing Jakarta sakulawarga ngrembag perkawis lamaran malih. Wonten kahanan menika Pak Lik ngetingalaken boten simpati kaliyan</p>	<p><i>Maksim Simpati</i></p>	<p><i>Direktif:</i> Paring pitutur. Boten ngajeni dhateng lawan rembag</p>

		tiyang sepuhipun ingkang sedhah dipuntilar Ningsih.		
20	Bu Lik: Mpun Mas Sapto, dilaleke mawon, jodho niku boten mesti, boten usah di arep-arep.	Prastawa menika kadadosan wonten wonten griyanipun Ningsih. Nalika Ningsih sampun bidhal Jakarta, Mas Sapto sowan wonten griyanipun Ningsih. Wonten papan menika Bu Lik ngetingalaken boten simpati kaliyan Mas Sapto ingkang taksih tresna kaliyan Ningsih.	<i>Maksim Simpati</i>	<i>Direktif:</i> Paring Pitutur. Boten ngajeni dhateng lawan rembag Saperangan wonten tuturan ingkang ngece
21	Bocah-bocah: Sapto kenthir...sapto kenthir ra sido rabi	Prastawa menika kadadosan nalika wonten Mas Sapto ingkang nyepengi boneka sinambi bayangaken boneka menika Ningsih. Lajeng wonten pinten-pinten lare-lare ingkang ngece dhateng Mas Sapto amargi ngetingalaken sampun boten saras.	<i>Maksim Simpati</i>	<i>Direktif:</i> Panglembana Boten ngajeni dhateng lawan rembag Mendel kemawon nalika lawan rembag pikantuk memala Saperangan wonten tuturan ingkang ngece

Seratan Wicantenan Film Calon Bini

Kepala sekolah paring wara-wara dhateng para siswa bilih Ujian Nasional saha Ujian Sekolah menika siswa lulus sedaya.

Ningsih : “Lulus Kabehhh...lulus kabehh” (ekspresi remen kalliyan kanca-kanca sekolah)

Kepsek : “Sek..sek..Heh..heh..heh..tenang, tenang. Aja lali seragam baju kalian harus disumbangkan kepanti asuhan”

Kepsek: “Aduh iki bocah apa..apa ya”

Guru : “Le, klambimu dikek’ke kene”

Murid : “Masih bagus lho Bu kok disita lho”

Guru : “Rapapa arep tak ng ngepel”

Murid : “Ya Allah nggo ngepel”

Guru : “Ya gak ta, ibu becanda”

Wonten sekolah, ningsih dipunpenging dening salah satunggal siswa supados boten omah-omah rumiyin amargi badhe dipunlamar dening piyambakipun.

Kanca 1: “Ningsih, aja rabi ndisik aku meh nglamar dirimu” (sinambi cie-cie saking kanca sanesipun)

Nalika wonten siswa ingkang kawentar wonten sekolah dipunuwuni tapak asma wonten seragam sekolah, lajeng wonten siswa putri ingkang nanggapi kahanan menika.

Kanca 2: “Gayane kui lho, kok ana ya wedok bentukane kaya ngana,(sinis), lambene lho mencucu-mencucu monyong” (sinambi nirukaken)

Kanca 3: “Megal-megol mlakune (sinambi nirukaken). kok iso diarane poluler ya?”

Kanca 3: “Halah padahal ya tepos (sambil tertawa) nek dadai model apikan kita ta ya”

Nalika wangsul sekolah ningsih saha Kanca 2,2 mlampah wangsul lan keanggih kalian

Kanca 2: “Sesuk awak dhewe bakal kangen ya”

Kanca 3: “Hooh, Sesuk gari mikir sesuk arep kuliah nang endi”

Lajeng Mas Sapto nyaketi Ningsih sama kancanipun lan badhe ngendika nanging helmipun dereng dipuncopot rumiyin.

Kanca 3: “Arep ngapa ta Sapto ki”

Kanca 2: “Sirkus e teka”

Kanca 3: “Ngomong apa” (helmipun dereng dipuncopot dados anggenipun ngendika boten cetha)

Kanca 2: “Kowe ki ngomong apa ta, kui lho helm e di copot sek”

Papanipun wonten jembatan alit, Nalika mas sapto ngudha rasa dening ingsih ingkang sampun remen dhateng piyambakipun, lajeng malah nangis dipuntolak Ningsih

Mas Sapto: “*Ningsih setelah penantian 3 tahun lamanya maukah kamu menjadi istriku*” (sinambi maringaken sekar mawar)

Ningsih: “Mas Sapto, kowe arep ngapa wae, aku tetep wegah mas!!”

Kanca 2: “Sukur Mas Sapto (sinambi ngece), Wis ta, Mas Sapto wes to karo aku wae” (sinambi ngendot)

Mas Sapto: “Kowe ki sapa ta?”

Kanca 3: “Wes ta, karo aku wae. Aku ki ra kalah ayu karo Ningsih”

Mas Sapto: “Ora-ora, minggir kowe” (lajeng kecemplung lepen)

Nalika wekdal bengi Pak Lik Ningsih nampa telepon saking Pak Kades, sinambi rasan-rasan bakal pikantuk arta.

Pak Dhe: “Duit...”(sinambi nyepeng HP saha mesem2)

Nalika teleponan.....

Pak Lik: “Iya piye pak?”

Pak Kades: “Halah kowe ki lho..perkara remeh temeh ngana ra isa, huh...ngana arep njaluk jabatan seko aku,hayo embah,lha piye lah caramu..sing pnting kuwi Sapto karo Ningsih kudu dadi!!!, nek ra iso dadi ya baleke kabeh kui”

Nalika teleponan Pak Lik kaliyan Pak Kades, Sapto minangka putarnipun Pak Kades lajeng ngesot-ngesot dhateng bapanipun sinambi nangis lan nyuwun kalih Ningsih kemawon

Sapto: “Pokoke karo ningsih Pak, emoh karo liyane, tak cakot lho”

Kades: “Heh, ora edan kowe!!”

Bapak Ningsih: Pak Bu karo kowe Nah, iki awak dhewe kudu golek dina sing apik di enggo syukuran merga Ningsih wis lulus le sekolah, lha sawise lulus Ningsih njur...

Dipunsaut dening Pak Lik ipun Ningsih

Pak Lik: “Njur Rabi, kawin kowe Sih!! Hahh..gedhek-gedhek, mengko nek kelakon kawin, percaya karo Pak Lik kowe mesti manggut-manggut Sih”

Bu Lik: “Kaya aku ndisik”

Pa Lik: “Enak ta?”

Bu Lik: “Hooh”

Ningsih: “Mboten pak lik, ula mboten purun nikah riyin, ula pengen kuliah nek saged malah S2”

Pak Lik: “Kuliah!! (Ekspresi gumun)

Bu Lik: “Owalah sih-sih kowe kuwi wis S3, SD, SMP, SMA. Tak kandani ya Sih, kodrate wong wedok kuwi, sumur, dapur, kasur, kabeh iku isa mergo kulina. Percaya karo bulikmu (ngalem diri), iyo ra..iyo to?”

Bapak Ningsih: “Ora!!”

Pak Lik: “Dadi ditampa wae lamarane Sapto”

Bapak Ningsih: “Sapto???”

Pak lik: “Iya Sapto anake Pak Kades”

Pak Lik: “Kowe ki beja lho Sih, Sapto ben ora pati nggguanteng, ning nek dijak njagong ora ngisin-ngisini. Kabeh ngerti nek kuwi putrane Pak Kades”

Ningsih: “Kula dereng kepikiran nikah ta pak, tasih pengen nyambut damel, kersane gadhah arta ngge kuliah”

Pak Lik: “Ngapa?”

Ningsih: “Pun mboten jamane wong wadon boten kelakon gegayuhan, gegayuhan iku kudu duwur nembus langit”

Pa Lik: “Hahahaha, terus brukk!! Tiba...lara..ngana!!”

Ningsih: “Nggih mboten mungkin to Pak Lik, wong duwe gegayuhan iku duwe semangat mumbul terus”

Pak Lik: “Hehh (ngece) ngimpi kowe sih...ngimpi”

Ningsih: “Pak Lik boten nate gadhah gegayuhan dhuwur ta?”

Pak Lik: “Saiki ngene, keluargane Sapto ws siap kabeh lhoh, arep njaluk mas kawin pira, arep pesto pirang dina, kabeh manut kowe, apa panjalukmu”

Bu Lik: “aku njaluk emas ya”

Pak Lik: “Weshshshshh. Ya wes sepakat, Sapto karo Ningsih kawin ya”

Nalika semana Pak Lik pikantuk telepon saking Pak Kades, ngrembag Ningsih bakal kawin kaliyan Sapto nanging ngendikanipun bapanipun ningsih dipunsalah tampi dening Pak Lik, sajatosipun bapanipun Ningsih mangsuli pitakonan tiyang ingkang badhe mendhet wos menika...

Tiyang 1: “Pak dhe beras e smpun saegd dipunpendhet nggih?”

Bapak Ningsih: “Ya beres”

Nalika semanten Pak Lik Pikantuk telpon saking Pak Kades ingkang nyuwun pirsabab Ningsih rabi kaliyan Sapto.

Pa Lik: “Beres ta Pak, Mas kula sanjang, sedaya beres. Alhamdulillah beres ya”

Ningsih telponan kaliyan Sri

Ningsih: “Gelem-gelem banget...tapi saiki situasine angel..wes ndisik ya mengko ta kabari”

Ibu Ningsih: “Ibumu ki wis tua mung isa ndongake sing apik-apik ibu pengen uripmu kepenak ora kaya ibu bapakmu sing isane macul. ibu pengen uipmu mulya nduk”

Ningsih: “Mboten usah dadi jodone Mas Sapto kula tetep nyenengke bapak lan ibu (sinambi nangis rangkulan ibu) kula mboten badhe ngaboti bapak lan ibu bab kuliah, nyuwun dongane mawon”

Ibu Ningsih: “Ya wes”

Nalika iku wonten ibu-ibu lan simbah ingkang saweg nangis mergane Ningsih bidhal jakatra lajeng Pak Kades rawuh kaliyan garwanipun saha Sapto

Pak Kades: “Assalamualikum”

Mas Sapto: “Lha iki pada ngumpul iki dha ngenteni aku ta?”

Warga: “Ngenteni napa e mas?”

Mas Sapto: “Lho kan arep dodok lawang nggo ningsih (lamaran). Lamaran to?”

Simbah nangis.....

Pak Kades: “Onten napa Bu?kok malah nangis ta Bu, onten napa Bu?”

Mas Sapto: “Wes to Mbah ra sah cengeng, mestine sampeyan seneng, piye ta”.

Warga 1: “Lha Pak Kades menika napa boten sumerep, Ningsih niku mpun bidhal teng Jakarta Pak”

Mas Sapto: “Hiehhhh, Ningsihhhhhh” (nangis)

Sasampunipun mireng Ningsih bidhal Jakarta, Mas Sapto banur enggal-enggal nyoyak Ningsih, ewasemana tiyang sepuhipun Ningsih saweg Ningsih dhateng stasiun.

Bapak Ningsih: “Ning ngene lho Sih, nek upama kowe gelem nang kene malah sawah kulon kae nggo kowe nek nang kene”

Ibu Ningsih: “Sawah sing kulon dudu dek’e dhewe”

BapaK Ningsih : “Ya sing wetan. Sing wetan”

Ibu Ningsih: “Nggone sapa?”

Bapak Ningsih: “Lha sawahe deewe sing ndi?”

Ibu Ningsih: “Wong sawah ngontrak kabeh, dewe ra nduwe sawah”

Bapak Ningsih: “Hooh po?”

Nalika menika Mas Sapto ingkang kesusu ngoyak Ningsih wonten stasiun ngampil motor wonten bingkil.

Mas Sapto: “Stasiun ya!”

Tukang Bengel: “Tapi iki....”

Mas Sapto: “Wes pira wae tak bayar, aku anak lurah”

Nalika nitih motor, wonten bapak-bapak ingkang nembe saking sabin lan ngalangi dalane Sapto saenggo nyemplung sabin

Mas Sapto: “Hehh.miggir...!!!! Jiahh edan, kowe kok ra ngmong nek rem e ki blong, jangkrik!!!”

Nalika Ningsih sampun minggah kreta....

Ibu Ningsih: “Ati-ati ya Sih jaga diri ya...”

Ningsih: “Nggih Bu”

Bapak Ningsih: “Sing tatag ya atine”

Tukang Tiket: “Tiketmu mana?”

Mas Sapto: “Rapapa mas, aku anak lurah”

Ningsih pamitan kaliyan kancanipun...

Kanca 2/3 : “Aja lali karo aku Sih”

Nalika nitih sepur, Mas Sapto ngoyak dumugi kreta bidhal..

Mas Sapto: “Ningsih... enteni aku Ningsih...”

Sabibaripun nagnter ningsih bapa lan ibu nitih dokar, lajeng kepanggih kaliyan Pak Lik saha Bu Lik

Pak Lik: “Mass...masss...maas!!!”

Bapak Ningsih: “Mandeg....mandeg...mandeggg....”

Ibu Ningsih: “Bablas!!!bablas!!”

Bapak Ningsih: “Mandeg...mandeg mandeg!!! Sek ta...”

Pak Lik: “Mas piye ta mas hah...”

Bapak Ningsih: “Apa ta?”

Pak Lik: “Jarene wingi beres”

Bapak Ningsih: “Apa ta kuwi?”

Pak Lik: “Anakmu, Ningsih”

Ibu Ningsih: “Anaku wis minggat ming Jakarta, ngapa?”

Pak Lik: “Hah, Ningsih ng Jakarta, modhyar aku!!!!”

Pak Lik: “Aku ws nampa DP seko Pak Kades”

Bu Lik: “Wis tak tukoke emas”

Pak Lik: “Piye ta mas?”

Ibu Ningsih: “Urusanmu, bablas!!”

Pak Lik: “Mas..mass!!!”

Ibu Ningsih: “Urusanmu!!”

Dipuntilar Ningsih, kahanan Mas Sapto saya dinten saya boten karuan, malah nagntos micara piyambak sinambi ningali fotonipiun Ningsih.

Mas Sapto: “Lara atiku sih tapi aku janji aku akan selalu setia kepadamu, tak enteni kowe mulih”

Sabibaripun kepanggih kaliyan Bapak lan Ibu Ningsih, Pak Lik nmpa telpon saking Pak Kades

Pak Lik: “Inggih Pak”

Pak Kades: “Kowe aja sembrono lho iki, aja mblenjani kowe, bocahe wes linglung, isa edan lho iki”

Pak Lik: “Bukane sampun gila pak? Halo Pak..Pak,, sinyal elek Pak...Haloo...”

Sabibaripun dipuntilar N ingsih wonten Jakarta kahanan bapak ibu suraos sepi amargi dipuntilar lan Ningsih dereng maringi kabar.

Bapak Ningsih: “Kowe ki ngapa ta?”

Ibu Ningsih: “Ningsih kebangetan Pak, suwe ra ngabari”

Bapak Ningsih: “Ya mbok menawa nang kono repot, nang Jakarta i ribet”

Pak Lik: “Nang Jakarta kok oleh, coboa nek dinikahne karo Sapto, kewajibane dhewe dadi wong tuwa rampung”

Bapak Ningsih: “Crigis!!”

Bu Lik: “Hooh mas, malah sampeyan wes sugih saiki, lemah e neng endi-endi, malah lemah kuburan wes isa dicepake saiki”

Bapak Ningsih: “Nggo ngubur kowe kuwi!! “

Tukang Pos: “Pak Maryadi?”

Bapak Ningsih: “Nggih”

Tukang Pos: “Niki wonten paket Pak nggih”

Bapak Ningsih: “Nggih matur nuwun”

Ibu Ningsih: “Surat Pak?”

Bapak Ningsih: “Ya iya, ap kaya ngene duit”

Bapak Ibu ningsih pikantuk kiriman foto saking ningsih nalika naymbut damel wonten dalem ingkang magrong-magrong.

Ibu Ningsih: “Buka Pak...”

Mbah Kakung : “Duit??”

Bapak Ningsih: “Mboten”

Ibu Ningsih: “Iki sapa ta pak?”

Bapak Ningsih: “Pegawene ketoke”

Pak Lik: “Ningsih sugih”

Bu Lik: “Wis sugih saiki”

Pak Lik: “Saiki tata-tata tak sewake trek, budhal nang Jakart”a

Wekdal ndalu sapto sowan dhateng dalem e Ningsih

Mas Sapto: “Wara-wara wara-wara bapak ibu sedaya sakmenika kula ngelingaken malih manten kula kalih Ningsih pun sedilit malih, dados mangga dipersiapken apa yg perlu dipersiapken”

Pak Lik: “Ngeten Mas Sapto, nek ningali kahanan sing molah malih ngeten niki, rencana pernikahan iku dibatalke mawon”

Bu Lik: “Mpun Mas Sapto, dilaleke mawon, jodo niku boten mesti, boten usah di arep-arep”

Mas Sapto: “Aduh gusti. Loro ati..tak kandake bapak kowe!!”

Bapa, Ibu lan sedaya kulwarganipun ningsih lajeng tindak wonten Jakarta badhe kepanggih ningsih.

Ningsih: “Mbah kakung pundi mbah?”

Mbah Putri: “Kae lho, mbah mu kae malah kepiye, nang pager kae lho”

Bapak Ningsih: Lho kok temangsang ki piye ta. Aku ki mau yo menek wong ra isa bukak lawang.

Bapak Ningsih: “Mlumpat Mbah..mlumpat...”

Satpam: “Kok bisa kaya gini”

Bapak Ningsih: “Aja wedi, aja wedi, mlumpat wae Mbah”

Sabibaripun ningali simbah kakung temangsang wonten pager, lajeng Ningsih semapat.

Bapak Ningsih: “Awak kaya tangki”

Ibu Ningsih: “Iki potret e sapa e?”

Bapak Ningsih: “Paling sing duwe omah biyen. Apa ya fotomu Sih sing dipasang, masa fotone wong liya sing dipasang”

Pak Lik: “Ningsih, suwun ya....., tak nggo ngepet” (sainambe mbeta piranti elektronik)

Bu Lik: “*Nanti aku yang jaga lilinnya*”

Nalika wonten omah magrong-magrong menika kulawarga Ningsih kepanggih keliyan satpam lan batur wonten dalem menika.

Pak Lik: “Wah...hebat, calone Ningsih kades”

Bu Lik: “Pak Kades”

Nalika wonten dalem ingkang kangge nyembut damel ningsih, Pak Lik pikantuk telepon...

Pak Lik: “Apa Pak, aku nang Jakarta, omah ponakanu, omah e gedhe banget”

Bapak Ningsih: “Edyan tenan saiki, omahmu edyan tenan!!!, sing jenenge omah gedhong magrong-magrong ya iki”

Lajeng kanca batur wonten dalem mriku medal ningali kahananing kang rame.

Bapak Ningsih: “Eh..ehh..ehh iku baturmu to, sisan gaweke kopi ora nganggo gula, ke’i uyah sithik. Nggo ngilagi masuk angin yaa, kana-kana..wahh baturmu ayu”

Ibu Ningsih: “Iku sapa ta wung tuwa?”

Bapak Ningsih: “Ikiiii!!!iki lho, kuwi sing duwe omah lawas sing dituku Ningsih, sadurunge dhewek e entuk omah meneh, iki disilahi kamar karo Ningsih engko nek wes entuk omah dek’e lagi pindah, anakmu rak ampuh to??Ampuh kowe!!!”

Wekdal ndalu kahanan dalem e majikan Ningsih dados rame amargi kulawarniun Ningsih ngawontenaken syukuran. Lajeng Si Mbah wonten dalem menika medal mirsani kahanan menika.

Bapak Ningsih: “Sing masak iki ya ibu iki sing pinter, iki dicokot tekan lambe ngarep ki iwak e mlayu dhewe, saking pinter e le masak, sesuk nang desa kon ngaweke”

Ibu Ningsih: “Mangga, dipunsakecakaken”

Nalika sampun sami tilem, wekdal enjing majikan Ningsih kondur saking manca. Ningali kahanan boten aruan wonten dalem, majikanipun Ningsih suraos nesu.

Ningsih: “Pak tangi pak tangi!!, kok sare teng mriki Pak”

Bapak Ningsih: “Aku le turu lagi isuk mau lho nok”

Ningsih: “Mbah, mbah, mbah lanang tangi mbah. Ayo mbah”

Lajeng, kulawarnipun Ningsih kepanggih kaliyan majikanipun Ningsih inggih menika Bu Andini kaliyan garwanipun Pak Prawira

Bapak Ningsih: “Wehhh sapa kowe?”

Bapak Majikan: “*Apa yg kamu lakukan sama rumahku ini?*”

Bapak Ningsih: “Heh dull kowe ki spo? (Nantang). Gethak-gethak anakku sing duwe omah iki, sapa kowe? Hah!!”

Ibu Majikan:” *Bapak, bapanya Ningsih?* “

Bapak Ningsih: “Nek iya ngapa, njur ngapa?”

Bapak Ningsih: “Genaeh ki piye? Genaeh ki piye hah?(nesu)”

Mangertosi bilih Ningsih menika namung batur, bapanipun Ningsih kuciwa lan nyuwun pangapunten dhateng majikanipun Ningsih. Ananging Ningsih malah dipunpecat.

Bapak Ningsih: “Dadi kowe ng kene mung batur? Mung batur??marah.Wangsulana, wangsulana ndisik!!!”

Ningsih: “Njih pak bu kula namung batur daleme Pak Prawira kaliyan Bu Andini”

Bapak Ningsih: “Ming batur???? Matekk!!!”

Sabibaripun dipunpecat Ningsih sakulawarga lajeng kondur. Wonten dalem Mas Supto sampun wonten griyanipun Ningsih

Mas Supto: “Ningsih, ningsih.. piye kabare?”

Ibu Ningsih: “Sekedhap ya Mas”

Mas Supto: “Njih Bu. Tak enteni Sih. Rongsasi wae aku iso, apa meneh sewengi”

Pak Kades: “Sukses ta?”

Pak Lik: “Alhamdulillah”

Pak Kades: “Ya syukur”

Pak Lik: “Ketingal e Supto-Ningsih jodho”

Pak Kades: “Wangun-wangun”

Pak Lik: “Nyuwun sewu Pak Kades, kula butuh hp anyar, iki wis busuk”

Pak Kades: “Lha iya, isin-isin, hp kok jadul”

Pak Lik: “Nganu Pak Kades Tut..tut.tut.. *yang pencet-pencet itu*”

Pak Kades: “Golek sing anyar sing paling canggih”

Pak Lik: “Supto hebat!!!”

Ningsih: “Saking wingi pak badhe ngaturi pirsa Bu, Ningsih ngirim foto niku, mboten pamer bu, ming kula seneng le angsal gawean neng omah magrong-magrong”

Pak Lik: “Kakehan gaya kowe, dadi batur we bangga”

Ningsih: “Teng foto niku kula mboten ngertos napa-napa malah sami tindak mrika”

Pak Lik: “Ohhhh...kowe ra gelem,,kowe isin sing teko wong desa ngana!!!”

Bapak Ningsih: “Cukup. Metu seko omahku!”

Pak Lik: “Lho....”

Bapak Ningsih: “Minggat!!!”

Pak Lik:”Kok sampeyan nesu mas, anakmu mas, ngirim foto, omah magrong2, jebule batur!!”

Bapak Ningsih: “Aku aro bojoku ki cen wong bodho ora sekolah, ning mripatku ora picek, kupingku ora budeg”

Nalika kiriman foro kala wingi, Pak Lik saha Bu Lik sampun damel rencana kangge nyuwun arta kangge nyalon kades dhateng Ningsih.

Bu Lik: “Sisan njaluk duit karo Ningsih ya di nggo nyalon Kades”

Mangertosi sipatipun Pak Lik, lajeng Bapanipun Ningsih nesu-nesu

Bapak Ningsih: Pikranmu wes pindah nang dengul pa Gung?Merga kowe kepingin dadi Kades, Ningsih arep tok korbanke?hooh?Ningsih ki ponakanmu Gung, kowe i adiku ngerti ora?Mikir!!!mikir gung!!!

Bu Lik: “Mas sama Mbak Yu ki di jak sugih kok ya ra gelem, ya ben mlarat wae terus (nyindir)”

Ibu Ningsih: “Rapapa aku mlarat!!!aku ndak isin anaku batur tinimbang uripmu ngoyak dunya ndak kesampean”

Bu Lik: “*Punya modal anak perempuan mbok ya dikaryakan..jangan Cuma.....*”

Ibu Ningsih: “Pakkkkkk!!!”

Bapak Ningsih: “Sari, aja waton njebles conthongmu!!! Arep nyiram aku??arep nyiram aku!!!”

Ibu Ningsih: “Minggat!!!”

Sabibaripun konflik wonten pirembagan bab Sapto kaliyan Ningsih.

Ibu Ningsih: “Ningsih: Piye to ki malah saya ora karuan”

Bapak Ningsih: “Udah-udah, pokoke aku arep nampa lamaran e Sapto, biar kamu ora kakehan ngimpi”

Ningsih: “Pak kula boten purun nikah kalih Sapto”

Ewasemanten kanca putranipun Pak Prawira kaliyan Bu Andini sowan wonten desanipun Ningsih kangge pepanggihan kaliyan tiyang sepuh Ningsih.

Kanca 2: “Iki....iki pangeran tenan iki”

Kanca 3: “Ningsih..ningsih kudu ngerti...Ningsiiiihhhhh”

Bapak Ningsih: “Kono mau uwes wis tak sebari, kulone lho, kulone durung”

Nalika wonten griya.

Bapa Ningsih: “Sapa ya?”

Ningsih: “Iki Mas Satria?*Saya inget dari foto, ada apa mas?ada perlu sama saya?*”

Mas Satria: “Aku ingin mengobati sayapmu, bahkan kalo perlu aku akan pinjamkan sayapku untukmu”

Bapak Ningsih: “Sampeyan, *pergi wae ya, tinggalkan rumah ini*”

Dinten lamaran Sapto kaliyan Ningsih sekedhap malih tabuh, Pak Kades saha Bu Kades kaliyan Mas Sapto tindak wonten dalemipun Ningsih.

Bu Kades: “Kelingan rikala awak dhewe mbiyen ya, ning saiki nganten e Sapto lho”

Pak Kades: “Lha sapto ne endi?iya ya, lha bocah e nndi to?Tooo Saptooo”

Mas Sapto: “Pak....!!!! kula malah ditinggal sih”

Pak Kades: “Ayo cepet!!!Kaya ngana njaluk rabi”

Wonten dalemipun Ningsih...

Pak Lik: “Nek ngene rak penak ta, sampeyan iso duwe sawah, ora perlu nggrap sawah e wong liya”

Bu Lik: “Iya mas, sampeyan njur iso tuku montor anyar kurang apa?ya ra?”

Bapak Ningsih: “Karepmu!!!!”

Ningsih: “Bu kula mboten purun Bu”

Ibu Ningsih: “Sabar ya Sih”

Ningsih: “Kula janji pun boten teng Jakarta malih, ning kula kuliah riya nggih Bu”

Bu Lik: “Wis teka”

Nalika kulwaragnipun Mas Sapto sampun wonten dalemipun Ningsih.

Pak Kades: “Ra sah pecicilan sing sabar”

Pak Lik: “Mangga”

Pak Lik: “Bismillahirrahmanirrahim, sugeng siyang para sederek dinten menika kita makempal sesarengan supdos langkung raket padeduluran”

Mas Sapto: “Pak Lik dicepetke malih”

Pak Lik: “Kangge tetenger lamaran, mangga cincin kawinipun dipunpasangaken”

Mas Sapto: “Pak Lik kula pengin langsung nikah mawon kula mpun beta penghulu, Pak Naim?”

Penghulu: “Nggih”

Mas Sapto: “Kok teng mriku ta, acarane teng mriki”

Panghulu: “Oh teng mriku ta”

Mas Sapto: “Ha nggih, kok malah teng mriku”

Penghulu: “Tepangaken”

Mas Sapto: “Wes mboten usah tepangan, mpun tepang niki”

Penghulu: “Mangga diunjuk, kula ngunjuk dhewe”

Nalik acara lamaran Mas Sapto kaliyan Ningsih, Lajeng Satria minangka putra majikanipun Ningsih rikala wonten Jakarta rawuh kalia kulwarganipun badhe nglamar Ningsih malih..

Mas Satria: ”Assalamualaikum”

Ningsih: “Mas Satria, Omah”

Omah: ” *Itu Ningsih Balon Binimu* ”

Mas Sapto: “Ora bisa, aku dikik, iya ta Pak?”

Pak Kades: “Piye ta iki, karep e apa iki”

Mas Sapto: “Emangnya lu bawa berlian berapa karat?”

Satria: “Saya ga bawa cincin tapi saya bawa ini (sepatu)”

Mas Sapto: “Hah...edyan cincine gedhe Pak”

Pak Kades: “Paling mung kotak tok”

Mas Sapto: “Ya ora bisa, Ningsih jodoku, ya kangmas mu iki, sing gagah perkasa lan sugih”

Ningsih: “Pak Bu, angsal ta kula bahagia?”

Bapak Ningsih: “Entuk..kudu”

Pak Kades: “Iki piye iki?”

Bapak Ningsih: “Dadi kula boten ngerti perkarane lho Pak”

Pak Kades: “Aja macem-macem karo aku kowe ya!!”

Mas Sapto: “Kاملeng mawon Pak”

Pak Kades: “Awas kowe ya, sertifikat tanahmu ora bakal tak tandatangani”

Bapak Ningsih: “Beda perkara niku Pak Kades”

Pak Kades: “Akta keluargamu tak obong!!! Tanganku iki wes suwe lho ora nempiling cangkem e wong tuwa sing mrongos!! Bubar!!! Ayo mulih!! Bubar!!!!”

Sabibaripun adicara lamaran menika boten sios, Mas Sapto malah dados boten cetha gesangipun.

Bocah-bocah: Sapto kenthir...sapto kenthir ra sido rabi(ngece)

-----**TAMAT**-----